**O’zbekstan Respublikası Joqarı h’a’m worta arnawlı bilimlendiriw ministrligi**

**Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**

**Magistratura fakulteti**

**Aytjanov Jambıl**

# Qaraqalpaqlardin’ diniy estelikleri ha’m da’stu’rleri (xviii-xix a’sirler)

Qa’nigelik 5A220201 - O’zbekstan tariyxı

O’zbekstan tariyxı magistri da’rejesin alıw ushın usınılg’an

**DİSSERTATsİYa**

Magistrlik disertatsiya «O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan tariyxı» kafedrasında ko’rip shıg’ıldı h’a’m qorg’awg’a usınıldı
Kafedra baslıg’ı :________________ dots:J.Hakimniyazov
«______»____________2012 jıl.

İlimiy basshı: ______________ t.i.k. dotsent Ha’kimniyazov J.
İlimiy ma’sla’hatshi: __________ t.i.k dotsent G’.Xojaniyazov.

No’kis-2012.

**JOBASI:**

**Kirisiw……………………………………………………………….3-6.**

**I-Bap Qaraqalpaqlardın' diniy da'stu'rleri h'a'm isenimleri……..7-23**

**II Bap. Diniy esteliklerdin' tu'rleri**

**2.1 Gu'mbezler, qoy tas h'a'm besik tas, oba………………………24-40**

**2.3. Sıyınıw orınları h'a'm meshit medreseler………………………41-72**

**Juwmaqlaw……………………………………………………………73-75**

**Paydalanılg'an a'debiyatlar…………………………………………76-79**

**Qosımshalar…………………………………………………………80-86**

# Kirisiw

**İzertlewdin’ aktualıg’ı.** O’zbekstan Respublikası o’z ga’rezsizligine eriskennen keyin, tariyx iliminin’ rawajlanıwına ken’ mu’mkinshilik tuwıldı. Sonın’ ushın da O’zbekstanda h’a’m suverenli Qaraqalpaqstanda o’z xalıqlarının’ o’tken bay tariyxın, ma’deniyatın, u’rp-a’det da’stu’rlerin u’yreniwge ayrıqsha kewil bo’linbekte.

Prezident İ.A.Karimov İmam al-Buxariy h’a’m Axmed al-Ferg’aniy esteliklerinin’ kompleksin ashıw ma’jilisine qatnasqanda, bul O’zbekstan topırag’ınan shıqqan, islam du’nyasında u’lken iz qaldırgan, o’z o’mirlerin ag’artıwshılıq h’a’m ilimge bag’ıshlap, ja’h’a’n ma’deniyatına u’les qosqan babalarımızdın’ tariyxın teren’ u’yreniw ma’selelerin qoyg’an edi.

Bunday muqaddes jaylar, diniy estelikler A’miwda’ryanın’ to’mengi alabında, Xorezmde de bar. Al-Xorezmiy, al-Beruniy, al-Kerderiy, Xoja-Axmed Yassauiy, Ha’kim ata Baqırg’aniy h’.t.b. alımlar, ag’artıushılar, filosoflar, shayır, tariyxshılar musılman ma’deniyatının’ rawajlanıwına u’lken u’les qosqan.

Orta Aziyanı arablar jawlap alg’annan keyin, bizin’ xalqımızdın’ aymag’ına, islam dini h’a’m musılman ma’deniyatı ken’nen taraladı.

Arablardın’ jawlap alıwı menen bizin’ xalqımız Arab xalifatı quramına kiredi. Orta Aziya sonın’ ishinde O’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan xalıqlarının’ turmısında, da’stu’rlerinde, ruwxıylıq tarawında u’lken o’zgerisler kelip shıg’adı.

Temanın’ aktualıg’ı, sonnan ibarat Orta Aziya xalıkdarına islam dininin’ h’a’m musılman ma’deniyatının’ taralıwı menen bizin’ xalkımızdın’ siyasiy sotsiallık-a’konomikalık, ma’deniy ruuxıy turmısında, u’rp-a’det da’stu’rlerinde u’lken o’zgerisler kelip shıg’adı.

Xalqımızdın’ diniy da’stu’ri, u’rp-a’detleri, o’lini jerlew da’stu’rleri de o’zgeredi. Diniy estelikler tu’rlerine meshit-medreseler, xanako, namazgoh’, maxbara, qulpıtas, besiktas, qoytas h’.t.b. kiredi. Mine, VII-VIII a’sirlerden

berli, o’zbek h’a’m qaraqalpaq xalıqları sol da’wirlerde ken’ taralg’an da’stu’rler menen jasap kelmekte. Jumısımızda qaraqalpaqlardın’ XVIII-XIX a’sirlerdegi diniy estelikleri h’a’m olarg’a baylanıslı da’stu’rleri jazıladı. Keleshekte, A’muda’ryanın’ to’mengi deltasında ashılıp izertlenip atırg’an, XVIII-XIX a’sirlerge tiyisli musılman qa’biristanların u’yreniw, olardı tariyxıy jaqtan ta’riyplew baslı ma’sele boladı.

Bul ma’selelerge G’. Xojaniyazov, O. Yusupov, X. Esbergenov, M. Qarlıbaev, J. Ha’kimniyazovlar o’z miynetlerin arnadı.

1999-jılı J.Ha’kimniyazov „X-XV a’sirlerde Xorezmnin’ ja’miyetlik-sıyınıw memoriallık kurılısları" degen temada kandidatlıq dissertatsiyasın jaqladı[1]. Al bunnan son’g’ı da’wirlerde a’sirese XVIII-XIX a’sirlerdegi diniy estelikler ayrıqsha izertlewdi talap etedi.

**İlimiy izertlewdin’ tiykarg’ı wazıypası.**

- Qaraqalpaqlardın’ diniy estelikleri h’a’m olarg’a baylanıslı da’stu’rleri boyınsha, a’debiyatlarda jazılg’an h’a’m izertlengen materiyallardı ko’rip juwmaq shıg’arıw.

-Qaraqalpakstan tariyxshı arxeologlarının’ U’stirt, Mizdaxkan, Qırantaw h’a’m A’miwda’ryanın’ to’mengi alabındag’ı h’a’r bir qoyımshılıqlardag’ı diniy esteliklerdin’ tu’rleri boyınsha, a’sirese, musılman qa’birstanlarının’ taralıwı boyınsha materiallardı qarap shıg’ıw h’a’m usılar tiykarında ilimiy juwmaq shıg’arıw.

-Orta Aziya regionında bul esteliklerdin’ ornın anıqlaw.

**İzertlewdin’ tiykarg’ı bazası.** Bul jumısımız 1968-2003-jıllar aralıg’ında O’zbekstan İlimler Akademiyasının’ Qaraqalpaqstan bo’liminin’, tariyx, arxeologiya h’a’m etnografiya institutının’ arxeologiya bo’liminin’, Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq Ma’mleketlik Universiteti arxeologlarının’ Mizdakxanda alıp barg’an ekpeditsiya materiallarınan tabılgan materiallar tiykarında X.

[1] J.X.Xakimniyazov. Obshestvenno- kultovıe memorialnıe soorujeniya Xorezma X-XV vv. Samarkand, 1999.

Esbergenovtın' Qon'ırat tariyxıy h'a'm ma'deniy estelikler (1993), G'. Xojaniyazov h'a'm O. Yusupovlardın' „Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar" (1994), G'. Xojaniyazov h'a'm J. Ha'kimniyazovlardın' «Qaraqalpaqstannın' a'jayıp jeti esteligi» (2004) h'. t.b. miynetlerden paydalandıq.

**İlimiy a'hmiyeti:** A'miwda'rya deltasının' alabında, musılman ma'deniyatının' taralıwın, birinshi ret ilimiy jaqtan diniy estelikler tu'rleri h'a'm olarg'a baylanıslı da'stu'rler tiykarında jazılıwı.

**A'meliy a'hmiyeti:** Bul tema materialların Qaraqalpaqstan tariyxın jazg'anda, arnawlı kurslardı oqıg'anda lektsiyalarda turizmde h'a'm muzeylerde paydalanıwg'a boladı.

**Jumıstın' ja'riyalanıwı:** Bul jumıs h'aqqında ilimiy juwmaqlar Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universitetindegi jaslardın' ilimiy- teoriyalıq konferentsiyasında (2011-2012) bayanat islendi. İlimiy maqalası O'zbekstan İlimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bo'liminin' «Qaraqalpaqstan jas ilimpazlarqnqn' XII ilimiy konferentsiyasında» (2012) ja'riyalandı.

**Jumıstın' qurılısı:** Magistrlik jumıs kirisiw, eki baptan, juwmaklaw, suwretler h'a'm a'debiyat bibliografiyasınan ibarat.

Qaraqalpaqlardın' o'lini jerlew da'stu'rlerine baylanıslı bolg'an urıwlıq h'a'm diniy qaldıqlarında o'lige tabınıw, ata-babalarg'a tabınıwshılıq h'a'm olarg'a baylanıslı bolg'an diniy isenimler ken'nen tarqalg'an.

Orta Aziyanın' basqa da musılmanları sıyaqlı, dinge iseniwshi qaraqalpaqlar o'lini juwıw da'stu'rin musılmanshılıqtın' belgisi dep esaplag'an.

Qaraqalpaqlarda orın alıp kelgen qa'bir u'sti qurılısların: «jay», «u'yshik» dep ataydı, demek bulardın' atı tiri adamlardın' turaq jaylarının' atı menen ataladı. Bul qurılıslardın' formaları da qa'dimgi u'ylerge uqsas boladı.

Qa'bir u'stine maxbara tiklew da'stu'ri Orta Aziyada IX-XI a'sirlerden baslanadı. Bunday maqbaralar U'stirtte gu'mbez tu'rinde saqlang'an.Maxbaralar menen bir qatarda marxumlardın' qa'birlerine h'a'r qıylı estelik belgiler ornatılg'an. Jergilikli otırıqshı xalıq olardı qulpı tas, qoy tas, besik tas h'.t.b. tu'rlerge bo'ledi. Qulpı tas bul marxumnın' atı, jo'ni, tuwılg'an h'a'm o'lgen

jılları, urıwı jazılıp, tamg'ası salınıp tik boyına qoyılatug'ın estelik belgi bolg'an. Aziyada bunday qulpı taslar VII-VIII a'sirnen belgili. Qaraqalpaqstan aymag'ında bunday qulpı taslar erte zamanlardan baslap ornatılg'an. Lekin bizin' ku'nimizge shekem son'g'ı XVI-XIX a'sirlerde ornatılg'an qulpıtaslar saqlanıp jetken. Eski qulpı taslardı U'stirttegi qoyımshılıqlarda ushıratıwg'a boladı. Bul qulpıtaslarda h'a'r qıylı nag'ıslar, arba, oramaldı alqımnın' astınan ushın qayırıp tartqan h'ayal-qızlardın' suwreti, sonday-aq arab h'a'ribi menen jazılg'an jergilikli tildegi jazıwlar bar. «Qoy tas» jergilikli xalıqlardın' aytıwınsha jas balalardın' qa'birine qoyılg'an. Sebebi qoy tas burınları tutas taslardan islengen. Qoy tas da'slepki da'wirlerde qoy ko'rinisin esletken.

Qaraqalpaqstan aymag'ı a'yyemgi da'wirden baslap bilimlendiriw, ilim oraylarının' biri edi. Sol sebepli bull aymaqta meshit-medreseler ken' tarqalg'an. Meshitler atqaratug'ın xızmetine qaray bo'linedi: ja'mi h'a'm juma namaz meshiti, qurban h'a'm ramazan h'aytlar meshiti-namazgoh', ishki yamasa ma'h'a'lle meshiti. Ja'mi meshitler xalıq ko'p jıynalatug'ın oraylıq orınlarg'a bazarlarg'a jaqın jerlerde ornalasqan. Meshittin' qubla diywalında meh'rabı, bir mu'yeshinde musılmanlardı namazg'a shaqıratug'ın minara-mezana bolg'an. Minarada azanaytıw da'stu'ri, payg'ambardın' Kaabag'a Hadjg'a barıp, muazzin (azanshı) pesin namaz shaqırtıwınan baslanadı. Sonnan baslap Kaaba qubla dep ja'riyalanadı. Meshitlerdin' ekinshi tu'ri namazgoh'lar esaplanıp tiykarınan olar qala h'a'm awıllardan sırttag'ı qoyımshılıq qaptalında qurılıp onda musılmanlardın' tiykarg'ı eki bayramı o'tkerilgen.

Oraylıq Aziyada sufizmnin' qa'liplesip rawajlanıwı menen baylanıslı tiklengen qurılıslarg'a xanakolar kiredi. Olardı xalıq arasında «qa'lenderxana» dep te ataydı. Xanakolar tiykarınan el arasında jaylasqan en' belgili qoyımshılıqlardag'ı u'lken ulamalardın' qa'birlerine, yamasa qa'dem jaylarg'a jaqın jerlerge qurılg'an.

# I Bap.QARAQALPAQLARDIN' DİNİY DA'STU'RLERİ HA'M İSENİMLERİ

**Keselleniwge baylanıslı diniy isenimlerdin' qaldıqları**. Qaraqalpaqlarda, al sonday aq geypara basqa da xalıqlarda ku'ta' eski islamg'a shekemgi diniy isenimler qaldıqlarının' bir ko'rinisi sonnan ibarat , olar adamnın' keselleniwi onın' ta'nin iyelep alg'an jin-shaytannın' h'a'reketinen kelip shıg'adı, sonlıqtan adamdı o'liminen saqlap qalıw ushın jin shaytanlardı onın' ta'ninen quwıp shıg'arıw kerek dep esaplag'an. Kesel adamnın' ta'ninen jin-shaytanlardı quwıp shıg'arıwg'a urınıwshılıq, mal, qoy, eshki, buzaw soyıp sadaqa beriw da'stu'rleri, al olardı soymastan burın kesel adamnan u'sh reet aylandırıp shıg'ıw da'stu'ri kelip shıqqan. Bull da'stu'rdi islegen waqıtta janın'a-jan sadaqa, yag'nıy keseladamnın' janın qaldır degen so'zler aytılatıg'ın bolg'an.

Balıqshılıq penen shug'ıllanatug'ın rayonlarda h'a'm basqa da sog'an jaqın geypara jerlerde awırıw adamnın' ta'ninen jin-shaytandı quwıp shıg'arıw ushın awırıwdı balıq penen (sazan menen) yamasa tawıq penen qag'atug'ın bolg'an[2].

Mine usınday emlew menen shug'ıllanatug'ın ta'wipler h'a'zirgi waqıtta da azlap ushırasadı. Orta Aziyada porxanlar a'yyemgi zamanda, islamnan burıng'ı waqıtlarda-a'q payda bolg'an. S.P.Tolstov porxanlar – «palkerler a'yyemgi sog'diylerde, skiflerde de bolg'an» dep ko'rsetedi. «Bular h'ayallarg'a uqsag'an er adamlar, olar h'ayallarsha kiyinetug'ın, h'ayallarsha so'yleytug'ın bolg'an h'a'm h'ayallar isleytug'ın jumıslardı orınlaytug'ın bolg'an»[3]. Oktyabr awdarspag'ına shekemgi Qaraqalpaqstanda porxanlardın' Sibirdegi shamanlardanayırması ku'ta' az bolg'an, al shamanlar yakutlar ienets, gold h'a'm basqa da Sibir xalıqlarının' turmısında og'ada ken'nen jayılg'an.

---

[2] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964.12-bet
[3] S. P. Tolstov. Drevnıy Xorezm, M. 1948. 324-bet

Awırıw adamnan jin shaytanlardı quwıp shıg'arıwdın' bunday h'a'r qıylı usılları Orta Aziyanın' h'a'm Qazaqstannın' basqa xalıqlarında da bolg'an. Qa'wipli kesel bolg'an jag'daylarda qırg'ızlar (qazaqlar ) qudaydın' jolına aq qoshqar soyadı, soymasatn burın ol qoshqardı awırıw adamnan u'sh reet aylandıradı h'a'm «mine sag'an jan ornına jan awırıwdın' janın qaldır degen so'zlerdi aytadı»-dep jazadı İ. İbragimov.[4]

**O'lige tabınıwshılıq**. Qaraqalpaqlardın' o'lini jerlew da'stu'rlerine baylanıslı bolg'an urıwlıq h'a'm diniy qaldıqlarında o'lige tabınıw, ata-babalarg'a tabınıwshılıq h'a'm olarg'a baylanıslı bolg'an diniy isenimler ken'nen tarqalg'an.

Basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaqlarda o'lige eki tu'rli qarag'an: birinshiden olar o'liden qorıqqan h'a'm usıg'an muwapıq h'a'r qıylı da'stu'rler h'a'm qadag'an etiwler payda bolg'an; ekinshi jag'ınan - o'lgen adam h'aqqında g'amxorlıq etiw, o'lgen adam ta'repinen o'zinin' shan'arag'ına h'a'm a'wladlarına qa'wenderlik etiwdi ku'tiwshilik. Biraq o'lini tek h'u'rmetlewden ko're onnan qorqıw basımıraq bolg'an. Adam o'lgennen keyin u'ydin' ishindegi h'a'mme azıq-awqatlardı h'a'm suwdı dalag'a shıg'arg'an, o'li jatqan u'yde u'sh ku'nge shekem awqat pisirmegen h'a'm jemegen, azıq-awqatlardı tuwısqanlardın' u'ylerinde h'a'm qon'sılarında saqlag'an, awqattı da solar pisirgen. Qaraqalpaqlardın' tu'sinigi boyınsha usının' h'a'mmesi o'lgen adamnın' denesinin' taza emesliginen islengen. Janı denesinen ajırap ketisi menen-aq o'linin' jatqan jeri h'a'm onın' jayı da'stu'r boyınsha tazartılg'ang'a shekem qol tiygiziwge bolmaytug'ın zat sıyaqlı bolıp qalg'an: musılmanlardın' diniy tu'sinigi boyınsha jan alg'ısh perishte -a'zırayıl o'lgen adamnın' janın alar waqıtta onı bazızlaydı emish, sonlıqtan jaydın' ishi dizeden keletug'ın qang'a toladı emish.[5]

Tap usınday u'rip-a'detler menen isenimler Orta Aziya, Qazaqstan h'a'm Sibir xalıqlarında bolg'an. Bunday u'rip-a'detlerdin' kelip shıg'ıwı

[4] İ. İbragimov. Etnograficheskoe ocherki kirgizskogo naroda, M. 1872. v P 149-str.
[5] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964. 22-bet

o’limnin’ sebebin h’a’m onın’ ta’biyiy ma’nisin bilmewshilkke, o’lgen adamnın’ denesinen qorqıwshılıqqa baylanıslı bolg’an.

A. Kochnevtin’ mag’lıwmatı boyınsha XIX a’sirde yakutlarda «birew o’lse sol semyanın’ ag’zaları u’yden shıg’ıp ketedi eken, o’ytkeni o’li menen birge u’yde jaman ruxlar payda boladı, olardan tek shamanlar g’ana sadaqa beriw arqalı u’ydi tazartıp alıwı mu’mkin»[6] dep oylag’an.

O’lgen adamnın’ denesin «on’ jaqqa» yamasa o’lini basqa bir jayg’a shıg’arıw, yag’nıy o’lgendi tirilerden ajıratıp qoyıw jo’nindegi burıng’ı qaraqalpaq da’stu’ri de o’lgen adamnın’ denesinin «taza emesligine» iseniw h’a’m o’liden qorqıw jo’nindegi da’slepki isenimlerge baylanıslı ekenligi so’zsiz. Bunday u’rip-a’det Orta Aziya menen Qazaqstannın’ basqa da xalıqlarında, Sibirde h’a’m basqa da jerlerde gezlesken.

Burın ko’plegen artta qalg’an xalıqlarda awırıw adamdı yamasa o’lini jatqan jerinde taslap ketiw a’deti de bolg’an. O’lgen adamdı jayında qaldırıp ketiw jo’nindegi a’yyemgi da’stu’r qaraqalpaqlarda biraz o’zgeriske ushırag’an h’a’m o’lini on’ jaqqa ko’shirip qoyıw menen sheklenip qalg’an. O’ytkeni sol ta’repte azıq-awqat saqlanatug’ın h’a’m awqat tayarlanatug’ın bolg’an. Bull zatlardın’ o’liden awlag’ıraq turg’anın maqul ko’rgen.

Qaraqalpaqlar u’ydin’ «on’ jag’ında» a’dette «taza emes» zatlardı qoyatug’ın bolg’an: on’ jaq bosag’ada er, toqım saymanlar jatqan. An’shılardın’ mıltıg’ı da u’ydin’ usı ta’repinde asıwlı turg’an, an’ awlaytug’ın quslar h’a’m tazı iytler de usı ta’epte bolg’an. Suwıq ku’nleri on’ jaq bosag’ada ılaq, buzawlar da turatug’ın bolg’an. Ju’kli h’ayaldın’ tolg’ag’ı baslanıwı menen-aq olardı u’ydin’ usı on’ ta’repine o’tkergen, o’ytkeni bala tuwg’an birinshi ku’nnen baslap qırıq ku’n dawamında ol h’ayal «taza emes» bolıp esaplang’an, onın’ to’segi bo’lek, o’zi azıq

[6] Sonda 23-bet

awqatqa aralaspawı kerek bolg'an. Bunday u'rip-a'det Orta Aziyanın' barlıq xalıqlarında da bolıp kelgen.

Solay etip a'yyemgi waqıtları adam o'lgen u'ydi yamasa jaydı taslap ketip qalatug'ın bolsa, keyinirekte o'lini tek azıq awqattan alıslatıp g'ana qoyatug'ın bolg'an. Bull da'stu'rlerdin' h'a'mmesi o'lgen deneden h'a'm onın' ruxınan qorqıwshılıq sezimine baylanıslı bolg'an.

Usınday qorqıw basqa da da'stu'rlerdi, o'lini juwıwdı, u'ydi h'a'm zatlardı tazartıw, o'lige qatnası bolg'an h'a'mme na'rselerdi tazalaw da'stu'rin tuwg'ızg'an bolıwı mu'mkin. Demek, bull da'stu'rler islam dininen ko'p burın h'a'm «musılman» emes xalıklarda da bolg'an.

**O'lini juwıw da'stu'ri**. Orta Aziyanın' basqa da musılmanları sıyaqlı, dinge iseniwshi qaraqalpaqlar o'lini juwıw da'stu'rin musılmanshılıqtın' belgisi dep esaplag'an. Haqıyqatındada bull da'stu'rdin' tu'p tiykarı o'lini tazalaw arqalı onın' denesin iyelep alg'an zıyanlı a'jiynelerdi quwıp shıg'ıw jo'nindegi a'yyemgi , islamg'a shekemgi da'stu'rlerden kelip shıqqan. O'lgen adamdı yamasa o'lip baratırg'an adamdı juwındırıw da'stu'ri Orta Aziya xalıqlarında g'ana emes, al Persiyada da ruslarda da, evreylerde de, Arqa Amerikanın' indeetslerinde de ushırasadı. Orta Aziya xalıqlarının' o'zleri de «a'jiynelerdi» jaman ruxtı, kesellikti quwıp shıg'aratug'ın em da'ri retinde suwdan paydalang'an[7].

Qaraqalpaqlarda o'lini juwıw da'stu'ri sıyqırlılıq h'a'reketlerge tolı. Mısalı o'lini juwatug'ın suwdı sonın' ushın arnalıp qoyılg'an ayırım qazannan g'ana alg'an. Bull suwdan h'esh kimnin' ishpewi kerek, birewlerdin' qa'telesip iship qoymawı ushın, ol suwdın' betine bir qısım paxta taslag'an. O'linin' astına to'seletug'ın qamıs yamasa basqa na'rse «juwg'ı» dep ataladı h'a'm juwıp bolg'annan keyin onı o'rtep jiberedi, al geypara waqıtları su'yekshiler juwg'ını arnawlı bir jerge aparıp taslaydı.

---

[7] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964. 24-bet

Usılay etip qaldırılg'an juwg'ıg'a jaqınlaw, onı uslaw awırıwg'a ushıratıwı yamasa o'ltiriwi mu'mkin dep esaplag'an.

O'lini juwıw ushın paydalanılg'an ıdıslar ıssı suw menen juwılıwı h'a'm ku'nnin' nurınatu'bi joqarı qaratılıp taslanıwı tiyis bolg'an. O'lini juwg'an waqıtta onın' suwı jıynalıwı ushın qazılg'an shuqırdı a'dette qaytadan ko'mip taslag'an h'a'm bull jerge tu'nde sham jag'ıp qoyılg'an. O'lgen adam jatqan to'sekti, o'lgen denege tiyip «h'aram bolg'an» kiyimlerdi ku'n, ay h'a'm juldızlardın' ta'siri menen tazartıw usılı da gezlesken; bunday «tazartıw» to'mendegidey bolg'an: o'linin' na'rseleri h'a'm qoyımshılıqtan qaytıp alıp kelingen zatlar (o'linin' u'stine japqan tawar, jip, beller, ketpenler h'a'm basqalar) tu'ni boyı dalada qaldırılg'an, a'dette olar u'ydin' to'besinde, juldızlar ko'rinip turatug'ın jerlerde qaldırılg'an. U'ydin' tutası menen basqa jerge ko'shirip qondıratug'ın waqıtlarda bolg'an, a'sirese o'lgen adam o'zinin' tuwısqanlarının' tu'sinde bir neshe ma'rte ko'ringen bolsa, usılay islenetug'ın bolg'an.

Qaraqalpaqlar o'lini juwıwg'a kimlerdin' qatnasqanın bilgisi kelse olar «kimler su'yegine kiripti» dep sorag'an, al geypara jerlerde o'lini juwg'an adamlardı «su'yekke engenler» dep atag'an.

Qazaqlar, o'zbekler h'a'm Orta Aziyanın' basqa da xalıkları sıyaqlı qaraqalpaqlar da su'yek dep o'linin' o'zin-onın' denesin tu'sinedi; bull so'zdin' ekinshi bir ma'nisi-adamlardın' qanı bir tuwısqanlıg'ın bildiredi. Qıtayda jasawshı qazaqlardın' joqlawları h'aqqında ayta kelip N. Katanov: olarda da o'lini su'yek dep ataytug'ınlıg'ın bildiredi. «Mısalı dep jazadı G. P. Snesarev,-o'lini qoyımshılıqqa aparıp jerlep kelgen onın' tuwısqan h'a'm jaqın adamları Orta Aziyanın' ko'p jerlerinde , atap aytqanda Tu'slik Xorezmde «su'yekshiler» dep ataladı».[8]

Geypara ayrım xalıqlarda o'liden qorqatug'ın bolg'anlıqtan o'linin' ayaqların sındırıw yamasa baylap taslaw da'stu'r bolg'an, usı u'rip-a'dettin' qaldıqları ta'jiklerde de gezlesken-olar o'lgen adamnın

[8] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964. 25-bet

ayaq-qolların tuwırılap, ayaqlarının' bas barmaqların baylap qoyg'an. Qaraqalpaqlarda usı isenimge baylanıslı bolg'an an'ız bar, bull an'ızg'a muwapıq a'yyemgi zamanlarda qaraqalpaqtın' ata-babaları o'lini jerlewden qaytıp kiyatırg'anda o'lgen adamnın' ruwxı jol mene nizine qaytıp kele almawı ushın o'zlerinin' izlerin shen'gel menen sıpıratug'ın bolg'an. O'li aldında bunday qorqıwshılıqtın' izleri o'lini asıg'ıs jerlewden, jerlep bolg'annan keyin asıg'ıp keyin qaytıwdan ko'ringen. Burın deydi g'arrılar, a'wliyeden su'yekshiler qaytıp kiyatırg'anda jolda toqtamaydı, keyin burılıp qaramaydı, alg'a qarap tip-tikke ju'rip otırg'an. Bunday eskiliklerdin' bir qatarı ko'plegen xalıqlarda h'a'zirde de o'mir su'rmekte. Mısalı o'lini a'dep ayag'ın alg'a qaratıp alıp shıg'ıw, u'yden shıg'arıp baratırg'anda ag'ash attı u'ydin' tabaldırıg'ına u'sh reet qayta-qayta tiygiziw usınday da'stu'rlerge jatadı. U'ydin' tabaldırıg'ına ag'ash attı u'sh qaytara tiygiziw o'li bull u'yge qaytıp kelmewi tiyis, ol h'esh na'rseni umıtıp ketpewi ushın bull u'yden basqa adamnın' o'lmewi ushın usınday islengen. Joqarıdag'ı ko'rsetilgenindey o'lini juwıw a'wliyeden kelgen zatlarg'a juldız ko'rsetiw beyitti u'yden shıgararda bosag'ag'a tiygiziwdin', beyitti ko'rgen adam og'an topıraq ılaqtırıwshılıqtın' qaldıg'ı elede geypara jerlerde gezlesedi.Bul, adam o'lgen menen onın' janı o'lmeydi. Og'an tirilerdin' g'amxorlıg'ı h'a'm h'u'rmeti kerek, bolmasa o'linin' ruwxı geda boladı degen diniy tu'siniklerdin' qaldıg'ı.

**Azalı kiyinip ju'riwge baylanıslı bolg'an da'stu'rler**. Azalı kiyim kiyiwdin' sebebi o'lgen adamnın' ruwxın h'u'rmetlew, onın' esteligin sıylaw dep tu'sindirilgen.

Azalaw mu'ddeti qaraqalpaqlarda bir jıl; aza kiyimi-h'ayallardın' ko'yleginin' h'a'm bas oramalının' tu'si qara, al geypara waqıtları ko'k ren'de bolg'an. Barlıq o'lgen adam boyınsha aza kiyim kiymegen. Egerde na'reste, jas bala, jas qız, h'ayallar, g'arrılar o'lgen bolsa, azalı kiyim kiymegen. Al egerde o'lgen adam jas jigit bolsa, onda onın' h'ayalı, qarındası qızları azalı kiyim kiyip ju'rgen. Azalı kiyimge baylanıslı bir

qatar tıyımlar da salıng'an; olar ziyapatqa, qonaqqa barmag'an, qosıq aytpag'an, o'zlerinin' u'stindegi barlıq sa'n-saltanattı-bileziklerdi, sırg'alardı, ju'ziklerdi alıp taslag'an. Bull waqıttın' ishinde u'yleniwden bas tartqan. Er adamlar aza kiyimin kiymegen. Hayalı o'lgen adamlar da'stu'r boyınsha bir jıl o'tkennen keyin tag'ı da u'ylengen. Jıllıq asın bergennen keyin asqa qatnasıwshılar azalı kiyim kiyip ju'rgenlerdin' azalı kiyimin sheship alıp taslag'an h'a'm qa'dimgi a'dettegi kiyimlerin kiygizgen. Taslag'an azalı kiyimlerin ekinshi ret qaytıp kiymegen, onı o'rtep jibergen yamasa qoyımshılıqqa aparıp taslag'an.

Azalı waqıttın' bir jıl mu'ddeti o'tkennen keyin «basın shatıw» da'stu'ri a'melge asırılg'an-o'lgen adamnın' h'ayalı erinin' tuwısqanlarının' birewine turmısqa shıqqan.

Qaraqalpaqlardın' da'stu'rine usas bolg'an azalı kiyim kiyiw h'a'm usıg'an baylanıslı na'rseler, salınatug'ın tıyımlardın' tu'rleri basqa da Orta Aziya xalıqlarında Qıtaydag'ı sarı uyg'ırlarda, Sibir xalıqlarındaİndiya xalıqlarında h'a'm du'nya ju'zinin' ko'plegen basqa da xalıqları arasında ko'p tarqalg'an. Mısalı Avstraliya xalıqlarında: «tul h'ayal azalı kiyim kiyip ju'redi h'a'm belgili mu'ddet dawamında qayg'ılı awır turmıs keshirip, bir neshe jıl dawamında ku'yewge shıg'ıwdan toqtap turadı».[9]

Bull xalıqlardın' h'a'mmesin de azag'a baylanıslı bolg'an tıyımlardın' kelip shıg'ıwı o'lige tabınıwshılıqqa, ata-babag'a tabınıwshılıqqa, ata-babalar o'zlerinin' tiri qalg'an a'wladları h'aqqında g'amxorlıq etedi, olardın' ta'g'diri menen qızıg'adı,o'zinin' burıng'ı jayına barıp turadı degen diniy isenimge baylanıslı. Egerde aza-o'lgen adamnın' ruwxın h'u'rmetlewdin' belgisi-a'melge asırılmasa, onda ol tirilerge ja'rdem beriwden bas tartadı, olarg'a zıyan tiygizedi, baxıtsızlıq h'a'm kesellik alıp keledi dep esaplagan. Orta Aziya xalıqlarının' diniy isenimi boyınsha ruwıx o'zinin' burıng'ı tiri waqtında turg'an jayına

[9] A. Elkin. Korennoe naselenie Avstralii. M. L. 1952, 329-bet

o'lgennen keyin de bir jıl dawamında barıp turadı, al onnan keyin o'zinin' taza qonısına-ol du'nyadag'ı o'mirge u'yrenedi. Mine sonlıqtan Orta Aziya xalıqlarının' ko'pshiliginde aza mu'ddeti bir jıl bolıp belgilengen.

Levirat (basın shatıw) da'stu'rinin' ma'nisin qaraqalpaq g'arrıları eki tu'rli tu'sindiredi. Birinshi tu'sindiriw sonnan ibarat, tul h'ayaldı o'zinin' tuwısqanlarına qaytarıp jiberiw «uyat». Tul h'ayaldı onın' erinin' urıwınan tısqarı jiberiwge bolmag'an. Ekinshiden, o'lgenen keyin bir jılg'a shekem o'linin' ruwxı u'yine kelip ju'redi, o'zinin' h'ayalı menen, balaları menen, tuwısqanları menen baylanısta boladı. Bir jıl o'tkennen keyin o'lgen adamnın' ruwxı siyrek keletug'ın boladı. Sonlıqtan tul h'ayal bir jıl dawamında o'zinin' erinin' ruwxın h'u'rmetlep «a'rwaqtı sıylap», ku'yewge tiymey u'yinde otırıwı tiyis bolg'an. Bir jıl o'tkennen keyin de ol h'ayal o'zinin' erinin' urıwınan tısqarı bolg'an adamga ku'yewge tiymewi tiyis, o'ytkeni o'lgen adamnın' ruwxı o'zinin' tuwısqanlarına kelip turadı. Mine usılardın' saldarınan o'lgen adamnın' artında qalg'an ag'ası yamasa inisi bolıwına qaramastan, onın' o'zinin' xayalının' bolıwına, bolmawına qaramastan, bul h'ayalg'a u'yleniwi tiyis bolg'an[10].

Solay etip qaraqalpaqlardın, sonday-aq basqa xalıqlardın' levirat tu'siniginde -o'lgen adamnın' miyrasların h'a'm onın' balaların o'z urıwında qaldırıwdı tileytug'ın onın' tuwısqanlarının' ma'pleri ko'rinip tur.

**Qa'birge h'a'm qoyımshılıqqa tabınıwshılıq**. Geybir qaraqalpaqlardın' h'a'm basqa Orta Aziya menen Qazaqstan xalıqlarının' qoyımshılıqtı h'a'm qa'birdi h'u'rmetlew da'stu'ri o'zinin' tu'p-tamırı boyınsha o'lige tabınıwshılıqqa baylanıslı. O'lgenlerdin' janı, ata-babalarının' ruwxları «ma'kan etken» jer retinde adamlar qoyımshılıqqa tabınatug'ın bolg'an.

---

[10] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964. 31-bet

Qaraqalpaqlarda h'a'm Orta Aziyanın' h'a'mme jerinde qoyımshılıklar tawlarda yamasa to'beshiklerde, eski qorg'anlar, qalalar, «a'wliye» mazarlarının' do'gereklerinde jaylasqan.

Qoyımshılıqlardın' biyiklik jerlerde ornatılıwın h'a'zirgi waqıttag'ı xalıqlar; qa'birlerdijer astı suwlarının' h'a'm ulıwma alg'anda suw tasıwlardan qorg'aw kerek boladı dep tu'sindiredi. Bunday ideologiyalıq beyimlesiw olarda a'kelerinin' ruwxın h'u'rmetlewge baylanıslı h'a'm tuwısqanlarının' su'yeklerin dushpanlar ta'repinen basıp alıwdan h'a'm xorlıq ko'rsetiwden saqlap qalıw ideyasına baylanıslı payda bolg'an. Qaraqalpaqlardag'ı diniy isenimler menen da'stu'rler qaldıg'ı da mine usı pikirdi quwatlaydı.

An'ız boyınsha «a'wliyeler» yamasa qandayda bolmasın bir urıwdın' ataqlı adamı jerlengen qoyımshılıqlar g'ana a'dette en' ko'p h'u'rmetlenetug'ın bolg'an. Qoyımshılıqlar yamasa a'wliyeler ka'ramatlı jer dep esaplang'an, olardın' janınan kewil xoshlıq keypi menen o'tiwge bolmag'an, og'an qarap barmaq shoshaytıp ko'rsetiwge bolmag'an, qoyımshılıq territoriyasınan jer qazıw, turaq jay salıw, onda an'shılıq etiw qadag'an etilgen, balalarg'a h'a'm h'ayallarg'a qoyımshılıqtı basqılawg'a ruxsat etilmegen, qoyımshılıq territoriyasınan alıng'an zatlardan paydalanıwdan bas tartqan. Mısalı Qon'ırat rayonındag'ı Irza iyshan qoyımshılıg'ında bos jatqan jerde ku'ta' jaqsı kishkene tog'ayshılıq bar, biraq ol jerdin' xalqı bull tog'aydan h'esh waqıtta paydalanbag'an, o'ytkeni ol qoyımshılıq territoriyasında jaylasqan.[11] Qoyımshılıqqa keliwshi adamlar bir qatar tıyımlardı orınlawı, ag'ash putaqların sındırmawı, qoyımshılıq maydanın pataslamawı tiyis bolg'an. Qa'birinin' basına ag'ash o'sip shıqqan adam «iymanlı» adam dep esaplang'an, biraq bull ag'ash tek o'linin' bir o'zine g'ana xızmetetiwi tiyis-onı quyash nurınan qorg'awı tiyis. Kimde-kim bull qag'ıydalardı orınlamaytug'ın bolsa, onday adamlar qattı jazalang'an apatqa ushıraydı, kesellikke

[11] Ko'rsetilgen a'debiyat 32-bet

duwsharlasadı dep esaplag'an. Qoyımshılıktın' «qorg'awshıları»-shıyıkshılar usı qag'ıydalardın' orınlanıwın baqlaydı.

Qoyımshılıqta o'sken ag'ashlarg'a tabınıwshılıq da'slepki ja'miyettegi isenimlerdin' qaldıqları bolıp tabıladı. Bul o'mirdin' h'a'm o'limnin' aylanıp turıwına tiyisli bolg'an en' da'slepki isenim barıp turg'an en' a'yyemgi qa'wimlerdin' o'zinde-aq ushırasadı h'a'm ol jan'a tu'rge eniw iseniminin' baslaması bolg'an.

**Qa'bir u'stindegi qurılıs h'a'm onın' a'shekeyi.** Qaraqalpaqlarda orın alıp kelgen qa'bir u'sti qurılısların: «jay», «u'yshik» dep ataydı, demek bulardın' atı tiri adamlardın' turaq jaylarının' atı menen ataladı. Bul qurılıslardın' formaları da qa'dimgi u'ylerge uqsas boladı.

«Jay» yag'nıy turaq jay degen so'z h'a'm h'aqıyqatında da usı tipte salıng'an qa'bir u'sti qurılıslarının' ko'pshiligi adamlardın' turaq jayının' tap o'zin eske tu'siredi. O'lerinin' biyikligi h'a'm uzınlıg'ı jag'ınan da olar turaq jaydan kem emes, olarndın' da to'besi jabıq boladı, esikleri, a'ynekleri yamasa olardın' nusqaları boladı, tek bolg'anı pechleri menen tu'tin shıg'atug'ın morjaları bolmaydı. Qaraqalpaqstannın' geypara jerlerindegi qa'bir u'sti qurılısının'-jaydın' teris h'aywanları da boladı, yag'nıy bul da u'y qaptalındag'ı sıyaqlı to'besi jabıq keledi. Bunın' h'a'mmesi demek, o'lgen adamlardın' tuwısqanları ol du'nyalıq o'mirge isengenlikten, o'lgenler h'aqqında g'amxorlıq ko'rsetken, olardın' janların «turaq jay» menen ta'miyin etken, degen so'z.

Qa'bir u'sti qurılısının' qaraqalpaqlarda a'sirese ko'p taralg'an tag'ı bir tu'ri «u'yshik» bolıp tabıladı, bul-qamıstan yamasa jın'g'ıl, seksewilden, shen'gelden qurastırılg'an u'yshik. Xorezm walayatındag'ı qoyımshılıqlarda birde bir u'yshik ushıraspaydı. Qazaq qoyımshılıqlarında da u'yshik ku'ta' siyrek ushırasadı. Qa'bir u'sti qurılısı bolg'an u'yshiktin' forması A'miwda'ryanın' to'mengi salalarında turıwshı h'a'm dalan'lıqtag'ı jasag'an adamlardın' ılashıqlarına uqsaydı:

tariyxıy jaqtan bul u'yshik h'aqıyqatqnda da o'lgen adam ruwxının' turaq jayı retinde tu'sinilgen bolsa kerek h'a'm onın' forması adamnın' ol du'nyadag'ı o'miri h'aqqındag'ı tu'siniklerge baylanıslı bolıwı tiyis. Xarakterli ta'repi, bul qoyımshılıq rayonında qaraqalpaq xalqı qanshelli ko'p bolg'an sayın, qoyımshılıqtag'ı u'yshikler sanı da sonshelli basım keledi. Qaraqalpaqstanda u'yshiksiz bolg'an birde bir qoyımshılıq joq ,al o'zbeklerge xarakterli bolg'an qa'bir u'sti qurılısı-saxana-gerbishten salıng'an yamasa gu'mbezli qurılıs, bul barlıq qoyımshılıqlarda birdey gezlese bermeydi. Mısalı qusxana tawındag'ı Arzı-atalıq qoyımshılıg'ında birde bir gumbez yamasa saxana joq. Xabarshılardın' (informatorlardın') aytıwlarına qarag'anda bul qoyımshılıq XVIII-a'sirdin' aqırı XIX a'sirdin' basında yag'nıy qaraqalpaqlardın' Jan'ada'ryadan A'miwda'ryanın' to'mengi salalarına ko'ship kelgen waqtında payda bolg'an[12].

Qaraqalpaqlar qoyımshılıg'ında h'a'r bir qa'birge sırıq qadap qoyadı, og'an h'a'r tu'rli ren'li shu'berek jırtıqların baylap qoyadı. Ayshıq qoshqar-shaxların yarım ay su'wretlerin ilip qoyadı h'a'm basqada zatlar ilip qoyadı. Geypara qa'bir u'sti qurılıslarında Ayshıq penen yarım aydın' su'wreti birge turadı. Qa'bir u'stine qoyılatug'ın bul belgilerdin' da'slepki maqseti o'lgenlerdin' janın zıyanlı ruwıxlardan saqlawdan ibarat bolg'an.

Qoshqar bolsa qaraqalpaqlarda a'yyemnen berli ka'ramatlı h'aywanat dep esaplang'an. Og'an h'esh waqıtta turpayılıq ko'rsetpegen, onı urmag'an, onın' menen sıylasıq ko'z qarasta bolg'an.

Qoylar jo'ninde musılmanlardın' «beyishlik», «karamatlı» h'aywan degen terminlerinde bul h'aywanatqa a'yyemgi musılmang'a shekem ko'z qarastın' jasırınıp turg'anı belgili.

---

[12] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964. 35-bet

Yarım ay yamasa ay orag'ı musılman dinin' belgisi bolıp esaplanatug'ını ma'lim. Geypara izertlewshiler qa'birlerdegi yarım aydın' su'wretlerin h'aywanat shaqlarının' su'wretleri dep shamalaydı.

**O'lgenlerdin' qa'wenderlik etiwine iseniwshilik.** Adam o'lgennen keyin onın' Janı o'mir su'retug'ınına h'a'm ol du'nyada o'mirdin' bar ekenligine iseniwshilik «A'wliye adamlardın'» h'a' Qaraqalpaqlardın' a'yyemgi isenimleri olardın' ata-babalarının' mazarlarına ziyarat etip barıw da'stu'rinen ku'ta' ayqın ko'ringen. Bunnan o'lgenler h'aqqında tek g'amxorlıq etiw g'ana emes, al sonın' menen birge o'lgenlerden qorqıwshılıq, tiri adamlardı olardın' jaman ta'sirlerinen yamasa zıyanlarınan qorg'ap qalıwg'a umtılıwshılıq ko'rinip tur. O'lini jerlegen ku'ngidey aq, ziyarattan qaytkan waqıtta da adamlar tez ju'riwge, toqtamawg'a h'a'm qoyımshılıq ta'repine burılıp qaramawg'a tırısqan. O'lgenlerdin' janları o'zinin' semyalarının', urıwının' ag'zalarına, urıwlas bolıw bolmawına qaramastan h'a'mme ziyaratshılarg'a, jaqsı niyet penen kelgen ziyratshılardın' h'a'mmesine ja'rdem ko'rsetedi h'a'm h'a'r qıylı qa'wenderlik etedi emish. Ziyaratshılar h'a'r qıylı taam, mal alıp kelgen, o'lgenlerden h'a'r qıylı o'tinishler etken, a'sirese kesel adamlar h'a'm bala tuwmag'an h'ayallar ko'p tilekler tilegen.

Ziyratshılardın' qatarında a'dette h'ayallar ko'p bolg'an. Bular tek o'zleri barıp g'ana qoymastan, al o'zleri menen birge «emlew» ushın balaların da alıp barg'an. Biraqta «emleniwdin'» ornına balalar h'a'r qıylı jaman «ruxlardan» qorqatug'ın soqır isenimge duwshaker bolg'an.

Solay etip, o'lgenlerdin' ruxınan tek qorqıp g'ana qoymastan, al olardın' tiri adamlarg'a ja'rdemge keliwlerin tileytug'ın bolg'an; h'a'r qıylı keselliklerden jazıwdı, balası joqlarg'a bala beriwdi, h'a'tte gu'na'lardan da tazarıwg'a ja'rdem etiwdi tileytug'ın bolg'an. O'Lgen adamlardın' ruwxının' h'a'm onın' zatlarının' «qupiya ku'shlerin» tiriler o'zinin' paydasına aylandırıwg'a tırısqan.

Jaqıng'a shekem tuwısqanlarının' qa'birlerine ziyaratka barg'an waqıttag'ı geybir eski da'stu'rlerde saqlanıp qalg'an.

Jerlengennen keyin u'sh ku'nnen son' qoyımshılıq basına h'ayal, erleri, balaları menen birge barg'an, erlerinin' ishinde quran oqıy biletug'ın adamnın' bolıwı sha'rt bolg'an. Olar o'zleri menen taam (sho'rek, bawırsaq, qant, go'sh, palaw h'a'm tag'ı basqalar) h'a'm tawarg'a tu'yip aqsha alıp barg'an. En' da'slep «ka'ramatlı» qa'birdin' janına toqtag'an, quran oqıg'an, onnan keyin o'zlerinin' o'lgen adamları h'aqqında quran oqıg'an. Barg'anlardın' h'a'mmesi o'linin' ayaq betine toqtamag'an h'a'm h'a'r bir adam on'nan solg'a qarap ju'rip qa'birdi u'sh reet aylanıp shıqqan. Bunnan keyin o'lgenlerdin' ayaq betinde otırıp («o'lilerdin' kelgenlerdi qıymıldamay aq ko'riwi ushın») quran oqıg'an, nan bawırsaqların jegen, al olardın' qaldıqların beti jabıq ag'ash qutısının' ishine salıp, al geypara waqıtları tabaqqa yamasa tarelkalarg'a salıp qa'birdin' janına taslap ketken, tawarg'a tu'yilgen aqsh alarda taslap ketken; egerde o'lgen adam na'reste bolsa – oyınshıqlar, besik qoyıp ketken, al eger ol eseygen adam bolsa – geypara waqıtları kese, chaynek, tabaq, gu'ze h'a'm basqada sol sıyaqlı zatlar qaldırıp ketken.

Geybir dinge iseniwshilerdin' aytıwınsha qa'birdin' basında qaldırg'an awqat quslardın', h'aywanlardın', ja'nliklerdin', qullası ol du'nyada o'lgen adam h'aqqında «qa'wenderlik etetug'ın» h'a'm onı gu'na'lardan «pa'k» etiwge ja'rdemlesetug'ın maqluqlardın' jewine arnalg'an. Biraq egerde qoyımshılıqta shıyıqshı yamasa diywanalar bolatug'ın bolsa, awqattın' qaldıqların olarg'a beriwde qadag'an etilmegen.

**Jolbarısqa tabınıwshılıq h'a'm onın' qoyımshılıq penen baylanısı.** Qaraqalpaqlardın' a'yyemgi isenimleri boyınsha piyshembi h'a'm juma ku'nleri qoyımshılıqlarda tek adamlar g'ana emes, al jolbarısta tu'negen. Jolbarıs a'sirese jerik waqıtlarında mazarlarda tu'negen. Qaraqalpaqlardın' a'yyemgi diniy isenimlerinde jolbarıslardın'

roli ku'ta' qızıqlı ma'sele. Jolbarıs adamdı h'a'r qanday ba'lelerden saqlap qaladı h'a'm jolbarıstın' adam menen so'ylese almawına qaramastan, ol adamnın' so'zin esitedi h'a'm tu'sinedi dep esaplag'an. Burıng'ılardın' aytıwı boyınsha adam jolbarıs penen ushırasıp qalg'an waqıtta og'an sonday h'u'rmet penen qaraytug'ın bolg'an, onı «Allanın' sheri» dep atag'an[13]. An'ız boyınsha jolbarıs h'a'mme waqıtta birdey adamg'a topıla bermeydi, al tek jerik bolar aldında yamasa gu'ylep ju'rgen waqıtta g'ana topıladı emish. Jolbarıs adamnan o'tinish etip ja'rdem sorag'an waqıtları da bolg'an dep gu'rrin' etedi. Mısalı bir ku'ni tu'nde jolbarıs mazarg'a kelip, onda qonıp atırg'an ziyaratshı kempirge tabanın ko'rsetipti emish, al kempir onın' tabanına qadalıp turg'an sha'n'geni suwırıp alıptı emish degen de an'ız bar.

**«Jırtıs» o'lgen adamnın' zatların bo'listirip beriw da'stu'rleri.** O'lgen adam menen baylanıstı saqlap qalıwg'a h'a'm onnan ja'rdem sorap turıwg'a umtılıwshılıqtı a'dette o'lgen adamnın' zatların bo'listiriw u'rip a'detinen ko'riwge boladı. «Jırtıs» etip berilgen zattı «teberik» dep te atagan, bunın' ma'nisi – bul zat sıyqırlı, ka'ramatlı ku'shke iye dep esaplang'an.

A'yyemgi qaraqalpaqlardın' isenimleri boyınsha adamdı jerlew waqtında bo'lip beriletug'ın zatlarg'a h'a'm adamnın' kiyimlerine onın' en' jaqsı qa'siyetlerinin' ka'ramatlılıg'ı o'tedi emish, a'sirese o'lgen adam balaları ko'p o'sip - o'ngen g'arrı yamasa kempir bolsa, onın' qa'siyetleri o'zinin' zatları menen birge boladı emish dep esaplang'an. Bulka'rada massagetlerdin' bir da'stu'rin – h'a'r qıylı usıllar qollanıp o'lgen adam menen ruxıy baylanıstı u'zbewge umtılg'an da'stu'rin yadqa tu'sirip o'tiw orınlı. Tap usınday maqsetlerdi na'zerde tutqan da'stu'rlerdin' qaldıqları basqa da a'yyemgi xalıqlarda da bolg'an[14].

[13] X. Esbergenov. Qaraqalpaqlardın' geypara da'stu'rleri h'aqqında No'kis 1964. 50-bet

[14] Ko'rsetilgen a'debiyat 53-bet

Ha'r bir xalıqtın' ma'deniyatı u'rp-a'deti da'stu'rler tariyxı uzaq da'wirlerdi o'z ishine aladı. Qaraqalpaqlardın' da'stu'riy u'rp-a'detleri de sol sıyaqlı uzaq waqıtlardı o'z ishine aladı. Ha'r bir xalıqtın' ma'deniy o'zgesheligi onın' tili menen birge etnikalıq ulıwmalıqtı belgilep beredi. Prezidentimiz İ.A.Karimovtın' aytqanınday «o'zimizdin' kelip shıg'ıwımızdı an'law, ullı ata-babalarımızdın' ruwxıy ma'deniyatın teren'nen u'yreniw o'zligimizdi an'lawg'a imkan jaratadı»[15].

Usı ko'z qarastan alıp qarag'anda qaraqalpaqlardın' da'stu'riy u'rp-a'detlerinen erteden saqlanıp kiyatırg'an «su'nnet ettiriw», «qız uzatıw», «kelin tu'siriw», «na'restenin' tuwılıwı» sıyaqlı da'stu'rler saqlanıp qalg'an.

Qaraqalpaq xalqı uzaq da'wirlerdi o'z ishine alatug'ın, qıyın h'a'm awır, mashaqatlı jollardı basıp o'tti. Bul jolda ko'plegen basqınshılıq urıslardı, jawlap alıwlardı, suwsızlıq h'a'm basqa ta'biyat qıyınshılıqların, usılarg'a baylanıslı ko'plegen qo'ship qonıwlardı bastan keshirdi. Ata- ma'kanı bolg'an qubla Aral boylarınan qaraqalpaqlardın' ayırım toparları da'wir h'a'm zaman ta'shwishlerine bola Edil h'a'm Jayıq, Sırda'rya boyları, Miyanko'l, Jizzax, Surxan, Ferg'ana aymaqların jaylag'an. Bul jerlerde uzaq a'sirler dawamında jasap, suwg'arıw sistemaların qurg'an, diyxanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, o'nermentshilik penen shug'ıllang'an, o'zinin' bay h'a'm ta'kirarlanbas ma'deniyatın saqlap qalg'an h'a'm onı rawajlandırg'an.

Qaraqalpaqlardın' isenimi boyınsha qut belgili bir ko'riniske, ko'lemge, qonıs ornına iye emes. Ol tek g'ana insanda, ko'llerde h'a'm u'y h'aywanlarında bolg'an. U'y h'aywanın satqanda da, iyesi onın' ju'ninen azg'ana alıp qalg'an. Egerde olay islemese mal menen birge u'ydin' qut berekesi de ketip qaladı dep isengen. Eli zayıplılarda perzent bolmawın qaraqalpaqlar u'ydin' qut-bereketsiz jerge salıng'anlıg'ı yaki u'ydin' qasında qayın' tereginin' o'siwi menen baylanıstırg'an. Bunday jag'daylarda olar basqa jerge ko'ship, qonıs o'zgertken yamasa qayın' ag'ashın kesip taslawı kerek. Usıg'an uqsas u'rp-a'detler, ırımlar

[15] Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т.2008.

yakutlarda[16] h'a'm altaylılarda bolg'an. Olar qut perzent penen baylanıslı dep esaplag'an. Altaylılarda jaqıng'a deyin, yag'nıy 1920-jıllarg'a deyin erli-zayıplılar uzaq waqıt perzent ko'rmese basqa qonıs tigip, go'ne u'yin buzıp taslag'an.[17]

Bunday qara u'ydi tigiw ornı (jurt) menen baylanıslı orınlar qaraqalpaqlardın' basqa tu'rk tilles xalıqları menen etnik ma'deniy baylanısları bolg'anlıg'ınan derek beredi. N.A Baskakovtın' pikirinshe qut so'zinin etimologiyası «qut» kelip shıg'ıwı mongol,tungus- manchjur tilleri sıyyaqlı pu'tkil Altay tillerine de ta'n bolıwı mu'mkin.[18]

Qara u'ydin' bosag'ası menen baylanıslı ata-babalardın' kultlıq sıyınıw diniy isenimleri menen baylanıslı uzaq dawirlerge barıp taqalıwshı ırım da'stu'rler saqlanıp qalg'an. Qara u'y bosag'ası kultı o'lini jerlew, sadaqa beriw, toy beriw, ja'ne de perzent tuwılıwı menen baylanıslı salt-da'stu'rlerde (rituallarda) de gu'zetiledi. Ma'selen, jan'a qara u'y (otaw) tigiwde bir jan sadaqa jıyın beriwde maldı, qara u'y bosag'ası tigilejaq jerde soyg'an. Bunday ırımlardan bazıları, ma'selen, shan'araq iyesi o'miri uzın bolıp, balalar jetim qalmawı ushın bosag'anı basıwg'a, onda otırıwg'a mu'mkin bolmag'an. Bosag'anı qol menen urıw g'arg'ıs esaplang'an. Eger de insan qara u'yge kirip kiyatırıp su'rnigip jıg'ılsa, onı shireli zatlar may menen sıylap bereket-ırısqı alıp keledi dep , al su'rnigip shıksa u'lken shıg'ın shıg'ajaq dep isengen. Bosag'a menen baylanıslı ırımlar Sibirdin' bazı tu'rk tilles xalıqlarında da ushırasadı. Ma'selen, xakasilar, sag'aylar balalarına olar a'ste o'sedi dep isenip, bosag'ada otırıwg'a ruxsat bermegen.[19]

Ata-babalardın' sıyınıw ko'rinislerinen biri jan'a tuwılg'an balanın' joldasın qara u'y bosag'ası aldına ko'miwde u'shırasadı. bunda shan'araqtın' keyingi balaları aman-saw o'sip, er jetsin dep niyet qılıng'an. Balasın joldası menen birge asıq oyını ushın qollanılatug'ınastrag'al, alshı su'yekleri de qosıp ko'milgen. Eger qız bala tuwılsa onda onın' joldasına qosıp tarı da ko'milgen.

---

[16] Алексеев Н.А Ранные формы религии тюркоязычных народов Сибири. Новосибирск, 1980.
[17] Каруновская Л.Э. Из алтайский верований и обрядов, связанных с ребенком.Сб. МАЭ.Л.,1927
[18] Баскаков Н.А. Душа в древних верованиях тюрков Алтая СЭ.1937.№5.
[19] Алексеев Н. А. Ранние формы религии…

Balanın' joldasının' perzent penen baylanısı a'h'imiyetke iye bolıp onı abaylap bosag'anın' shep ta'repine, yag'nıy qız bala kelin bolıp tu'skende usı shep ta'repte otıradı, jan'a perzentti de usı shep ta'repte, o'lini shıg'arıwdan aldın qaytılatug'ın kirer awızdın' shep ta'repine ko'miledi. Al onın' qasına araq h'a'm tarı qosıp ko'miledi. Xojalıqtın' yarım ko'pshiligi turmısınan, yag'nıy ılaq-mal sharwashılıg'ı menen

Ata-babalardın' sıyınıw ko'rinislerinen biri jan'a tuwılg'an balanın' joldasın qara u'y bosag'ası aldına ko'miwde u'shırasadı. bunda shan'araqtın' keyingi balaları aman-saw o'sip, er jetsin dep niyet qılıng'an. Balanın' joldasın ko'miw menen baylanıslı da'stu'rler Qazaqstan h'a'm Orta Aziya xalıqlarında da bolg'an. G.P. Snesarevtın' mag'lıwmat beriwinshe Xorezm o'zbekleri balanın' joldasın u'ylerinin' bosag'asının' janına, al eger kelesi perzenti ul bala bolıwın qa'lese onın' qasına ko'mgen.[20]

A'sirese, ko'p a'sirler dawamında xalqımız qa'lbinen teren' orın alıp, o'mirdin' mazmunın an'law, milliy ma'deniyatımız h'a'm turmıs qa'lpimizdi, qa'diriyatlarımız, u'rp-a'det h'a'm da'stu'rlerimizdi o'lmeytug'ın etip saqlawda muqaddes dinimizdin' qu'diretli faktor bolıp kiyatırg'anın ayrıqsha atap o'tiw tiyis. Nege degende, insanıylıq, meh'ir-aqıbet, h'adallıq, aqıretti oylap jasaw, jaqsılıq, meh'ir-sha'pa'a't sıyaqlı xalqımızg'a tiyisli bolg'an pazıyletler a'yne usı negizde tamır atadı h'a'm rawajlanadı.

O'tmish da'wirlerden qara u'y menen baylanıslı ko'plep u'rp-a'detler h'a'm da'stu'rler bolg'an. Olardın' ko'pshiligi tiykarınan ag'ashtan tayarlanatug'ın bo'limlerin tayarlawda h'a'm onı tigiw barısında ushırasadı. A'miwda'ryanın' to'mengi alabında tog'ız awlad dawamında qara u'y bo'leklerin tayarlaw menen shug'ıllanıp keliwshi a'zeliy ustalar jasaydı.[21] Bul sheberlik sha'kirt tayarlaw arqalı a'wladtan-a'wladqa o'tip kelmekte.

[20] Снесарев Г. П. Реликты домусульманских верований и обрядов у узбеков Хорезма. М. 1969.
[21] Х. Есбергенов Дала материаллары 1967-жыл №30

# II Bap. Diniy esteliklerdin' tu'rleri

## 2.1. Gu'mbezler, qoy tas h'a'm besik tas, oba, namazgax, xanaka, maqbaralar

Qa'bir u'stine maxbara tiklew da'stu'ri Orta Aziyada IX-XI a'sirlerden baslanadı.Olardın' qatarına IX a'sirge tiyisli Buxaradag'ı Samanidler maxbarası, Mervtag'ı (Sultan Sanjar maxbarası), Kerminedegi Mir-Seid Baxrom maxbarası, Jambıldag'ı Karxan maxbarası, Go'ne U'rgenchtegi A'l-Arıslan h'a'm Muxammed Takash maxbaraları sıyaqlıqurılıslar jatadı. Sonday-aq usı da'wirleri Qaraqalpaqstan jerinde Sultan Ways baba (Beruniy), Shibiliy ata (Kegeyli), Ha'kim ata (Moynaq), qa'birleri u'stinde h'a'r qıylı qurılıslar tiklendi [22]. Bunday maqbaralar U'stirtte gu'mbez tu'rinde saqlang'an.

Maxbaralar menen bir qatarda marxumlardın' qa'birlerine h'a'r qıylı estelik belgiler ornatılg'an. Jergilikli otırıqshı xalıq olardı qulpı tas, qoy tas, besik tas h'.t.b. tu'rlerge bo'ledi. Qulpı tas bul marxumnın' atı, jo'ni, tuwılg'an h'a'm o'lgen jılları, urıwı jazılıp, tamg'ası salınıp tik boyına qoyılatug'ın estelik belgi bolg'an. Aziyada bunday qulpı taslar VII-VIII a'sirnen belgili. Og'an Mongoliyadag'ı Orxon da'ryası boyında jasag'an qa'wim ko'semleri Qultegin (658-731), Bilke Qag'anlarg'a (683-734) ornatqan qulpıtaslar mısal bola aladı[23].

Qaraqalpaqstan aymag'ında bunday qulpı taslar erte zamanlardan baslap ornatılg'an. Lekin bizin' ku'nimizge shekem son'g'ı XVI-XIX a'sirlerde ornatılg'an qulpıtaslar saqlanıp jetken. Eski qulpı taslardı U'stirttegi qoyımshılıqlarda ushıratıwg'a boladı. Bul qulpıtaslarda h'a'r qıylı nag'ıslar, arba, oramaldı alqımnın' astınan ushın qayırıp tartqan h'ayal-qızlardın' suwreti, sonday-aq arab h'a'ribi menen jazılg'an

[22] Xojaniyazov G., O.Yusupov «Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar». No'kis 1994. 21-b
[23] Sol jerde 22-b

jergilikli tildegi jazıwlar bar. Bunday belgiler Berdibek, Mambetniyaz gu'mbezlerinen anıqlang'an[24].

Gu'mbez ishinde u'y buyımlarının' shını sha'ynek, kese, qırıqlıq, mıltıq, ma'si-gewish, kiyim-kenshek, mıs quman, su'wretleri, sonday-aq sarı,ko'k, qızıl boyawlar menen boyalg'an nag'ıslar salıng'an. Bunday su'wretler Berdibek, Mambetniyaz, O'tkilbay gu'mbezlerinde ushırasadı[25].

U'stirt ken'isligindegi «Karakalpakiya» temir jol stantsiyasınan 32 km arqa shıg'ısta «Jarın qudıq» oypatlıg'ındag'ı «Balıqshı» qonıslıg'ında Keten, O'tkilbay, Berdibek gu'mbezleri menen a'yyemgi da'wirlerden baslap h'a'zirgi ku'nge shekemgi da'wirlerdi qamtıytug'ın h'a'r tu'rli estelikler ornalasqan.

Berdibek gu'mbezinin' paxsası tas plitalardan eki qatar etip qalanıp, olardın' arası mayda taslar menen toltırılg'an. Gu'mbezdin' fundamenti eki teksheden ibarat. Birinshi tekshesinin' biyikligi 30 sm, eni 14 sm, ekinshi tekshenin' biyikligi 17 sm, eni 164 sm. Gu'mbez paqsası u'sh qatardan ibarat. Birinshi qatar biyikligi 66 sm, ekinshi qatar biyikligi 67 sm, u'shinshi qatar biyikligi 76 sm. U'shinshi bo'lekten keyin gu'mbez to'besine to'rt qırlı, ushı tegis jonılg'an jin'ishke tas ornatılg'an. Bul usı qatardag'ı basqa gu'mbezlerdegidey jolawshı, an'shı, shopan h'a'm basqalarg'a a'lemnin' bag'darın (batıs, shıg'ıs, arqa, tu'slik) ko'rsetkishi bolıp esaplang'an. Gu'mbezge 60-70 sm. biyiklikte «laz» qoyılg'an. Gumbezdin' biyikligi 7 metrden biyigirek. Gumbezdin' tu'slik paxsası 3 m., shıg'ıs paxsası 4,5 m., lazdın' biyikligi 68 sm, qalın'lıg'ı 60 sm. Gu'mbez paxsalarının' biyikligi 2,5 m., al gu'mbezdin' o'zinin' biyikligi 5 metr[26]. Gu'mbezdin' ishki mu'yeshlerinin' h'a'r birine Adam boyınan biyigirekte teksheler ornalasqan. Olardın' biyikligi 92 sm, teren'ligi 40

[24] Esbergenov X. Qon'ırat tariyxıy h'a'm ma'deniy estelikler. No'kis 1993-j. 56-57-bet
[25] Sol jerde 66-70-betler
[26] Sol jerde 55-b

sm. Olardın’ a’tirapına h’a’r tu’rli qızıl, Sarı, ko’k h’a’m t. b. boyawlar menen nag’ıslar salıng’an. Al gu’mbezdin’ orta belinen aylandıra qara u’ydegidey, qaraqalpaqlardın’ aq basqurın esletetug’ın su’wret salıng’an. Ondag’ı nag’ıslar qaraqalpaqlardın’ ırg’aq, qumırısqa bel, qoshqar mu’yiz, qoy tis, shiy bawırsaq h’a’m tag’ı basqa nag’ıslardı esletedi. Sonday -aq qaraqalpaq h’a’m qazaqlardın’ kiyim-kensheginde elege shekem gezlesetug’ın qoshqar mu’yiz, ayshıq shiy bawırsaq nag’ısları bar. Sonday-aq gu’mbezdin’ ishinde da’sturxan u’stine qoyılg’an shını ayaqlar, ma’si-gewish, shınnı sha’ynek, qırıqlıq, mıltıq, quman su’wretleri salıng’an.

Keten gu’mbezi «Karakalpakiya» temir jol stantsiyasınan arqada 15 km qashıqlıqta biyik qumnın’ basında joldın’ on’ ta’repinde geografiyalıq belgi qara ag’ash qasında jaylasqan. Bul gu’mbezdin’ paxsaları h’a’m gu’mbezi jonılıp bir-birine kiygizilgen tas plitalardan qalanıp, onın’ araları mayda taslar menen toltırılg’an. Onın’ tu’slik paxsasının’ ortalarınan jerden 70-80 sm biyiklikte laz qoyılg’an. Laz degenimiz zıyarat orınlarına, gu’mbezlerine qaptaldan qoyılg’an pa’tik. A’tnograf alım X. Esbergenov pikirinshe estelik XVIII a’sirge tiyisli[27].

O’tkilbay gu’mbezi Keten gu’mbezinen 15 kilometr shıg’ısta joldın’ shep qaptalında jaylasqan. Bul gu’mbez 1985-jılı Tariyx, arxeologiya h’a’m a’tnografiya institutı alımları ta’repinen birinshi ret izertlendi. X. Esbergenovtın’ pikirinshe XVIII-XIX a’sirlerge tiyisli arxitekturalıq estelik. O’tkilbay gu’mbezi de joqarıdag’ı gu’mbezlerdey jonılg’an h’a’m bir-birine kiygizilgen tas plitalardan eki qatar etip qalanıp, olardın’ araları mayda taslar menen toltırılg’an. Gumbezdin’ qubla paxsasında laz jaylasqan. Gu’mbez ishine h’ayal-qızlardın’ kiyim-kenshegi, chaynik, samovar su’wretleri salıng’an. Sonlıqtan jergilikli xalıqlar bul gu’mbezdi geyde qız mola depte ataydı. Gu’mbezdin’ to’rt mu’yeshi a’lemnin’ to’rt ta’repin an’latatug’ın, to’rt qırlı tas qoyılg’an. Gu’mbezdin’ biyikligi 3

[27] Sol jerde 69-b

metr. Gu’mbezdin’ ishki paxsaları birneshe bo’leklerge bo’linip, olarda sarı, qızıl, ko’k ren’ler menen salıng’an japraq, qoshqar mu’yiz h’a’m tag’ı basqa nag’ıslar temirden islengen u’sh ayaqqa ildirilgen temir sha’ynek, da’sturxang’a qoyılg’an shını sha’ynek-keseler, mıs quman, qanjar, nayzalardın’, qamshı, mıltıq, oq ildirgish qatarlar menen samovar su’wretleri salıng’an. Gu’lal ıdıslarına o’sirilgen o’simliktin’ su’wreti islengen[28]. Gu’mbez ishindegi su’wretler xalqımızdın’ burıng’ı turmısı g’ana emes, olardın’ birazı h’a’zirgi turmısımızda da gezlesedi.

«**Qulpı tas**». U’stirt ken’isliginde XIV-XVIII a’sirlerge shekem derlik h’a’r bir qa’birde qulpı tas qoyılg’an. Bul da’stu’r deregi tu’rk xalıqlarına eski da’wirlerden ta’n bolg’an. Ma’selen VII a’sirge tiyisli Orxon jazba esteliginde sol da’wirdegi tu’rkler o’zlerinin’ xanlarına qulpı tas qoyıp, onda xannın’ iskerligi, o’mirinen u’zindiler, na’siyat, ko’rsetpe an’latqanday jazıwlar keltirilgen. Tastan qulpıtaslar islew, onda o’zinin’ tu’sinigin, pikirin an’latıw da’stu’ri skiflerde de bolg’an. Bul da’stu’rdin’ izi bizin’ xalqımızda elege shekem bar ekenligi ma’lim. Biraq qulpıtaslarda adamlar o’zlerinin’ ko’z-qarasın, da’stu’rin sa’wlelendirip qaldırg’an. Sonlıqtan qulpıtaslardı bir neshshe da’wirge bo’liw mu’mkin. Sebebi olar o’zinin’ ko’rinisi, olardag’ı jazıwlar, su’wretler bir birinen ajıralıp turadı. Ma’selen Belewliden batısta 32 km qashıqlıqta Shurıq ka’rwan sarayına baratug’ın joldın’ shep jag’asında kishkene qoyımshılıq ornalasqan. Ondag’ı bir qulpıtasta yarım ay su’wreti salınıp, onın’ to’meninde 1877-jılı dep jazılg’an. Bunday belgi U’stirt ken’isligindegi Qara, Ketenler, O’tkilbay, Balıqshı h’a’m tag’ı basqa qoyımshılıqlarda ushıraspaydı. Al ekinshi bir qulpıtasta sekirip baratırg’an h’aywanat (kiyik) su’wretleri salıng’an. Demek bul jerdegi qulpı taslarda h’a’r tu’rli da’wirde jasag’an xalıqlardın’ ko’z qarasları sa’wlelengen[29].

---

[28] Sol jerde 69-b
[29] Sol jerde 65-b

IX-XVIII a'sirlerde qa'birlerge qulpı tas qoyıw ko'birek da'stu'r bolg'an. Son' bul da'stu'r azaya baslag'an, sebebi U'stirt ken'isligindegi xalıqlar oyg'a qaray ko'shkenlikten qulpı tas ushın qurılıs materialları alıslag'an. Sonın' ushın shaması kelgen xojalıqlar g'ana qa'bir baslarına qulpıtas qoyg'an. Ma'selen Qarao'zek rayonı «Quralpa» territoriyasındag'ı «Bag'dat» qoyımshılıg'ında XVIII-XIX a'sirlerge tiyisli qulpı taslar ju'da' siyrek gezlesedi[30].

Berdibek gu'mbezinin' ishinde eki qulpı tas, qoy tas jatır. Olardın' birewinde bir birine arıs arqalı tirkelgen on telegen arbanın' su'wreti tasqa oyılıp salıng'an. Olardın' ornalasıw ta'rtibi to'mendegishe' keyninde bir telegen arba, onın' arısı aldıng'ı u'sh telegen arbalardın' birikpesin quraydı. Bulardın' to'rt arısı olardın' aldıng'ı u'sh telegen arbanın' birikpesin quraydı. Bulardın' to'rt arısı aldın'g'ı eki telegen arbag'a tirelgen. Bulardın' aldınan u'sh arıs ko'rinedi, ol arıslardın' ushında ayshıqtı esletetug'ın nag'ıs salıng'an.

Berdibek gu'mbezinin' a'tirapında besik tas, qoy tastın' to'besinde besik taslar ushırasadı. Bul jerdegi geypara qulpı taslarg'a bir tartım oramaldı alqımının' astınan ushın qayırıp tartqan h'ayal qızlardın' su'wreti salıng'an. Sonday-aq qulpı taslarda arab h'a'ribi menen jergilikli tilde jazıwlar bar. Zergerler islegen h'ayal-qızlardın' shashbawları menen gu'mis belbewlerinin' su'wretleri salıng'an. Al geypara qulpı taslardı mıltıq, nayza, qamshı su'wretleri ko'rsetilgen[31].

Berdibek gu'mbezinin' a'tirapında 20 dan aslam qulpı tas tabılg'an. Bul qulpı taslardın' ko'pshiliginin' jazıwları o'shken, sonlıqtan olardag'ı sa'nelerdi anıqlaw qıyın. Al ayrımlarında h'ijriydin' 1381-sa'nesi (bizin' jıl esabımızdın' 1961-1962-jıllarına tuwra keledi), h'ijriydin' 1314-sa'nesi (bizin' jıl esabımızdın' 1896-1897-jıllarına tuwra keledi) degen jazıwlar bar. Sonday-aq altınshı qulpı tasta mıltıq, qılısh, qamshı

[30] Xojaniyazov G., O.Yusupov «Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar». No'kis 1994. 36-b
[31] Esbergenov X. Qon'ırat tariyxıy h'a'm ma'deniy estelikler. No'kis 1993-j. 56-bet

su'retleri su'wretlengen. Usı qulpı taslardan h'a'm bul qatardan tabılg'an XII-XIII a'sirlerge tiyisli gu'lal zatlardın' sınıqları menen mıs ıdıslardın' sınıqları, onnan son'g'ı da'wirlerge XVI-XVII a'sirlerge tiyisli sha'ynek, quman, shoyın qazan sınıqları bul jerde erteden beri u'zliksiz qonıslıqtın' bolg'anın ko'rsetedi.

O'tkilbay gu'mbezinin' a'tirapında Qara qonıslıg'ındag'ı, Dawıt atadag'ı gezlesetug'ın qulpıtaslar ko'plep gezlesedi. Bularda xalqımızdın' qol-o'neri, sheberligi taslardan mu'sin oyıwdag'ı sabırlılıg'ı sa'wleleniwi menen birge diniy ko'z-qarasları da ko'rinedi. Qulpıtaslarda marh'umnın' tulg'asın sa'wlelendiriw menen birge onın' dawam ettiriw niyeti seziledi. Ondag'ı salıng'an nag'ıslar qaraqalpaqlardın' kesteshiliginde, toqımashılıg'ında elege shekem gezlesedi. Sonın' menen qulpı taslarda sa'neler ko'rsetilgen. O'tkilbay gu'mbezinen tu'slikte altı adım shamasında qashıqlıqta ornalasqan qulpı tasta 1771-jıl degen sa'ne bar. Bul qulpıtastan batısta 7 adım qashıqlıqta ornalasqan bir qulpı tasta 1311 h'ijriy esabı, bizin'she 1893-1894-jıllar degen sa'ne bar. Bul sa'nelerge qarap qoyımshılıq XVII a'sir aqırı XVIII a'sir baslarında payda bolg'anın ko'remiz[32].

Berniyaz iyshan esteliginin' shıg'ıs bawrayındag'ı qulpı tasta h'ayal-qızlardın' bezeniw zatlarının' su'wreti salıng'an' bilezik, taraq, sırg'a, ayna su'wretleri. Al onın' batıs shetindegi qulpı tasta er adamnın' gu'mis belbewinin' su'wreti salıng'an. Sonday-aq bul qulpı tasta mıltıq, quman su'wretleri salıng'an. Bunday qulpı taslardı Ay ata, G'aldıgu'mbet, Dawıt ata, Qara, O'tkilbay, Balıqshı esteliginen ushıratıwımızg'a boladı. Sog'an qarap qulpı tas h'a'm og'an h'a'r tu'rli su'wretler salıw da'stu'ri U'stirt ja'ne onın' bawrayında jasawshı qaraqalpaq, qazaq xalıqlarının' eskiden kiyatırg'an da'stu'ri. Bular a'yyemgi tu'rk qa'wimlerinin' da'stu'rlerin esletiw menen birge, olardın' qazaq, qaraqalpaqlardın' ata-babalarının' qa'liplesiwine qatnasın ko'rsetedi.

---

[32] Sol jerde 70-b

«**Qoy tas**» jergilikli xalıqlardın' aytıwınsha jas balalardın' qa'birine qoyılg'an. Sebebi qoy tas burınları tutas taslardan islengen. Qoy tas da'slepki da'wirlerde qoy ko'rinisin esletken. Qoytastın' bunday tu'rlerin S. P. Tolstov o'z miynetinde keltiredi. Al son'g'ı da'wirlerde qoytaslardı bir neshe tas plitalardan qalag'an. Ol ushın tas plitalardan to'rt mu'yeshli etip birinin' u'stine ekinshi tas taxtayshalardı qoyg'an. Ma'selen «Balıqshı» dag'ı qoytastın' irgesi u'sh qabat. Olardın' to'mendegisinin' biyikligi 29 sm, eni 1,58 sm, uzını 2,52-53 sm, onnan 5 sm sheginip ekinshi tekshee baslanadı, onın' qalın'lıg'ı 22 sm, eni 1,48 sm, uzını 2,43 sm. Ekinshi teksheden 9 sm sheginip, u'shinshi tekshee baslanadı. Onın' biyikligi 11 sm, eni 1м,29 sm, uzını 2м,32 sm ba'ri bolıp bul qoytas birinin' u'stine biri qoyılg'an segiz qatar taslardan ibarat[33]. Ol esteliktin' jalpı ko'rinisi besikti esletedi. Al qoytas degendegi ma'nisi belgili bir da'wirde marh'umlardı tek kiyimi menen emes, al qural-jarag'ı, malları menen de jerlegen h'aqqında da'rekler bar. Qaraqalpaqlardın' diniy isenimleri boyınsha qoy kiyeli, ka'ramatlı mal bolg'an. Perzentsiz h'a'm awırıw adamlar sadaqag'a qoy soyatug'ın bolg'an. Usılayınsha qaraqalpaqlardın' eski diniy isenimlerine ko're qoy adamlarg'a jaqsılıq a'keletug'ın u'y h'aywanı.

Bala a'wliyede besik taslar ko'birek ushırasadı. Olardın' ko'rinisi durısında da besikti esletedi. Geyparalarında besiktin' to'rt ayag'ı h'a'm basqa bo'lekleri ajıralıp ko'rinip turıptı. Ayırım besik taslarda temirden islengen ayshıqlardı esletetug'ın su'wretler gezlesedi. Besiktaslar menen birge olardın' arasında siyrek qulpı taslar da ushırasadı. Olar jalpı adam tulg'asın esletiw menen birge sırg'a, quman zergerler islegen degment belbew t. b. ko'rinisleri ko'zge taslanadı. Bul qulpı tas, besiktaslarda jazıwlar da saqlang'an. Biraq olardın' ko'pshiligin anıqlaw qıyın.

«**Oba**». Qubla Aral boyında orta a'sirlerde jasag'an yarım ko'shpeli h'a'm ko'shpeli xalıqlardın' marh'umlardı jerlew da'stu'rlerinde obalardın'

[33] Sol jerde 60-61-betler

bolg’anlıg’ın ko’riwge boladı. Bul a’yyemgi tu’rk h’a’m mong’ol qa’wimlerinde ken’ paydalang’an da’stu’r. Ol tiykarınan o’z elinen shette o’lgen batırlar h’u’rmetine, ba’lentligi 3-5 metr minar tu’rinde, tastan qalanıp salıng’an estelik-qurılıs. Og’an jıldın’ belgili bir waqıtlarında kelip mal soyıp, qan shıg’arg’an, sıyıng’an.

XIII a’sirde Aral boyında Evropa sayaxatshısı Germaniya Rubrik usınday obalarg’a sıyınıp atırg’an ziyaratshılardı qan’lılar elinde ko’rgenin jazıp qaldırg’an[34].

Aybu’yir ko’linen baslap U’stirttin’ shıg’ıs jag’alawı menen Qazaqstan shegarasına shekem minar sıyaqlı estelikler ornalasqan. Geyde olar belgili bir qashıqlıqta, bir-birine ko’rinetug’ın jerlerde ornalasqanlıqtan olardı arxeologlar qarawılxana, dushpan kiyatırg’anın biri ekinshisine qabarlaytug’ın jer dep kelse, ekinshi bir so’zinde elatlı orınlardın’ belgisi dep boljamaqta. Biraq bul estelikler sıyınıw ornı oba ekeni anıqlanbaqta. Ko’binese olar o’z a’tirapınan o’zgeshe biyik tik jar, U’stirtke ko’teriliw bolmasa onnan tu’slikte, elatlı orınlardın’ tusında ornalasqan. Obalar ko’binese o’zlerinin’ atamasına iye. Mısalı, Aybu’yir ko’linin’ batıs jag’asındag’ı obanı jergilikli xalıq «Qurttı baba» a’wliyesi, obası dep ataydı. Arxeologlar obanı «Qulanlı minarı» dep ataydı. Barlıq obalardın’ qurılıs usılı, ko’rinisi bir-birine uqsas, to’besi su’yir bolıp keledi. Olardın’ o’zgesheligi qurılıs materiallarında. Birazlarında pisken gerbishler menen tas taxtayshalardan to’rt mu’yeshli etip, to’meni enli, to’besi su’yi bolıp salınsa, birazları mayda taslardan u’yilgen. Olardın’ ko’pshiliginin’ to’besine mazarlardag’ıday sırıqlar qadalıp, shu’berekler baylang’an. Mısalı «Qurttı baba» obası jonılg’an qalın’ tas taxtayshalardan salıng’an. Olardın’ ko’lemi h’a’r tu’rli' 1,20 sm. x 60 sm x 26 sm, 85 sm. x 60 sm, x 24 sm,  55 sm x 60 sm, 26 sm.  95 sm x 65 sm 35 sm. Bul esteliktin’ to’besi su’yir og’an sırıq qadalg’an. Onın’ irgesi to’rt mu’yeshlik etip qalanıp, onın’ h’a’r biri a’lemnin’ to’rt ta’repine bag’darlang’an. Bunın’ shıg’ıs qaptalında 2,5-2 metrdey biyiklikte laz izi saqlang’an. To’mennen lazg’a shekem tu’slik shıg’ıs qaptalında 10-13 qatardan

[34] Xojaniyazov G., O.Yusupov «Qaraqalpaqstandag’ı muxaddes orınlar». No’kis 1994. 23-b

keyin elespesizlew za’n’gi teksheleri ko’rinedi. Ol teksheler to’bedegi maydanshag’a shekem dawam etilgen. To’bede kishkene do’n’gelek maydansha ortasında kishkene oy, onda mayda sho’pler, ku’l h’a’m ko’mirler bar. «Qurttı baba» obasının’ batıs qaptalındag’ı maydanshada ku’l, mayda mal su’yeklerinen ibarat qalın’ qatlamlıqlar bar. Maydanshanın’ a’tirapında mayda taslardan o’rilgen qorg’anshalardın’ ornı seziledi. Maydanshanın’ ko’lemi, onın’ ku’n shıg’ıs shetindegi qalın’ ku’l menen su’yekler jıyındısı, bul maydansha zıyaratqa keliwshilerdin’ ko’pshilik bolıp bayramları h’a’m t. b. da’stu’rleri o’tkerilgeninen da’rek beredi. Bul estelikler «Qurttı baba» obasının’ erte zamannan h’a’zirge shekemgi sıyınıw ornı bolg’anlıg’ın ko’rsetedi[35].

**Belewli qonıslıg’ı**. Belewli ka’rwan sarayının’ a’tirapında a’yyemgi da’rwirden baslap XVIII-XIX a’sirlerge shekemgi tiyisli estelikler ornalasqan. Bul jerde qashan kimler qonıslasqanın jergilikli xalıqlar ele umıtpag’an. Ma’selen XVII-XIX a’sirlerde Belewli ka’rwan sarayınan shıg’ısta qaraqalpaqlar menen birge qazaq xalıqlarının’ urıwları, al onnan batısta jaqıng’a shekem adaylar ko’ship-qonıslag’an. Olardın’ h’a’r birinin’ jolı, qudıg’ı, qoyımshılıg’ı, qulpıtası, qoytası, besiktasları h’a’m olarda jazıwları bolıp, h’a’r tu’rli su’wretler salıng’an. Ma’selen qulpı taslarda urıw tan’baları menen marh’umnın’ urıwı, a’kesinin’, o’zinin’ atı h’a’m tuwılg’an h’a’m shetnegen jılı jazılg’an. Sonday-aq qulpı taslarda qural-jaraq, kiyim kenshek su’wretleri salıng’an. Bul belgiler ol jerde qashan kimler jasag’anlıg’ın ko’rsetiw menen jergilikli xalıq xalıqtın’ a’yyemgi da’wirlerden beri da’stu’rleri qanday bolg’anın, olarg’a baylnıslı ko’z-qaraslrın ko’rsetetug’ın mag’lıwmatlar saqlang’an[36].

Qubla Aral boyında ju’rgizilgen arxeologiyalıq izertlewler bull muxaddes jerde a’yyem zamanlardan baslap ilimnin’ bilimlendiriwdin’, ma’deniyattın’, ko’rkem o’nerdin’ h’a’m a’debiyattın’ ku’shli rawajlang’anlıg’ın ko’rsetti. U’stirt ken’isliginde jaylasqan Aybu’yir qaladan tabılg’an b.e.sh. V a’sirge

[35] Esbergenov X. Qon’ırat tariyxıy h’a’m ma’deniy estelikler. No’kis 1993-j. 89-90-bet
[36] Esbergenov X. Qon’ırat tariyxıy h’a’m ma’deniy estelikler. No’kis 1993-j. 63-bet

tiyisli jazıwlar jergilikli xalıqtın’ bunnan 2500 jıl burın jazıw-sızıwdı bilgenliginen derek berse, Qoyqırılg’an qaladan tabılg’an astralubiya b.e.sh. IV-III a’sirlerde aspan ken’isligindegi qubılıslardı baqlag’an astronomlardın’ ilimiy jumıslar alıp barg’anlıg’ın ko’rsetti. Arablardın’ jawlap alıwı Oraylıq Aziya arxitekturalıq qurılısına o’zgeris kirgizdi. IX-X a’sirlerde Buxarada samanidler maxbarası, Max meshiti, Termezde Char-Sutun meshiti, Seraxsta Abul-Fazıl maxbarası, Samarqandta Arab ata maxbarası h’.t.b. bir qatar musılman binaları salındı.

Da’slepki waqıtları meshitler tek musılmanlardın’ namaz oqıw ornı bolıp qoymag’an. Meshit diywallarında diniy h’a’m h’uqıq ilimleri oqıtılg’an[37]. Meshit u’ysizler menen ta’wbege keliwshilerdin’ tu’neytug’ın jeri bolg’an. X a’sirde jasag’an Makdisi ku’ndiz meshitte qazının’ sud isin alıp barıp atırg’anın, ilimpaz-filosof yuristlerdin’ shug’ıllanıp atırg’anın ko’rgenligin jazadı. Ulıwma aytqanda meshit musılmanlardın’ ekinshi u’yi bolg’an. Sonday-aq na’restelerdin’ du’nyag’a keliwi, o’lim, adamlardın’ turmısına baylanıslı da’stu’rler o’tkeriletug’ın orın xızmetinde atqarg’an.

XI a’sirden baslap meshitler atqaratug’ın xızmetine qaray bo’line baslaydı: ja’mi h’a’m juma namaz meshiti, qurban h’a’m ramazan h’aytlar meshiti-namazgoh’, ishki yamasa ma’h’a’lle meshiti. Ja’mi meshitler xalıq ko’p jıynalatug’ın oraylıq orınlarg’a bazarlarg’a jaqın jerlerde ornalasqan. Meshittin’ qubla diywalında meh’rabı, bir mu’yeshinde musılmanlardı namazg’a shaqıratug’ın minara-mezana bolg’an. Minarada azanaytıw da’stu’ri, payg’ambardın’ Kaabag’a Hadjg’a barıp, muazzin (azanshı) pesin namaz shaqırtıwınan baslanadı. Sonnan baslap Kaaba qubla dep ja’riyalanadı.

Pu’tkil musılman du’nyasında orta h’a’m joqarı ta’lim beriwdin’ da’rgayı medreseler bolg’an (arab feyilinen «daraga» - u’yretiw). Orta Aziyada medrese h’aqqındag’ı en’ da’slepki mag’lıwmatlar X a’sirge tiyisli.

[37] Xojaniyazov G’. Yusupov O. Qaraqalpaqstandag’ı muxaddes orınlar. No’kis 1994.16-bet

İlimpazlardın' pikiri boyınsha Qaraqalpaqstan territoriyasında orta a'sirlerde ko'plegen medreseler bolg'an. Mısal retinde ilim h'a'm bilimlendiriw orayı Qıyattı aytıwg'a boladı. Sonday-aq en' a'iyemgi medreselerge ilimpazlardın' pikirinshe Xojeli rayonındag'ı Xalifa Erejep (XI-XIII a's) h'a'm Qon'ırat rayonındag'ı Dawkesken (XV-XVII a's) medreseleri kirgen.

Ayırım alımlardın' pikirinshe Shoraxan awılında Kalendardag'lı medresesi bolıp, bul jerde o'z zamanında belgili qıssaxan Muwsa baqsı oqıg'an[38] . Ol jergilikli xalıq arasında Nawayı, Fizuliydin' h'a'm tag'ı basqa dastan h'a'm poa'maların oqıg'an. Yag'nıy basqasha aytqanda medresede alg'an bilimin xalıqtın' paydası ushın jumsag'an.

Xiywa xanlıg'ının' Rossiya menen baylanıslı xanlıqtın' arqa ta'repinde jaylasqan Qon'ırat qalası arqalı o'tetug'ın edi. Sonlıqtan da Qon'ırat a'konomikalıq h'a'm ma'deniy orayg'a aylanadı. Sonday-aq Qon'ırat, siyasiy funktsiyanı atqaratug'ın Aral iyeliklerinin' orayı bolg'an. Jazba dereklerge qarag'anda Qaraqalpaqstannın' shep jag'alılıg'ında da medreseler ushırasadı. V.İ.Massalskiydin' mag'lıwmatı boyınsha Xojeli qalasında o' meshit h'a'm a' medrese bolg'an[39] . Xojelidegi bir medrese h'aqqında A.Kun o'zinin' «Xiywadan Gazavatqa shekem» degen statyasında jazıp o'tedi. Xojelide tariyxta belgili Prim ishan medresesi bolıp, ol Xojeli qorg'anı qurılısına u'lken u'les qosqan edi[40] . G.İ Danilevskiy mag'lıwmatı boyınsha XIX a'sirde 40 jıl Mang'ıt qalasında bir Medrese bolg'an[41]. Ha'zirgi Qon'ırat rayonınan territoriyasında Elmurat axun medresesi bolıp, ol jerde belgili qaraqalpaq shayırı A'jiniyaz ta'lim alg'an edi. Sonday-aq U'stirtte Chelida da'ryası janında to'beshik biykshiliginde jaylasqan Bektursun medresesi h'aqqında da eslep o'tiledi. Barlıq medreseler, meshitler sıyaqlı waqım iyeliklerinin' da'ramatları esabınan ta'miynlenetug'ın edi.

---

[38] Xojaniyazov G, Yusupov O. Ukazannoe soch 48 bet.
[39] Massalskiy v.İ. «Turkstanskiy kray» Rossiya. T. XIX SP b. 1913 g, s 756
[40] Xojaniyazov G. Yusupov O. Ko'rsetilgen shıg'arma 49-bet
[41] Danilevskiy G.İ. Ukazannoe soch. s 1851, 208

U’stirt ken’isligindegi meshit-medreselerdin’ biri «Ayata» qonıslıg’ındag’ı qısqı h’a’m jazg’ı meshit-medreseler bolıp esaplanadı. Qonıslıqtın’ arqa shıg’ısında Aybu’yir ko’linin’ jag’asında Go’ne U’rgensh-Qon’ırat jolının’ shep jag’asında «Ayata»dag’ı qısqı meshit salıng’an. «Ayata» qısqı meshiti shıg’ıstan batısqa qaray salınıp, qapısı arqadan qoyılg’an. Tu’slik ta’repinde ekinshi qapı bolg’an. Qapılardın’ eni jin’ishke, biyikligi pa’s. Bir-birine jalg’as eki ta’repke qarap aylana o’rilgen gu’mbez paxsalarının’ qaldıg’ı 12 qatar biyiklikte saqlang’an. «Ayata» paxsaları tas taxtayshalardan, al gu’mbezi 20 x 20 x 4 sm ko’lemdegi tas gerbishten o’rilgen. Gu’mbezdin’ paxsası to’rt mu’yeshli usılda tiklengen. Gu’mbezdin’ to’meni do’n’gelek bolg’anı menen to’besi su’yir bolıp keledi. Meshit esiginin’ man’layshasının’ joqarısına paqsadan sırtqa shıg’arılıp o’rilgen yarım do’n’gelek ko’rinis bar. Onın’ eki ushı to’menge qaratılg’an. Gu’mbezdin’ batıs qaptalında bir-biri menen qapı arqalı baylanısqan eki bo’lme bar. Bul bo’lmeler h’a’m gu’mbezdin’ usı qaptalı 45 x 20 x 14 sm. ko’lemindegi tas taxtayshalar menen o’rilgen. «Ayata» meshitinin’ jalpı ko’lemi 13 x I metr. Tu’slik bo’lme 3 x 3 metr, arqadag’ı bo’lme 3 x 2,5 metr. Bunday ko’lemdegi bo’lmeler a’sirese sırtqı h’a’m ishki qapı orınlarının’ jin’ishke h’a’m pa’s bolıwı bul esteliktin’ ka’rwan saray emesligin an’latadı. Og’an qosımsha bul estelikte aynanın’ ornı ko’rinbeydi. Usı belgilerine qarap X. Esbergenov bul estelikti IX-XVII a’sirlerdegi Xorezmde ken’nen en jayg’an da’rwishler h’a’reketi menen baylanıslı qa’lenderxana, son’ınan iyshanlar otırg’an orın, meshit dep esaplaydı[42]. Gu’mbez h’a’m onnan ishke qarata ja’n-jag’ı jabıq qaran’g’ı tar bo’lmelerge kirip, belgili bir iyshannın’ suwpısı h’a’reketlerin bul esteliktin’ qurılısı eske saladı. Pirler menen suwpılar qos gu’mbezde gezlesip, da’rwishler uyımına ag’zalar qabıl etilse, onın’ qasında ku’ndelikli bes waqıt namaz, h’a’ptelik, juma namaz oqıytug’ın jerler, zıyaratshılardı qabıl etetug’ın orınlar, zıyaratshılardı ornalastıratug’ın, diniy da’stu’rler menen bayramlardı o’tkeretug’ın maydanshalar elege shekem saqlang’an.

[42] Esbergenov X. Qon’ırat tariyxıy h’a’m ma’deniy estelikler. No’kis 1993-j. 46-bet

Qısqı meshit tu'sliginde 15 metr qashıqlıqta jazg'ı meshit ornalasqan. Onın' ko'lemi 9 x 9 metr. Meshit paxsaları qulag'anlıqtan, olardın' ko'rinisin anıqlaw qıyın. Meshittin' shıg'ıs h'a'm tu'slik paxsalarının' qaldıg'ında taslardı belgili bir ko'riniske keltirip qalag'anlıg'ı seziledi. Taslar arasın jelim ılaylar menen birge mıramır menen baylanıstırg'an. Paxsa enli, onın' eki qaptalına iri taslar qalanıp, ortaları mayda taslar menen toltırılg'an. Bul meshit paqsasındag'ı u'sh qatar bolıp ko'ringen ko'rinis qaraqalpaq kesteshiligindegi (aq jegde, qızıl kiymeshek), g'arg'a tuyaq naqısların esletedi. Bunday nag'ıslar Aral jag'asında jaylasqan G'Qorg'anshaG' qalasının' paqsalarında da bar.

Meshitlerdin' ekinshi tu'ri **namazgoh'lar**. Oraylıq Aziyada, İranda, Afganstanda h'a'm Hindstanda bunday meshitlerdi idgah' depte ataydı. Namazgoh' tiykarınan awıl yamasa qaladan sırta u'lken qoyımshılıqlar qaptalında ornalasqan. Olarda musılmanlardın' eki u'lken bayramı İd al-Qurban h'a'm id al Fitr o'tkerilgen.

İd al Qurban yag'nıy Qurban h'ayt bayramı Zu-l-h'idja ayının' onınshı sa'nesinde h'a'm son'g'ı u'sh ku'n dawamında belgilengen. İd al Fitr-oraza h'ayt bayramı shavval ayının' birinshi sa'nesinde belgilengen.

Orta Aziyadag'ı en' da'slepki namazgoh' Narshaxiydin' ko'rsetiwinshe Registannın' (Buxara) arqa qaptalında qurılg'an. Lekin siyasiy jag'daylardın' o'zgeriwi qalanın' rawajlanıwına baylanıslı X a'sirde onın' ornı o'zgertilgen[43].

Usınday namazgoh'lar G'. Xojaniyazov ta'repinen 1985-1986-jılları Dawkesken qala (Qon'ırat rayonı) qaptalında izertlengen. Qalanın' ku'n shıg'ıs qaptalındag'ı orta a'sirlerge tiyisli qoyımshılıqqa jaqın ornalasqan namazgoh' XV-XVIII a'sirlerge tiyisli ekenligi anıqlang'an.

Orta a'sirlerde Qıyat qalasında tiklengen medrese, tek Xorezm ma'mleketinde belgili bolıp qoymay, al Jaqın shıg'ıs ellerinde ken'nen ma'lim bolg'an. Tilekke qarsı Qıyat qalasın A'miwda'ryanın' degishi alıp buzılg'anda medresede suw astında qalıp ketken. Bull waqıyanın' guwası bolg'an Qıyat

[43] Xojaniyazov G. Yusupov O. Ko'rsetilgen shıg'arma 16-bet

minarası XIX a’sirlerdin’ aqırlarına shekem saqlanıp kelgen. Usı degish alıwdan keyin da’ryanın’ shep ta’repinen salıng’an jan’a Qıyat qalasına eski qalanın’ saqlanıp qalg’an qurılıs materiallarınan paydalang’an. Mine solardın’ ishinde medrese h’a’m meshitlerdin’ su’tinleri bolıp, olardı 1789-jılı Xiywa qalasında salıng’an juma meshitke qayta isletken[44].

XVII-XIX a’sirlerde Oraylıq Aziyanın’ ilim h’a’m ma’deniyat orayları bolg’an u’sh xanlıqtın’ paytaxtları Shıg’ıs Arab ellerinde ken’nen belgili bolg’an. A’sirese olardın’ arasında Arab xalifatı ta’repinen moyınlang’an Buxara Sharif qalası ayrıqsha orın tutqan. Usıg’an baylanıslı bolsa kerek, Sırda’rya h’a’m A’miwda’ryanın’ to’menindegi qaraqalpaqlar XVII-XIX a’sirlerde ilim u’yreniw ushın ko’birek Buxarag’a barg’an. Ma’selen XVIII a’sirde İmam İyshan Buxarada oqıg’an, Shılpıq qasındag’ı Tas medresede (Xojaniyaz biy medresesi) birinshi imam bolg’an.

Bekmurat axun Sherg’azıxan medresesinde ta’lim alsa, balası Mubarek axun Buxara h’a’m Mısır medreselerinde ta’lim ko’rgen. Joqarı jerlerde axun da’rejesin alıp kelgen ilimli jerleslerimiz eski meshit-medreselerdin’ qaptalınan, yamasa taza jerlerden meshit-medreseler tiklep xalıqtı sawatlandırıwg’a, ruwxıy ma’deniyatımızdı rawajlandırıwg’a o’zlerinin’ u’lesin qosqan.

Tariyxıy derekler boyınsha 1873-jılg’a shekem A’miwda’rya bo’liminde 605 mektep (meshit-medreseler) bolıp, onda 8024 er bala h’a’m 3133 qız bala oqıg’an.[45]

Granshfeld h’a’m Gal kinlerdin’ jazıp qaldırg’an dereklerine qarag’anda 1901 - jılg’a kelgende A’miwda’rya bo’liminde h’a’rekette bes medrese bolg’an. Bul medreselerge Bozatawdag’ı Qaraqum iyshan, Shımbaydag’ı Maxtum axun iyshan, Xojelidegi Pirim xoja iyshan, Taxtako’pirdegi Ayımbet iyshan h’a’m Xalqabadtag’ı Qum o’zek iyshanları medreselerin jatqarsa boladı.

---

[44] Xojaniyazov G’. Yusupov O. Qaraqalpaqstandag’ı muxaddes orınlar. No’kis 1994.17-bet

[45] Sonda 18-bet

Bunnan basqa da Qaraqalpaqstan jerinde puqaralardın' balalarına bilim beriwde xızmet etken meshitler ju'da' ko'p bolg'an. Ma'selen tek bir Qon'ırat rayonında bunday meshitlerdin' onnan aslamı belgili. Olarg'a Xan meshiti (XVIII a'sirdin' aqırı XIX a'sirdin' bası), Elmurat axun meshiti (XVIII-XIX), Jantemir iyshan meshiti (XVIII-XIX), Sarı iyshan meshiti, Smetulla ishan meshiti, Qırıq molla meshitleri jatadı .

Tariyxıy Aq jag'ıstı jag'alap (h'a'zirgi Taxtako'pir rayonı aymag'ı) Nurılla axunnın', Abdireyim iyshannın', Iqlas iyshannın', Oraz iyshannın', Sa'lmen iyshanlardın' meshitleri jaylasqan.

Bul meshitlerdin' iyeleri XVIII-XIX a'cirlerde Buxara h'a'm Xiywa medreselerinde ta'lim alg'an sawatlı adamlar. Sonday-aq o'zleri ta'lim alg'an medreselerde sabaq berip uzaq jıllar dawamında sol jaqlarda da qalıp ketken jerleslerimiz belgili. Ma'selen Taxtako'pirli Mustafa iyshannın' sha'kirti Tilewbergen axun ko'p waqıtlar sırtta ta'lim bergen .

Qaraqalpaqlardın' eski qalası Shımbayda XIX a'sirde on eki meshit-medrese bolg'an. Olardın' arasında Qaraqum iyshan medresesi ayrıqsha orın tutqan. XVIII-XIX h'a'm XX a'sirdin' baslarında ol ma'deniy, siyasiy h'a'm ekonomikalıq jaqtan qaraqalpaqlardın' belgili oraylarının' biri. Shımbaydag'ı iri medreseler qatarına Maxtum axun meshit medresesi jatqan. Medrese ma'njiwli awılınan shıqqan Aymuxammed iyshan (1820-jılı tuwılg'an) ta'repinen 1850-jılı saldırılg'an. Medrese binası on jeti xanalı bolıp ol bas meshitten, da'risxanadan, ta'lim alıwshılardın' o'jirelerinen, jazg'ı h'a'm qısqı h'aywanlardan h'a'm t.b. o'jirelerden ibarat bolg'an[46]. Medresenin' ulıwma ko'lemi 20x27 metr. Medresede Abdiqadır shayır, Abbaz shayır sıyaqlı qaraqalpaqtın' so'z sheberleri, Qasım Awezovtay ma'leketlik g'ayratkerleri ta'lim ko'rgen.

**Xanako.** Oraylıq Aziyada sufizmnin' qa'liplesip rawajlanıwı menen baylanıslı tiklengen qurılıslarg'a xanakolar kiredi. Olardı xalıq arasında «qa'lenderxana» dep te ataydı. Xanakolar tiykarınan el arasında jaylasqan en'

[46] Sonda 20-bet

belgili qoyımshılıqlardag'ı u'lken ulamalardın' qa'birlerine, yamasa qa'dem jaylarg'a jaqın jerlerge qurılg'an. Olar bir yamasa birneshe xanalardan ibarat bolg'an. Olarg'a suwpılar ordeni pirinin' xanası, miymanxanası, quran oqıw ushın meshitxanası, ta'a'retxanası, ja'a'ma'txanası, asxanası, monshaxanası, sıyaqlı basqa da bir qansha za'ru'rli xanaları kirgen[47].

Du'nyanı aylanıp ju'rgen orta a'sirlerdegi sayaxatshılar, alımlar h'a'tteki elshiler de Shıg'ıs musılman ellerinde bolg'anda usınday xanakalarda irkilgen. Sebebi qalalardag'ı medreselerden keyingi ilim, bilim orayları usınday xanakalarda bolg'an. Xanakalarda filosof h'a'm teolog alımlardın' qatnasıwında du'nya ilimleri jan'alıqları menen ilim jetiskenlikleri boyınsha gu'rrin'ler menen lektsiyalar o'tkerilip turg'an, h'a'r qıylı bag'dardag'ı pikir alısıwlar ju'rgizilgen.

O'zlerinin' bendelik parızların orınlag'an ko'pshilik pirlerdin' sol o'zleri xızmet etken jaylarda daxm etiliwlerine baylanıslı bunday xanakalarg'a qosımsha ziyaratxanalar salınıp, olardın' burıng'ı wazıypaları ken'eyip endi ziyaratshılardı da qabıl etetug'ın komplekske aylang'an.

Xanakalarda jasag'an da'rwishlerdin' turmısı h'a'm xızmeti ju'da' ayrıqsha bolg'an. Da'rwishlerdin' bir toparı ordenge tiykar salg'an sheyx a'wliyesi qasında-xanakada turaqlı jasag'an, ekinshi toparı alıs saparlarg'a shıg'ıp otırg'an. Sapardag'ılardın' qatarı Mekkege yamasa jergilikli karamatlı a'wliyelerge xadj jasawshı ziyaratshılar menen tolısıp barg'an. Orta a'sirlerde bunday ziyaratshı toparlardın' ju'da' ko'p bolıwına baylanıslı olar jol boyınsha waqıtsha toqtap o'tetug'ın orınlardı talap etken. Na'tiyjede sapardag'ı ziyaratshılardı mut jataq orın, awqat, ko'ligin ot-sho'p penen ta'miynlewshi qurılıslar tek qalalı orınlarda salınıp qoymay sawda jolı boylarında da tiklengen.

Sufizmnin' XII a'sirlerdegi iri wa'kili Xoja Axmad Yassawiydin' birinshi sha'kirti, ullı jerlesimiz Hakim ata-Sulayman Baqırg'aniydin' Qon'ırat h'a'm Moynaq rayonları aralıg'ındag'ı jaylasqan qa'biri qaptalındag'ı eski qurılıs qaldıqları xanakag'a tiyisli bolıwı kerek. Akademik S. Kamalovtın'

[47] G'. Xojaniyazov, J. Hakimniyazov Qaraqalpaqstannın' a'jayıp jeti esteligi No'kis 2004-j. 44-bet

anıqlawınsha, Hakim tata qon'ıratlı qaraqalpaqlardın' uranı bolg'an. Sonın' menen birge, bizin'she ol Qon'ırat (Adaq-Aral) qalasının' piri bolg'an. Hakim tatadan burınıraq jasag'ansufizmnin' iri wa'kili Shıbılıy ata qa'biri (Kegeyli rayonı) qaptalında da suwpılar ma'nzilxanası bolg'an. Usınday suwpılar ma'nzilxanası u'lkemiz ta'biyatının' en' sulıw orınlarının' biri A'miwda'ryanın' on' jag'alawında, Qarataw etegindegi bulaqtın' qaptalında bolg'an. Ol akademik Ya. G'. G'ulamovtın' anıqlawınsha XIX a'sirde du'zilgen Za'n'gi ata shayıqları shejiresinde ko'rsetilgen, Yassawiyler ta'liymatına tiykar salıwshılardın' biri Shayıq Jalilge tiyisli. Keyin ala qa'dem jayg'a aylang'an bull muxaddes orın h'a'zirgi waqıtta jergilikli xalıq arasında ken'nen ma'lim[48].

Qa'bir u'stine maxbaralar tiklew da'stu'ri Orta Aziyada IX-XI a'sirlerden baslanadı. Olardın' qatarına IX a'sirge tiyisli Buxaradag'ı Samanidler maxbarası , Mervtag'ı Sultan Sanjar maxbarası, Kermindegi Mir-Seyd Baxrom maxbarası(XI), Jambıldag'ı Karxan maxbarası(XI), Go'ne Urgenchtegi İl Arslan h'a'm Muxammed Tekesh maxbaraları (XII) sıyaqlı qurılıslar jatadı. İtibarlı maxbaralar qaptalında memorial kompleksler h'a'm ansambller qurıla baslaydı(Hakim at Termiziy h'a'm Sultan Saodat Termizde, Shaxi Zinda Samarqandta). Sonday aq usı da'wirde Qaraqalpaqstan jerindegi qa'dem jaylar bolg'an Sultan Ways baba(Beruniy), Shıbılıy ata (Kegeyli), Hakim ata Sulayman Baqırg'aniy (Moynaq) qa'birleri u'stinde de h'a'r qıylı maxbarala tiklenedi.

En' da'slepki tiklengen maxbaralar bir xanalı bolg'an. XIII-XIV a'sirlerge kelgende maxbaralar qaptalında ziyaratxanalar h'a'm tilewxanalar payda boladı.

Bug'an Xojelidegi Mizdaxkan kompleksinde Jaylasqan Shamun-Nabiy maxbarası mısal bola aladı. Shamun-nabiy qa'biri u'stine tiklengen saxana da'slep uzaq waqıtlar dawamında ashıq aspan astında turg'an. Son' XIII a'sirlerge kelgende onın' qubla qaptalınan tilewxana qurıladı. Keyin ala sag'ana u'stine maxbara tiklenedi. Bunday tilewxanalar orta a'sirlerde Sultan Uays baba

---

48 Sonda 46-bet

maxbarasında, Narinjan baba maxbarasında belgili bolsa, jan'a da'wirlerde olardın' Murat sheyx, Axun baba, Shax Abaz Uali h'a'm t.b. belgili shaxslardın' maxbaraları qaptallarında payda boladı.

### 2.3. Sıyınıw orınları h'a'm meshit medreseler

**Sultan Ways İbn al Garani.** Sultan Ways baba 625-jılı Yemen ma'mleketinin' Garani degen awılında du'nyag'a keledi. Jeti jasına kelgende ol adamlardın' qa'lbindegi oyların, aldag'ı bolajaq waqıyalardı boljap bile alatug'ın qa'siyetke iye boladı. Onın' bul ko'zi ashıqlıg'ın, ka'ramatın ko'rgen awıllasları seskenip, Sultan Waystı quwdalaydı. Na'tiyjede ol anası menen awıldan shıg'ıp ketip, A'miwda'ryanın' to'mengi boyındag'ı Qarataw janbawırlarına kelip ma'kan basadı. Bul jerge olardın' panalawına shopanlar ja'mlesedi. Sultan Ways Yuzbay degen baydın' tu'yeleri menen qoylarına shopanlıq etedi. Basqa shopanlardın' baqqan mallarına qarag'anda onın' malları tez o'nip-o'sip egizden balalaydı. Ol xalıq arasında o'zinin' u'sh qa'siyeti menen ma'lim boladı:

«Makomi toy» - h'aqlag'an jayda boladı, h'aqlag'an jayg'a baradı. «Kashiloful kulub» - h'a'r bir adamnın' qalbinde qanday niyeti bolsa biledi. «Kashiful nubru» - qa'birdegi marxumnın' ah'walın janınan o'tkende ayta aladı. Usı ka'ramatlı qa'siyetlerin ko'rgen. Xalıq onı ta'n aladı.

Muxammed payg'ambar kesellikten xijnin' 12 (632) jılı du'nyadan o'tedi. O'lmesinen aldın payg'ambar, h'a'zireti Aliy, Ha'zireti Omarlardı aldına shaqırıp, o'zi a'lemnen o'tkennen keyin onın' bir qırqasıq, shapanın, sa'llesin h'a'm h'urmanı dostı Sultan Ways Korayninge jetkerip beriwlerin wa'siyat qıladı.

Payg'ambarımız Saloloxu alayh'i Vassalamnın' wa'siyat qılıp u'mmetlerimnin' gu'nasın allataladan tilesin dep berip jibergen bul sawg'aları iyesine tabıs etiledi.

Hijriydin' 34 (656) jılı Ha'zireti A'liy Fors ma'mleketine islam ta'liymatın ornatıw maqsetinde ju'ris jasaydı. Og'an pu'tkil musılman ma'mleketlerinin'

patshaları qatarında qatnasqan Sultan Ways h'ijriydin' 37 (659) jılı Shavval ayının' 17-sa'nesinde sheyit boladı.

İslam dinin tarqatıp, payg'ambar jolın tutqan alla-talanın' ıshqında «h'u-h'aq» aytıp o'mirin o'tkizgen a'wliyeler -a'wliyesi ko'z jumg'anın ko'rgen urısqa qatnasqan ma'mleketlerdin' patshaları onın' jasadların o'z ellerine alıp ketiw ushın tartısadı. Sonda Ha'zireti A'liy bul ma'selenin' sheshimin tapqansha olardı toqtatıp bir ku'n ma'wlet aladı da niyet qılıp jatadı. Onın' tu'sine payg'ambarımız Muxammed enip, Sultan Ways Korayninnin' ma'kanı Xorezm ekenligin aytadı. h'a'zireti A'liy uyqıdan turıp patshalarg'a tabıt jasawdı buyıradı. Payg'ambardın' ka'ramatı menen Sultan Ways jasatı jeti patshanın' soqtırg'an tabıtın da da ko'rinedi. Biraq h'aqıyqıy jasad Xorezm patshası jasatqan tabıtqa salınıp Xorezmge jiberiledi h'a'm o'zinin' o'miri o'tken Sultan Ways tawına dafn qılınadı.[49]

Sultan Ways baba qabirine 998-jılı Sultan Muxammed Xorezmshax ta'repinen birinshi ret maxbara salındı. Shın'g'ısxan shabıwılı waqtında zaqımlang'an bina 1805-1806 jılları Xiywa xanı Eltezer xan ta'repinen qayta tiklenedi.

Orenburgta ta'lim alıp eline qaytıp baratırg'an shah'zada Allaqul Sultan Ways tawında dem aladı, baba ruwxlarına tilawat qıladı. Tu's ko'redi, tu'sinde baba og'an elin'e barg'annan keyin Xiywag'a xan bolasan' deydi. Haqıyqatında da Xiywag'a qaytıp kelgennen keyin ko'p uzamay Muxammed Raxim I du'nyadan o'tip, Allaquldı Xiywag'a xan (1825-1842) etip ko'teredi. Tu'si on'ında kelgen xan Sultan Ways Baba h'urmetine maxbara qurdıradı. Maxbaranı tiklegen usta usı jerde o'zine de arnap maxbara quradı. Biraq, ol du'nyadan ko'z jumg'an waqıtta A'miwda'ryada muzdın' abırajı bolıwı aqıbetinde onın' denesi da'ryanın' sol ta'repinde h'a'zirgi Xorezm oblastının' Shavat qalasındag'ı qa'biristang'a jerlenedi».[50]

---

[49] Xasanbay Ma'tkarim iyshan ulı, Abduraxman A'minjan iyshan ulı. Sultan Vays Koraynin maxbarası tariyxı, Tashkent, 1991.

[50] Xojaniyazov G'., O.Yusupov. Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar No'kis 1994-

Sultan Ways Koraynin tariyxta bolg'an shaxs h'a'm onın' jasag'an da'wiri h'aqıyqatında da VII a'sirge tuwra keledi. Lekin onın' tuwılıp, o'lgen jılları h'aqqında alımlar arasında h'a'r qıylı pikirler bar. Ma'selen onın' o'lgen jılın bir jerde 22 h'. (643) jılı dese, 1889-1899 jılları Stambulda basılg'an «Xamusul Alam» kitabında Sufin urısında 38 xidjra jılı (659), shavval ayının' 17 sa'nesinde qazalanıp Siriyadag'ı Sofa awılında jerlengenligi aytıladı[51]

Sultan Ways qoyımshılıg'ı Qıtay sawda jipek jolının' Gurgandj arqalı o'tetug'ın tarmaqlarının' birinin' boyında, ta'biyatı go'zzal Qarataw janbawrayında, shıg'ıstan batısqa qaray, bir-eki shaqırımg'a sozılıp ornalasqan.

Qoyımshılıqtı oraylıq orın tutatug'ın Sultan Ways kompleksi planı boyınsha tuwrı to'rt mu'yeshlik bolıp (56,76x21,29) ol pisken gerbishten o'rilgen, xalıq (0,8 m) h'a'm biyik (2-2,1 m) diywallar menen qorshalg'an. Diywal ishinde babanın' maxbarası (17,25x15,7 m) Xonako, jazg'ı h'a'm qısqı meshit h'a'm jigirmag'a shamalas u'lkenli kishili h'ujralar jaylasqan.

1985,1989,1990-jıllar dawamında komplekste alıp barg'an ilimiy baqlawlar onın' bir neshshe da'wirdi o'zine qamtıytug'ının ko'rsetti. Ko'p waqıtlar dawamında qa'bir u'stinde h'esh qanday qurılıs bolmag'an. Da'slepki maxbaranın' salınıw waqtı usı aymaqtın' gu'llep rawajlang'an da'wirine, yag'nıy qoyımshılıqqa jaqın jaylasqan Qızıl qala h'a'm kishi topıraq qalaların paydalang'an. XII-XIII a'sirlerdin' baslarına tuwra keledi. Usı waqıtları Sultan Ways baba qa'birine, ulıwma qoyımshılıqqa qa'wenderlik etken adamlardın' qonıs orınları onın' arqa batıs qaptalında saqlang'an. Ha'tteki, sol XII-XIII a'sirlerde baba qoyımshılıg'ında xızmet etken shayıqlar paydalang'an ıdıslardın' tabılıwı, onın' ayqın da'liyli bola aladı.

Bu'gingi ku'ni olardın' ayırımları Xiywa qalası muzeyi fondlarında saqlawlı turıptı. Olardın' ishinde bizdi ayrıqsha h'ayran qaldırg'an na'rse Qaratawdın' talk tasınan islengen a'jayıp chaynik bolıp esaplanadı. Chayniktin' sırtqı diywalları tolıg'ı menen oyma nag'ıs penen bezelip, onın'

---

[51] Xasanbay Matkarim iyshan ulı, Abduraxman Aminjan iyshan ulı. Sultan Vays Koraynin maxbarası tariyxı. Tashkent, 1991.

ortasında shawıp baratırg'an jayranlardın' ko'rinisi berilgen.[52] Bul sol waqıttag'ı ata-babalarımızdın' su'wretlew iskusstvosı salasında jetiskenliklerin ko'rsetip qoymay ten'i tayı joq a'jayıp tabılma bolıp tabıladı.

1221-jılı Qubla Aral boyın Shın'g'ısxan basshılıg'ındag'ı mongol armiyasının' jawlap alıwı da'wirinde maxbara zaqımlanıp XVI a'sirde qayta tiklengen. Bunı onın' sol da'wirge tiyisli arxitekturalıq qurılıslarg'a uqsaslıg'ının' o'zinen-aq ko'riwge boladı.

Sultan Ways baba meshittin' qurılıw da'wiri usı waqıtqa tuwra keledi. Ol h'aqqında mag'lıwmatlardı graf Vorontsovlardın' arxivlik dereklerinen ushıratıwg'a boladı. 1800-jılı Sultan Ways babada bolıp onı kartag'a tu'sirgen injener Velichko komplekste meshittin' bar ekenligin eslep jazadı. Demek XVIII a'sirde meshittin' bolg'anı anıq degen so'z[53]

XIX a'sirdin' birinshi yarımında, a'sirese Xiywag'a Allaqul xan xanlıq etken da'wirde (1825-1842) teberik orınlarg'a ayrıqsha kewil awdarılg'an. Xanlıqtag'ı usınday belgili orınlardag'ı ko'pshilik maxbralardı remontlaw qayta tiklew, abadanlastırıw jumısların ju'rgizgen. Sonın' ushın da ko'pshilik orınlardag'ı maxbaralardın' tikleniw tariyxı usı shaxs atı menen baylanısıp ketken. Mine usı da'wirde (XIX a') Sultan Ways baba kompleksinde jumıslar ju'rgizilip, onın' sırtqı diywalı, mayda xidjralar sıyaqlı bir qatar qurılıslar boy ko'terdi. Sonday-aq usı waqıtları Vali atalıq maxbarası qurıldı.

Kompleks quramına bulardan basqa Sultan Ways baba atı menen baylanıslı jeti batır qa'biri, munajat to'be, kiyik sawg'an, h'a'wiz qusag'an bir qansha orınlar bar. Shinar baba esteligi XIV a'sirge tiyisli bolıwı itimal.

Sekseninshi jıllarda baslang'an Sultan Ways baba kompleksin qayta tiklew jumısları 1991-jılı tamamlanıp, h'a'zirgi waqıtta kompleks Beruniy rayonı dindarlarının' paydalanıwına arendag'a berilip qoyılıptı. Bul jerde a'wliyege kelgen ziyaratshılar ushın barlıq sharayatlar tuwg'ızılg'an.

**QABAQLI ATA.** Qoyshılıqta ziyaratshılardın' keletug'ın oraylıq ornı Qabaqlı ata qa'biri. Bul erte zamanlardan Aral ten'izin jag'alap jasag'an .

[52] Xojaniyazov G'., Yusupov N., 1989, 15-17 bet
[53] Xojaniyazov G'., Yusupov O., Sonda 27-bet

Qaraqalpaqlardın’, sonday-aq keyin ala qonıs basqan qazaqlardın’ u’lken qoyılshılıg’ı. Mazarstan arqadan qublag’a yarım shaqırımg’a shamalas sozılıp atırg’an biyik qum u’stine ornalasqan. Qoyshılıq territoriyasında XVIII-XIX a’sirlerde salıng’an qatar arxitekturalıq estelikler-maxbaralar saqlang’an. Xalıq arasında ol h’aqqında h’a’r qıylı an’ız a’psanalar saqlanıp kelgen. Bul teberik orında Jiyen jıraw, O’tesh shayır Annaqul shayır, Omar shayır, Begjan shayır, Edil biy, A’bdikerim axun, Bekmurat axun h’a’m tag’ı basqa xalqımızdın’ belgili prezentleri jerlengen[54] .

Jiyen jıraw (1730-1784). Jiyen jıraw qa’birinde XVIII a’sirde ornatılg’an sag’ana tam bizin’ ku’nimizge jetip kelgen. Onı anıqlawda 1990-jılı usı qoyımshılıqtın’ shıyıqshısı Yusup atanın’ ja’rdemi ko’p bolg’an.

Qaraqalpaqstan tariyx h’a’m ma’deniyat esteliklerin qorg’aw ja’miyeti intası menen 1991-jılı 30-31 mart «Eske tu’siriw ku’nleri» Qarao’zek rayonında jırawdın’ 260 jasqa baylanıslı ilimiy praktikalıq konferentsiya sho’lkemlestirildi, onın’ qa’birine estelik qullı tası ornatıldı.

O’tesh shayır (1828-1902) JiyeAn jırawdın’ aqılıg’ı qaraqalpaq xalqının’ belgili shayırı O’tesh Alshınbay ulı qa’biri babasına jaqın jaylasqan. O’tesh shayır qa’birinde sol babasının’ 260-jıllıg’ı o’tkerilgen ku’nleri estelik qullı tas ornatıldı[55] .

**İMAM İShAN.** XIX a’sirdin’ ortalarına kelgende Qırantawda Qalmaqqala qoyımshılıg’ı birqansha eskirip og’an jaqın jerde eki u’lken qa’dem jay payda boladı. Jergilikli xalıq arasında bull orınlar h’a’zirgi waqıtta İmam iyshan h’a’m Bektemir iyshan qoyımshılıg’ı degen atlar menen ken’nen ma’lim. Olardın’ ekewide XVIII a’sirdin’ ekinshi yarımı XIX a’sirdin’ birinshi yarımında o’tken, Buxara medreselerinde ta’lim alg’an o’z da’wirinin’ ag’artıwshı tariyxıy shaxsları.

İmamaddin Qaypnazar biy ulı o’mirinin’ belgili bo’legin u’lkemizdin’ ju’da’ payızlı jerlerinin’ biri Qırantawda o’tkergen h’a’m usı jerde o’zinin’ meshitinin’

[54] “.Xojniyazov, O.Yusupov «Qaraqalpaqstandag’ı muqaddes orınlar» No’kis 1994 jıl 38-bet.

[55] “.Xojaniyazov, O.Yusupov «Jiyen dıraw zamanı h’a’m miyrasları». «Jen’is bayrag’ı» 1990 j 30 mart

qaptalında jerlengen. Meshit h’a’m babanın’ gu’mbezi A’miwda’ryanın «Alman qayır» shıg’anag’ınan keyin baslanatug’ın Qırantawdın’ h’a’m qoyımshılıqtın’ qubla shetinde jaylasqan. Qısnaqtan burqıp shıqqan da’rya suwı, usı jerde o’mirinshe jasag’an Qosıbay Alman ulının’ (94 jasar) mag’lıwmatı boyınsha, Qırantawdın’ tikjar on’ jag’asın 250-350 metrge shekem jemirip degish alıwı aqıbetinde meshit h’a’m gu’mbez buzılg’an, qa’bir eki reet ko’shirilgen[56].

İmam iyshannın’ ekinshi gumbezi do’n’gelek tu’rde qara u’ylerdi esletip salıng’an, to’besi bastırılıp, onın’ ishinde saxana ornatılg’an[Esbergenov, 1966]. Qaraqalpaqlardın’ qara u’ylerine megzes bunday gu’mbezler XVII-XVIII a’sirlerde qurılg’an arxitekturalıq esteliklerden (Murat shayıq, Ku’yik Seyit, A’zizler baba, Toqpaq ata h’a’m t.b.) ken’nen ma’lim. Usınday arxitekturalıq ko’rinis qaraqalpaqlardın’ sol da’wirdegi meshitlerinde de (Qoshqar ata) o’z sa’wleleniwin tapqan.

İmam iyshan joqarı da’rejeli axun. Og’an iyshan h’u’rmetli atag’ı elimizdin’ ko’pshilik axunları sıyaqlı jergilikli xalıq ta’repinen berilgen. İyshanlar a’piwayı qarapayım xalıqqa axun da’rejesine iye adamlarg’a qarag’anda ku’ndelikli turmısta jaqın bolg’an. «İyshan» parsı so’zi bolıp tiykarınan ka’ramatqa iye shayıqlarg’a berilgen at. XII a’sirlerde o’zlerinin’ ka’ramatları menen belgili shayıqlar «h’a’zireti iyshan»-dep atalg’an. İyshan ataması jazba dereklerde XII-XIII a’sirlerden ma’lim bolıp, ol da’slepki waqıtları ten’ew ma’nisinde paydalanılg’an. Ma’selen, Rashid ad Dinnin’ shejire shıg’armasında iyshan Baba Yakubtın’ suwfısı bolg’anlıg’ı aytıladı. Lekin, alımlardın’ anıqlawınsha «iyshan»-so’zi bul waqıtları tu’rk tilinde ele belgisiz. XIV a’sirde «iyshan» titulı joqarı da’rejeli shaxsqa ayrıqsha h’u’rmetti an’latqan. Lekin bunnan «iyshan»dı ataq dep tu’sinbew kerek. Temuriylar da’wirinde ju’da’ belgili h’a’m sıylı adamlar «h’a’zireti iyshan»-dep atawg’a qarsı bolg’an. Shıg’ıstanıw iliminen

[56] K. Naimov, G’. Xojaniyazov İmam iyshan-qarakalpak xalqının’ ullı ulaması h’a’m ag’artıwshı tulg’ası. No’kis 2005. 22-bet

ken'nen ma'lim Xoja Axrar waqtında «iyshan»-dep atalg'an. Demek iyshan institutı Orta Aziyada XV-XVI a'sirlerde payda bolg'an bolıwı itimal[57].

İmam-musılman ellerinde laqap bolıp ol tituldı, ataqtı, lawazım tu'rin bildirgen. Ma'selen h'idjranın' birinshi jılında Xalif Omardı a'mir al-mumin (musılmanlardın' h'u'kimdarı) dep atag'an. Abbasidler sulalasınan xalifler h'u'rmetli atlarg'a iye bolıp , olardın' o'zlerinin' atların qısıp shıg'arg'an. Birinshi Abbasid xalifası Saffaxtın' u'lken ag'ası Muh'ammad ibn Ali xalif taxtına shıqpay atırıp-aq al İmam, yag'nıy musılmanlar ja'miyetinin' basshısı degen attı o'zine miyasar ko'rgen.

Demek, İmamatdinnin' İmam formasına o'zgeriwinde lekin bar degen so'z. Solay etip İmam iyshan Qubla Aral boyının' XVIII a'sir aqırı XIX a'sirdin' birinshi yarımındag'ı musılman ja'miyetinin' basshısı bolg'an.

**SU'YİN İShAN KOMPLEKSİ**. Bozataw rayonı «Qazanketken sovxozı» soramndag'ı Qusxana tawının' eteginde jaylasqan. Bul jerde ishan meshiti, qa'biri h'a'm qoyımshılıq ornalasqan. Andijan awılının' seksen jasar turg'ını Qulnazar atanın' 1985-jılı aytqan gu'rrin'ine qarag'anda Su'yin ishan inisi menen Qabatıllag'a ziyaratqa barıp, jeti jılda aylanıp kelgen. İshannın' a'wladı Qırıq Sadaq ishan 1926-jılı du'nyadan o'tken. 1903-jılı Qırıq Sadaq awılında bolg'an belgili tyurkolog A.İ. Belyaev Su'yin ishannın' qaraqalpaqtın' qa'ndekli urıwınan ekenligi, Qusxana tawı qaptalında onın' bag'ı bolg'anlıg'ın jazıp qaldırg'an[58] . Suyin ishan qoyımshılıg'ında Nurabılla jıraw jerlengen.

**ALLABERDİ A'ZİZLER ATA.** No'kis rayonı Aqman'g'ıt elatının' aymag'ında, To'k qalanın' ku'n shıg'ısında jaylasqan. XVIII a'sirdin' ortalarında (1744 j) Shortanbay qonıslıg'ındag'ı otırıqshı xalıqlarg'a Allaberdi ishan imamlıq etken. Ruwxıy basshı sıpatında qaraqalpaqtın' qon'lı ruwınan Allaberdi ishan dereklerde eske alınadı. 1912-jılı V.Lobachevskiydin' kartasında Allaberdi qoyımshılıg'ı ko'rsetilgen. Haywan qala do'gereklerinde A'zizler

[57] K. Naimov, G'. Xojaniyazov İmam iyshan-qarakalpak xalqının' ullı ulaması h'a'm ag'artıwshı tulg'ası. No'kis 2005. 23-bet
[58] Sol jerde 40 bet.

babanın’ 300 tanap jerlerge iyelik etkenligi h’aqqında Xiywa xanlarının’ jazba dereklerinde de ushırasadı[59] .

Babanın’ qa’biri u’stindegi burıng’ı maxbaranın’ buzılıwı aqıbetinde, 1979-jılı onın’ urpaqları ta’repinen jan’adan qos gu’mbez tiklenip, og’an estelik tas ornatılg’an. Onda Allaberdi A’zizler baba, onın’ a’wladları Raxman kuli, Subxan kuli (1852-1895) h’a’m t.b. isimler jazılg’an[60] .

Bul teberik orında O’teniyaz jıraw İymbet ulının’ qa’biri bar. Maman biy İbn Oraz Muxammed (Orazaq) Batır, Aqsaqal (1722-1826 jj). Aqman’g’ıt Edige batır, biydin’ a’wladı Maman biy Jan’ada’rya, Quwanda’rya h’a’m A’miwda’ryanın’ tarmag’ı Kegeyli, Jilwanjal boylarında jasag’an. Maman biydin’ qa’biri «A’zizleratada», Maman biydin’ Dosmuxammed biy, bolıs atlı ulınan Sapar Murat biy, bolıs h’a’m A’bdimurat biy, bolıs degen aqılıqlar boldı .

**MURAT ShAYIQ AZİZ BABA XOJA İBN İShİM SULTAN MUXAMMED BAXADURXAN (1675-1748).** Qaraqalpaqlar XVIII a’sirdin’ aqırında Sırda’rya boyınan Seren qala do’gereklerinde (Qara o’zek rayonı) kelip qonıs basadı.

Sırda’rya h’a’m quwanda’rya boylarındag’ı qaraqalpaqlarg’a kelgen elshi F.Gordeev (1743) Qaraqalpaqlardag’ı ruwxanıy Murat Shayıq penen ushırasqanın esleydi[61] . Biraq bul jerlerdi suw basıp ketiw qa’wpi tuwg’anlıqtan olar qonıs o’zgertiwge ma’jbu’r boladı. Usı waqıtları Ha’zireti shayıq a’lemnen o’tedi. Shayıqtın’ tabıtı ju’klengen aq tu’yenin’ birinshi sho’kken jeri h’a’zirgi Qarao’zek rayonının’ ma’deniyat xojalıg’ındag’ı biyik qumnın’ bası eken. Murat shayıqtı daxm etip, el sol jerdi do’gereklep qonıs basadı.

Onın’ qa’biri u’stine tiklengen maxbara h’aqqında to’mendegidey a’psana bar. Jol u’sti usı jerde toqtap o’tken. Xiywa xanlarının’ biri babanın’ qa’birin h’a’m onı ziyaratlap ju’rgen adamlardı ko’rip «xalıq a’ytewir shopandı da a’wliye dep sıyına beredi» -dep ku’lgen qusaydı. Ko’p uzamay xalıqtın’ u’stinen ku’lgen xannın’ ishi burıp, qattı awırıptı. Sonda ol babanın’ ka’ramatınan qorqıp

[59] Bregel Yu.A’. Dokumentı arxiva Xivinskix kanov po istorii i a’tnografiya karakalpakov M. 1967
[60] “.Xojaniyazov O.Yusupov Sol jerde
[61] “.Xojaniyazov, O.Yusupov Qaraqalpaq xalqının’ tariyxıy estelikleri. «A’miwda’rya» 1983 ¹ 7

h’a’m xalıqtan uyalıp shayıq u’stine gu’mbez saldırg’an qusaydı. Shınında 1810-jılı dekabrde, bazar ku’ni Aq jag’ıstan shıg’ıp, Ko’k o’zek boyında h’a’zireti Murat shayıq qa’birine jaqın jerde Xiywa xanının’ (Qutlımurat inax) toqtap o’tkenligi saray taryixshısı Munistin’ jazba dereklerinen belgili[62] .

Waqtında Xoja, tarxan, san axun, a’ziyz ataqların alg’an Aral boyının’ en’ belgili h’a’ziretlerinin’ biri Murat shayıq qa’biri u’stine XVII a’sirdin’ ortalarında qara u’y tu’rinde maxbara tiklengen.

1936-jılı onın’ aldında ziyaratxana salıng’an. 1992-jılı jergilikli xalıq balamasında jan’a maxbara tiklendi. Maxbara qaptalında shayıqtın’ qıyametlik inisi, elge xojalıq buyımların, batırlarg’a qılısh, nayza sıyaqlı qarıw jaraq sog’ıp bergen qazayaqlı Elibay shoyınshı Genjebay ulı jerlengen.

Bul teberik orında sonday-aq qaraqalpaqtın’ ataqlı batırları menen biyleri bar. Olardan qaramoyın Amanbay batır biy, İbn Qurbanazar biy (1791-1881), bessarı Ja’nibek batır biy, Qıpshaq-Taylaq batır İbn Tolıbay biy (1792-1873 jj).

Qoyımshılıqta ko’plegen qurılıslardın’ qaldıqları saqlang’an. Sonın’ ishinde u’sh metr biyiklikte saqlang’an minar qaldıg’ı bar. Jergilikli xalıq onı sha’wim to’be-oylasıq to’be dep ataydı[63] .

**AXUN BABA.** Shımbay rayonı Bozataw xojalıg’ı soramında, Shımbay Shaxaman tas jolının’ on’ qaptalında «Axun baba tawında» ornalasqan. Onda u’sh ju’z jılg’a shamalas waqıttı o’z ishine qamtıytug’ın qa’bir baslarına tiklengen a’piwayı sırıq belgilerden maxbaralarg’a shekemgi qurılıslardı ushıratıwg’a boladı. Bulardın’ h’a’mmesi oraylıq orında jaylasqan Axun baba gu’mbezin do’gereklep ornalasqan. Maxbara qurılıs materialları h’a’m arxitekturalıq o’zgeshelikleri onın’ XVIII a’sirlerde qurılg’anınan derek beredi. Tariyxıy dereklerde h’a’m xalıq arasında aytılıp ju’rilgen an’ızlardag’ı mag’lıwmatlarda da’slep qurılıs meshit xızmetin atqarıp, baba du’nyadan o’tken son’ og’an o’zi jerlengen. Waqıttın’ o’tiwi menen, ma’deniy qatlamlardın’ ko’teriliwi maxbaranın’ saxana jaylasqan bir bo’legi jer astında qalıp ketken.

[62] Danilevskiy G.İ. «Opimanie Xivinskogo xanstva» 1851 g.
[63] “.Xojaniyazov, O.Yusupov sol jerde 41 bet.

1856-1865 jıllardag'ı dereklerde Kegeyli kanalı menen sawda kemeleri Axun baba elatına kelgenligi ma'lim. Ol waqıtlarda Axun baba ishan elatında 37 xojalıq bolg'an.

Bul jerde XIX a'sirde jasag'an beligli Qıpshaq Erejep (tentek) Qulshı ulı, A'bdirasıli jıraw, Tu'reke ulı, Buxara medresesin tamamlag'an qayshılı A'biw axun, onın' balası qalender axun, aqlıg'ı Begdulla axun, qaraqalpaqtın' jıraw baqsıları, ulama h'a'm pirleri, el ag'aları, batırları jerlengen.

Erejep (Tentek) Qulshı biy ulı. (1801-1888) 1873-jılı 10-iyunda rus generalı Kaufmal menen ushırasıwg'a qaraqalpaqtın' altı biyin Xiywa qalasına basqarıp baradı. Erejep Qulshı ulı Shımbay rayonı territoriyasında o'mir su'rgen. Qaraqalpaqtın' qıpshaq urıwının', ja'dik tiyresinen shıqqan. 1874-jılı rus ilimpazı A.Sobolev penen o'z qorg'anında ushırasadı h'a'm onın' mag'lıwmatları «russkiy invalid» gazetasında ja'riyalanadı. Erejep biy Ag'a Babanın' qa'biri «Axunbaba» qoyımshılıg'ında

**TOQPAQ ATA.** Moynaq qalasının' U'sh say poselkasında biyik qumnın' basında jaylasqan. Toqpaq ata jo'ninde Jiyek jırawdın' h'a'm Ku'nxoja shıg'armalarında: Toqpaqtan esti qattı jel. Bunnan bardım h'a'zireti Toqpaqqa degen qatarlardın' ushırasıwı onın' XVIII a'sirdin' ortalarınan belgili ekenligin ko'rsetedi. XIX a'sirde bul jerde bolg'an Vengriyalı alım Vamberi Toqpaq atanın' «balıqshılardın' tiri» ekenligin, gu'mbez ishinde eski shapannın', u'y buyımlarının' saqlang'anlıg'ın aytadı[64] .

Xalıq arasında Toqpaq ata, Buwraxan ata, Ha'kim atalar Xoja Axmad Yassawiydin' sha'kirtleri bolg'an degen an'ızlar saqlang'an. Toqpaq ata Xoja Axmad Yassawiden pirlik etiwdi sorag'anda, og'an ele er jetken joqsız dep ruxsat bermewine qaramastan o'zliginen ketip qalg'an h'a'm o'z kemesinde suwg'a ketip g'raq bolg'an. Ha'zirgi ornı onın' denesinin' tolqın menen ıg'ıp shıqqan jeri eken.

---

[64] Sol jerde 43-bet

Toqpaq atanın’ qa’biri u’stindegi maxbara materialları onın’ XVIII a’sirde salıng’anlıg’ın ko’rsetedi. 1992-jılı onın’ ornına jan’a gu’mbez tiklenildi.

**QIZ A’WLİYE.** XV-XIX a’sirlerdegi Buxara xanlıg’ının’ en’ arqa-batıstag’ı shegarada ko’shpeli h’a’m otırıqshı qarqalpaqlardın’ ma’kan jayındag’ı eski qa’birstan. Ol Qarateren’-Qarako’l boylap o’tken eski ka’rwan jolı boyındag’ı taq minar qaptalında jaylasqan. 1990-1991 jılları izertlengende bul komplekste XVIII-XIX a’sirlerge tiyisli bir qatar maxbaralar, saxana, meshit h’a’m tamlardın’ barlıg’ı anıqlanıldı. Maxbaralardın’ birinin’ kirer man’layshasında gipsten islengen o’giz basının’ ko’rinisi qoyılg’an. Gu’mbez ishindegi qaptal diywallarında da usı materialda h’aywan shaqı su’wretlenilgen .

O’gizge sıyınıw erte zamanlardan belgili. A’yiemgi Shumerde O’giz Ay qudayı menen baylanıstırılg’an. Bul o’z gezeginde alg’ashqı obshinalıq ja’miyettegi an’shılıq da’wirlerinen baslanadı.

Xalıq arasında aytılıp ju’rgen a’psanalarda No’kis rayonı aymag’ında jaylasqan. Xaywan qalada o’gizge baylanıstırıladı.

**QARAQUM İYShAN.** XVIII-XX a’sirlerdin’ baslarında qaraqalpaqlardın’ ruwxıy h’a’m ma’deniy oraylarının’ biri. Bul teberik orın Bozataw rayonı aymag’ındag’ı «Qaraqalpaq» xojalıg’ı soramında jaylasqan. Waqtında bul orındı do’gereklep qaraqalpaqtın’ Qon’ırat ulısının’ iri urıwları qoldawlı, qostamg’alı, baymaqlı, terme tamg’alı, mu’yten, ashamaylı h’a’m tag’ı basqa awıllar qonıslasqan. Mine solardın’ orayında ornalasqan Qara qum ornında Qutlı Xoja A’ziyz atlı bilimdan, ulama ta’repinen meshit medrese salındı. Medresenin’ atı-h’awazı tek qaraqalpaq jerinde belgili bolıp qoymay, al tu’slikte Xorezm menen tu’rkmenler arasnda, arqa shıg’ısta qazaqlar arasında ken’nen belgili boladı. Medrese musılmanshılıq ta’g’liymatı h’aqqında oqıwlıqlar menen bir qatarda esap sanaq a’debiy, tariyxıy, ta’rtip-nızam ilimleri u’yretilgen. Medrese kitapxanası ju’da’ bay bolg’an. Onda Kaabada basılg’an «Quran», Tu’rkistanda shıqqan Xoja Axmed Yassawi, Suwfi Allayar h’ikmetleri, Qıssa Anbiya (Payg’ambarlar qıssası), shejireler, Qıssa Rabg’uzi, Qıssa Zulqarnay, Qıssa A’biw A’li İbn Sino, Ma’wleniy Ja’miy, Shaxnama,

Yusuf-Zuleyxa, Ha'kim ata, Alpamıs, Edige, «Qabusnama», «Baburnama», Qaliypa h'a'm Dimna, Nawayının' «Xamsa»sı, Bedil, Xoja Xafiz, baba Rawshan h'a'm tag'ı basqa a'debiy, ilimiy kitaplar, ko'plegen qol jazbalar saqlang'an[65] . Medresede Kunxoja, Berdaq, O'tesh, qa'wender qıssaxan sıyaqlı xalqımızdın' beligi ulları ta'lim alg'an.

Mine usı bay kitapxananı ko'riw ushın MGU studentleri: A.A.Baskakov, A.Davlet h'a'm A.İvanovlar Urallı qazaq Gutarovtın' qayıg'ında Qazaqda'rya arqalı 1926-jılı Qaraqum ishang'a kelgen. Lekin Medrese iyesinin' keselligi sebepli kitapxananı ko'riw olarg'a na'sip etpegen[66] .

1933-jılı mart ayında Sank-Peterburg qalasında o'tkerilgen QQASSR dın' o'ndiris ku'shleri izertlew boyınsha birinshi konferentsiyasında professor P.P.İvanov bayanat jasaydı. Sonda Qaraqum ishan qol jazbaların esapqa alıw h'a'm olardı saqlawdı tezlestiriw kerekliligi ma'sele etip qoyıladı. Qaraqum ishan kitapxanasına ayrıqsha dıqqat awdarıw kerekliligi zinh'arlap aytıladı

Biraq bul jumıslar ju'rgizilmey atırg'anda Qazaqda'ryada suw ko'terilip, Go'ne Qarao'zekti suw aladı. Usı ta'biyg'ıy apatshılıq aqıbetinde medrese jayları qulap, kitapxana suw astında qalıp ketken.

Otızınshı jılları paxta tapsırmag'anı ushın Qaraqum ishan a'wladları ayıplanıp QQAO Joqarg'ı Sudının' Plenumı qararı menen «h'uqıqsızlar» dep tabıladı. Na'tiyjede olardı tuwılg'an jerinen ko'shirip, erkinen ayrıw, ko'p mug'darda to'lemler salıw menen bu'lginshilikke salg'an[67] .

Usı muxaddes orındı qayta tiklewde idiris ishan ulı Rametulla maqsımnın' xızmetleri ayrıqsha. Onın' intası menen jan'a medrese qurılısı baslandı, jerlerge suw alıp barılıp bag' otırg'ızılmaqta h'a'm jollar salınbaqta.

Rametulla maqsım Buxara h'a'm Kayrda ta'lim alg'an, Orta Aziya ruwxaniyler basqarmasının' ag'zası h'a'm Qaraqalpaqstan boyınsha muxtassib lawazımlarında islegen, Sa'pmen ishan ata qa'birin anıqlawda og'an belgi ornatıwda ko'p ja'rdem etken.

---

[65] Yusupov.O Bazarbaev.R \Karakum iyshannın mediresesindegi kitaplar kayda eken . Erkin Karakalpakstan. 1993-jıl yanvar
[66] Xojaniyazov ". Yusupov.O. Qaraqqalpaqstandag'ı muqaddes orınlar. No'kis 1994 36-bet
[67] Xojaniyazov.G Yusupov.O sol jerde 37-bet

Qaraqum ishan kompleksinin' maydanı 25 ge shamalas orıng'a jaylasıp, onın' quramında h'a'm tag'ı basqa bir qatar qurılıslar bolg'an. Buzılan eski qurılıslardın' qaldıqları arasınan tabılg'an ko'lemi 23 x 23 x 5 sm bolg'an pisken gerbishlerdin' ushırasıwı, bul orında XIII-XIV a'sirlerde qanday da binalardın' bolg'anlıg'ınan derek beredi. Demek, Qaraqum ishan mederesesi taqır jerde bina bolmag'an[68] .

Kompleks qaptalındag'ı Qaraqum ishan qoyımshılıg'ında XVIII-XIX h'a'm XX a'sirdin' baslarında el basqarg'an qaraqalpaqtın' belgili biyleri, atalıqları, batırları, ulamaları, a'debiyat h'a'm ma'deniyat wa'killeri jerlengen. Olardın' arasında Kunxoja, Berdaq, Qutlı Xoja Aziyz, onın' balaları menen aqlıqları, Abbaz shayırdın' atası Dabıl ishan h'a'm tag'ı basqalar bar.

Bu'gingi ku'ni Qaraqum ishan kompleksi qayta tiklenip ja'miyettegi o'zinin' ornın almaqta.

Kunxoja İbrayım ulı (1779-1880) XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyatının' iri wa'killerinin' biri Kunxoja shayır qa'biri Uzaq ag'a Rametullaevtın' intalı jumısı menen anıqlanıldı. Og'an 1987-jılı Smet Ma'diyarovtın' baslaması menen Qaraqalpaqstan tariyx h'a'm ma'deniyat estiliklerin qorg'aw ja'miyeti ta'repinen Ma'rmar estelik qullı tas ornatıldı.

Berdimurat [Berdaq] Qarg'abay ulı (1827-1900) XIX a'sirde o'tken qaraqalpaq a'debiyatının' ullı oyshıl shayırı Berdaq qa'biri 1954-1983-jıllar dawamında ju'rgizilgen izertlewler na'tiyjesinde anıqlandı. Onda informatorlardan Qazaqda'rya Yusup ata (1883-1973 jj), Seytnazar Ayeke ulı, A'jiniyaz shıyıqshı Esen ulı, u'lke tanıwshı uzaq ag'a Rametullaevlardın' xızmetleri ayrıqsha. 1986-jılı mart ayında O'zbekstan aymag'ında birinshi ret o'tkerilgen eske tu'siriw ku'ni Qaraqalpaqstan tariyx h'a'm ma'deniyat esteliklerin qorg'aw ja'miyeti baslıg'ı Smet Ma'diyarovtın' sho'lkemlestiriwi menen shayır babamız qa'birine estelik qullı tas ornatıldı.

**KU'YİK SEYT.** Qarao'zek rayonı, ma'deniyat xojalıg'ı aymag'ında jaylasqan qaraqalpaqlardın' en' eski qoyımshılıqlarının' birinen esaplanadı.

---

[68] Sol jerde 37-bet

XVIII-XIX a’sirlerge tiyisli bir neshshe qurılıslar saqlang’an. Baba gu’mbezi qara u’y formasında qurılıp, eni 4,5 m quraydı. Diywalları qam gerbish lerden (32x16-18sm) tiklengen.[69] Bul qoyımshılıqta arqa rayonlarda belgili mustafa iyshan jerlengen.

Qazı ma’dit (Ma’wlik) Bekmuxammed ulı (1887-1950) Buxara medresesinde ta’lim alg’an, shayır, ka’tib, qıssaxan, Shımbay qalasında kitap tayarlaytug’ın mektep sho’lkemlestirgen. Ag’artıwshı Qazı No’kis rayonındag’ı Azizler baba qoyımshılıg’ında jerlengen.

Aqman’g’ıt Ernazar Palwan biy, Niyaz biy ulı. Qaraqalpaqtın’ aq man’g’ıt urıwınan shıqqan, o’z zamanında jawırını jerge tiymegenpalwan batır adam bolg’an. Ol Ernazar Alako’z baslag’an xalıq ko’terilisine qatnasıp, tuw uslap ju’rgen. Bala Ernazar degen atan’ alg’an Palwan qa’biri Mizdaxkan kompleksindegi Nazlımxan sulıw maxbarasının’ ku’n batır qublasında jaylasqan.

Altın h’a’ripli palwan mo’ri biybah’a estelik bolıp, onın’ a’wladlarında saqlanbaqta.

Arzı biy atalıq (XIX a’sir) Arzı atalıq qaraqalpaqtın’ qos tamg’alı urıwınan shıqqan belgili el ag’ası. Ol Qazaqda’rya Zayır, qusxana taw, Shaxaman jerlerine atalıq etken. Bul territoriyalarda qaraqalpaqlar salg’an Arxı qala, Qara qala, Biyryuk sıyaqlı qalalarda xalıq jawapkershilik waqıtları panalag’an h’a’m qıs aylarında jasag’an.

Arzı atalıqtın’ qa’biri Qusxana tawındag’ı atanın’ qoyımshılıg’ında jaylasqan.

**PAYG’AMBAR QIZI.** Qonıslıg’ındag’ı tariyxıy arxitekturalıq estelikler.Bul estelikler Qon’ırat qalasınan 32 km arqada da’ryanın’ Qubataw qaptalındag’ı da’ryanın’ eski salalarının’ biri ko’z da’rya jag’asında ornalasqan. İlimpazlardın’ pikirinshe Qubataw a’tirapı eski qonıslardın’ biri bolıp, ol jerde XII-XVIII a’cirdin’ esteligi «Qız qala» ornalasqan (20-162-bet). Son’ ol qız qalanın’ a’tirapında qoyımshılıq payda boıp, ol qız qoyımshılıg’ı islam

[69] Xojaniyazov.G Yusupov.O sol jerde 43-bet

ta’sirinin’ ku’sheyiwi menen «Payg’ambar qızı» qoyımshılıg’ı dep atalıp ketken bolıwı mu’mkin. «Payg’ambar qızı» ornalasqan jerde qa’bir u’stine qoyıw ushın gulalshılar islegen sırlı, saxanalar bar, olar jasıl, ko’kshil ren’de. Sonday-aq mu’yeshlerine arnawlı gulalshılar islegen zatlar qoyılg’an mazar, meshit bolmasa medresege uqsas qurılıstın’ izi bar. Olar XVII-XVIII a’sirge tiyisli estelikler. Sol ko’k jasıl ren’de sırlang’an gulal zatlarının’ salınlarına tiykarlanıp sheyxlar sol jerde Payg’ambar qızının’ qa’biri ornalasqan dep belgilegen. Biraqta bul da’wirde A’miwda’ryanın’ to’mengi alabında h’eshkimnin’ payg’ambarlıg’ı h’aqqında mag’lıwmat joq.

Payg’ambar qızı h’aqqındag’ı a’psanalardın’ birinde bul jerde da’slep elatlı orın, olardın’ ornında meshitler bolg’an.

Payg’ambar qızı elatının’ bir jigiti basqa qalalarg’a oqıwg’a ketedi, ol jaqtan eline qaytarda sol jerdin’ payg’ambarınan qarızg’a aqsha aladı. Biraq ol aqshanı waqtında aparıp bere almaydı. Sonlıqtan aqshanın’ iyesi onı izlep keledi, kelgen payg’ambar qarızdardan aqsha ornına qızın soraydı.

Qız a’kesinen bul sorawg’a o’zi juwap beriw ushın a’kesinen ruxsat aladı. Kelgen payg’ambarg’a: Men qurdasları menen seyilge shıg’aman, solardın’ ishinen meni aljaspay taba alsan’, men sag’an turmısqa shıg’aman, -deydi. Payg’ambar qızlar ishinen o’zinin’ qa’legen qızın taba almaydı.

Qızlardı uslap tu’r-tu’sine qaramaqshı bolg’anda qızlar qashıp a’bden sharshaydı. Sol waqıtta jer jarılıp, qızlar sog’an jasırınadı. Bug’an ashıwlang’an payg’ambar sol jerdegi awıl adamların qıradı. Solardın’ ishinde meshitte oqıp atırg’an qırıq balanı mollası menen qıradı Ol meshit elege shekem qırıq mollanın’ gu’mbezi dep ataladı. Bul ko’rsetilgen Payg’ambar qızı h’aqqındag’ı a’psana birinshiden islamg’a shekemgi estelik, ekinshiden bul erlerde h’esh waqıtta da a’sirese XVII-XVIII a’sirlerde payg’ambar bolmag’anlıg’ı ma’lim[70] .

Payg’ambar qızınan arqada 10-15 metrden keyin A’met ishan mazarı jaylasqan. Oın’ ko’lemi 5x5 metr. Bul jerdegi Sheyxshı Shaniyazov Jumaniyazdın’ aytıwınsha A’met ishan gAu’mbezi da’slep meshit retinde

[70] Esbergenov.X \Konırat. tariyxıy madeniy estelikleri

salıng'an. A'met ishan gu'mbezinin' ishinde saxana, onın' batıs shetinde nigirik ornalasqan. Bul gu'mbezdin' shıg'ısında jalg'astırılıp usınday ekinshi gu'mbez salıng'an. Sheyxtın' aytıwınsha bul ekinshi gu'mbezde ziyaratshılar qonıp, porxanlar zikir salıp, awırawırıwlardı «emleytug'ın» tilewxana bolg'an. [71]

Payg'ambar qızındag'ı esteliklerdin' biri Qırıq molla meshit - mazarı bolıp espalanadı. Ol Payg'ambar qızı mazarınan 70-80 metrdey batısta ornalasqan. Gu'mbez paqsa menen birge gerbish aralasıp o'rilgen.

Qırıq molla meshitinen arqada ju'z ju'zelli metr qashıqlıqta To'rebiy gu'mbezi ornalasqan. Qapısı shıg'ıstan. Bul estelik Qos gu'mbez bolıp salınıp, birinin' ishinen ekinshisine o'tetug'n qapı bar. Bulardın' h'a'r birinde qa'birler ornalasqan. Gu'mbezdin' qurılıs materialları, qurılıs usılı XVIII-a'sirlerdegi U'stirt bawrayındag'ı gu'mbezlerdin' (Bala a'wliye, Dawıt ata) usılların esletedi.Qon'ırat a'tirapındag'ı h'alıqlardın' o'z aldına biylikke birigiwine basshılıq etken to'rebiydin' iskerligi de XVII-XVIII a'sirlerge tuwra keledi.

**HA'KİM ATA** tuwralı xalıq arasında h'a'r qıylı an'ız a'psanalar saqlanıp kelgen, ayırımları XIX a'sirde baspa so'z betinde ja'riyalang'an. Mine sol a'psanalardın' birinde to'mendegishe mag'lıwmatlardı ko'riwge boladı. Xoja Ah'med Yassawi medresen pitkergen Toqpaq ata, Zan'gi ata, Qoshqar ata qatarında Ha'kim atanı da Qubla Aral boyına jiberedi. Atanın' h'a'zirgi qa'biri jaylasqan orın, sol da'slepki kelgen ma'kanı eken. Joldas kiyatırıp irkilgen jerinde atanın' tu'yesinin' boydası qaladı. Ol jerdi keyin ala xalıq «boydalı» dep ataymız. Ol h'a'zirgi Shımbay rayonı, Shımbay sovxozının' territoriyası[72] .

1828-jılı K.G.Zelman ja'riyalag'an a'psanalarda Ha'kim atanın' A'miwda'ryanın' to'mensinde Aralg'a jaqın jerde. «Baqırg'an» atlı elatta du'nyag'a kelgenligi h'a'm onın' usı jerde jerlengenligi aytıladı. Ha'tteki sol waqıtları Ha'kim ata mazarına Za'n'gi atadan kelgen Seyid Ata (Seyid Axmed) isimli shayıq adamnın' g'amxorlıq qılıp otırg'anlıg'ı h'aqqında mag'lıwmatlar ushırasadı. Qubla Aral boyların mongollar jawlap alg'an da'wirlerde qırıq jıl

---

[71] Esbergenov. X       Sol jerde
[72] Xojaniyazov.G Yusupov.O Sol jerde 28-bet

dawamında, Ha'kim ata mazarı A'miwda'rya suwı asıtnda qalıp ketken. (Bortold)[73]

Ha'kim ata h'a'm onın' qoyımshılıg'ı h'aqqında derekler son'g'ı da'wirlerde de ushırasadı. Ma'selen XVII, XVIII, XIX a'sirlerdegi qaraqalapaqlardın' a'tnikalıq jaylasıwı h'aqqındag'ı ja'riyalang'an ilimiy kartalarda Ha'kim ata Qon'ırat penen Moynaq aralıg'ında h'a'zirgi qoyımshılıq jaylasqan orında ko'rsetilgen.

1842-jılı Qon'ıratqa kelgen rus elishisi G.İ.Danilevskiy o'zinin' Ha'kim ata mazarında bolg'anlıg'ın, onın' qaptalında bir neshshe qara u'yli (qaraqalpaq) xojalıqlardın' bar ekenligin jazadı[74] .

İlimiy dereklerde Ha'kim atanın' tiykarg'ı atı Sulayman Baqırg'aniy. Ol Xoja Axmed Yassawiy medresesin tamamlag'an, onın' da'slepki sha'kirtlerinen. O'zinin' ustazının' poa'ziyalıq da'stu'rlerin dawam etiwshi u'lken shayır adam bolg'an. Onın' «Baqırg'an kitabı» XIX a'sirde bir neshe ret basılg'an. 1848 h'a'm 1898 jılları Qazan qalasında jarıq ko'rgen Sulayman Baqırg'aniydin' u'lgileri tiykarında 1991-jılı Tashkentte «Ëzuvchi» baspasında «Baqırg'an kitabı» basıp shıg'arılg'an.

Qon'ırat qalasının' arqa ta'repinde 23 shaqırım qashıqlıqta pu'tkil turkiy xalıqlar arasında Ha'kim ata laqabı menen belgili bolg'an ullı shayıq, ataqlı tasawwıpshı shayır Xoja Sulayman Baqırg'aniy maqbarası xalqımız ushın teberik zıyarat ornı bar.

Totalitar du'zim u'stemligi da'wirinde ol diniy mistikalıq, reaktsiyashıl ideologiyanın' wa'kili sıpatında ja'riyalanıp , shıg'armaları xalıqqa jat dep esaplandı.

1991-jılı Tashkentte Sulayman Baqırg'aniydin' «Boqirg'on kitobi» degen atamada shıg'armaları, al onın' o'mirine baylanıslı 11 ra'wiyat, a'psana ja'mlengen «Ha'kim ata kitobi» (belgili shıg'ıstanıwshısı K.G.Zelman ta'repinen) 1898 jılı İmperator ilimler akademiyasında shıg'arılg'an basılım

[73] Bartold V.V \Sedeniya OB Aralsk om more i nizovyax Amudari soch .tom 3 M. 1865. s 23-84.
[74] Xojaniyazov.G Osupov.O sol jerde 31-bet

tiykarında baspag'a tayarlag'an h'a'm so'z bası jazg'an A'shpulat jabbarov, Xojamurod Jabbarov 1993-jılı Qarshıdan «Nasaf» baspasında basılıp shıqtı.

«Ha'kim ata» kitabındag'ı h'a'm xalıq arasındag'ı taralg'an ra'wiyat, a'psanalardı o'z-ara salıstırıp ko'rilgende onsha ko'p ayırmashılıq ushıramaydı, kerisinshe olar bir-birin tolıqtıradı.

Ha'kim ata Xoja Sulayman Baqırg'aniydin' shamalawları menen bolsada o'mir bayanın tiklew ushın Nawayı (1441-1501) nın' «Nawayimul muxabbat» shıg'armasında jazg'anınday «Turkistan mu'lkinin' shayxul Mashayıg'ıdur. Maqamatı aliy mashxur ka'ramatı (matavaliy) tan'qalarlıq namaxsur shegarasız ermish...» dep ta'riplengen Xoja Axmet Yassawiydin' o'mir bayanına qısqasha toqtalıw ku'ta' za'ru'r.

Yassawiydin' qaytıs bolg'an jılı belgili 1166. Tuwılg'an jılı a'debiyatlarda h'a'r tu'rli ko'rsetilip kelinbekte.

Axmet Yassawiy 1110 jılı Buxarag'a barıp zamanının' ullı tasawwıpshısı Yusuf Hamadaniy (1048-1140) qolınan ta'rbiya aladı. Ol qaytıs bolg'annan keyin bir az g'ana waqıt ustazının' ornında «pirimurshid» bolıp turadı h'a'm bul wazıypanı Xoja Abdulxalıq G'ijdıwaniy (1103-1179) g'a tapsırıp Turkistang'a qaytadı.

Endi babamız Sulayman Baqırg'aniyg'a qaytayıq. Onın' qaytıs bolg'an jılı ilimiy a'debiyatlarda eki tu'rli jazılıp tur 1186, 1192. O'mirbayanın tiklew u'stinde son'g'ısı durısqa keletug'ınlıg'ına isenim payda ettik. Xalıq arasındag'ı ra'wiyatlarda aytılıwınsha Ha'kim ata Payg'ambar jasında yag'nıy 63 jasında qaytıs bolg'an. Demek tuwılg'an jılı 1129. On eki jasında Axmet Yassawiydin' qolına oqıwg'a barg'an, degen ra'wiyatqa tiykarlansaq, bul 1141 jılg'a tuwra keledi.

**MİZDAXQAN KOMPLEKSİ**. Mizdaxkan - bul qaraqalpaqstandag'ı en' u'lken en' eski qalalardın' biri. Xojeli teretoriyasında Orta Aziyag'a belgili tariyxıy arxeologiyalıq obektler qalanın' ku'n batıs ta'repinde «Nazlımxan sulıw» «Yusup ishan» biyikliklerinde antik da'wirinde payda bolg'an qorg'an qala h'a'm orta a'sirlerdegi esteliklerdin' qaldıqları saqlang'an. Olardın'

arasında Orta Aziyanın' a'yiemgi h'a'm orta a'sirler tariyxınan qosımsha mag'lıwmatlar beretug'ın ertedegi sol territoriyadag'ı xalıqlar, olardın' ma'deniy, a'tnik qatnasıqları, semya formaların anıqlawg'a ja'rdem beretug'ın qabristanlıqlar bar[wg']. Eki mın' jıldan aslam waqıttan berli Xojelishilerdin' o'li jerleytug'ın teberik ornı. Nazlımxan sulıw to'beliginde XVII-XIX a'sirlerde tiyisli o'legen maxbaralar h'a'm saxanalar jaylasqan. Olardın' qatarına Shamun nabiydin' balasının' maxbarası, Tursınxoja, Jeti batır, Sha Su'yin ishan saxanaları Abdireyim Shalaman h'a'm Ma'deminxan maxbaraları, Ernazar palwan biy Niyaz biy ulının' h'a'm Xojelinin' XIX-XX a'sirlerdin' baslarndag'ı h'a'kimleri Murtaza biy menen A'wezjan biylerdin' qa'birleri, Xojeli rayonı h'a'm qalasınan burın o'tken belgili aqsaqalları menen basshıları, puxaralarının' qa'birleri jatadı. Sonday-aq bul teberik orında belgili shayır qarmıs Dosanov h'a'm a'stradaqosıqshısı Zamiyra Xojanazarova jerlengen.

**YuSUP İYShAN .** XIX a'sirdin' ekinshi yarımı XX a'sirlerdegi Xojeli bekligindegi qoyımshılıq. Oraylıq orında Yusup ishan gu'mbezi jaylasqan. Ol Pirim ishannın' a'wladı. Yusup ishan 1916-jılı Xojelidegi «qız salıg'ı» boyınsha qozg'alan'g'a qatnasqanlıg'ı sebepli aqpatsha generalı menen Xiywa xanı ta'repinen darg'a asılg'an[74] .

**PİRİM XOJA İYShAN İBN QUTLI MUXAMMED XOJA.** Aral h'a'm Xorezm wa'layatında tariyxıy, siyasiy h'a'm ruwxıy islerde iz qaldırg'an. Xojeli qorg'an-qalasın bekkemlewde Pirim Xoja eli ulısına basshılıq etken. Aq patshanın' elishleri menen so'ylesiwler ju'rgizgenW. Pirim Xojanın' isimi 1741-1744 jıllardag'ı Orenburg shegara Komissiyasının' h'u'jjetlerinde ushırasadı. Pirim Xoja, atalıq da'wirinde Xojeli qalasında musılmanlardın' joqarg'ı oqıw ornı bolg'an medrese qurılg'an. Onın' qa'biri medrese qaptalında jaylasqan.

Rus xudojnigi h'a'm jazıwshısı N.N. Karazin (1874) Xojelige kelip, «Xojelidegi, bazar» kartinasın sızadı. Onda a'jayıp ko'rinislerdi, meshit h'a'm mavzoleylerdi su'wretke saladı. Ol Xojelinin' sawda orınlarının' ko'rinisine tan' qalıp, «A'miwda'rya» boyındag'ı «Venetsiya» dep bah'alaydı. Karazin salg'an

---

[74] “.Xojaniyazov O.Yusupov sol jerde.

«Pirim ishan medresesi h’a’m Mavzoleyi» 1811 jılı salıng’anı h’aqqında Xorezm tariyxshısı Bayaniy o’z miynetinde sa’wlelendirgen. A’miwda’rya ilimiy a’kspeditsiyasının’ ag’zası kapitan Zubovta «Xojelide jalg’ız ana aytarlıqtay arxitekturanın’ qurılısı bar, ol da tas gerbishten o’rilgen». Peremıshan dep eske aladı[75] .

Ha’zir bul teberik orında jan’a juma meshit tiklenip musılmanlarg’a xızmet etip atır.

Pu’tkil musılman du’nyasında orta h’a’m joqarı ta’lim beriwdin’ da’rgayı medreseler bolg’an (arab feyilinen «daraga» - u’yretiw). Orta Aziyada medrese h’aqqındag’ı en’ da’slepki mag’lıwmatlar X a’sirge tiyisli.

İlimpazlardın’ pikiri boyınsha Qaraqalpaqstan territoriyasında orta a’sirlerde ko’plegen medreseler bolg’an. Mısal retinde ilim h’a’m bilimlendiriw orayı Qıyattı aytıwg’a boladı. Sonday-aq en’ a’iyemgi medreselerge ilimpazlardın’ pikirinshe Xojeli rayonındag’ı (XI-XIII a’s) Xalifa Erejep h’a’m Qon’ırat rayonındag’ı (XV-XVII a’s) Dawkesken medreseleri kirgen.

Ayırım alımlardın’ pikirinshe Shoraxan awılında Kalendardag’lı medresesi bolıp, bul jerde o’z zamanında belgili qıssaxan Muwsa baqsı oqıg’an[76] . Ol jergilikli xalıq arasında Nawayı, Fizuliydin’ h’a’m tag’ı basqa dastan h’a’m poemaların oqıg’an. Yag’nıy basqasha aytqanda medresede alg’an bilimin xalıqtın’ paydası ushın jumsag’an.

Xiywa xanlıg’ının’ Rossiya menen baylanıslı xanlıqtın’ arqa ta’repinde jaylasqan Qon’ırat qalası arqalı o’tetug’ın edi. Sonlıqtan da Qon’ırat ekonomikalıq h’a’m ma’deniy orayg’a aylanadı. Sonday-aq Qon’ırat, siyasiy funktsiyanı atqaratug’ın Aral iyeliklerinin’ orayı bolg’an. Jazba dereklerge qarag’anda Qaraqalpaqstannın’ shep jag’alılıg’ında da medreseler ushırasadı. V.İ.Massalskiydin’ mag’lıwmatı boyınsha Xojeli qalasında 5 meshit h’a’m 1 medrese bolg’an[77] . Xojelidegi bir medrese h’aqqında A.Kun o’zinin’ «Xiywadan Gazavatqa shekem» degen statyasında jazıp o’tedi. Xojelide tariyxta

[75] O.Yusupov «Qaraqalpaqstandag’ı tariyxıy estelikler» A’miyda’rya 1983 ¹ 7 110 bet
[76] Xojaniyazov G, Yusupov O. Ukazannoe soch 48 bet.
[77] Massalskiy v.İ. «Turkstanskiy kray» Rossiya. T. XIX SP b. 1913 g, s 756

belgili Prim ishan medresesi bolıp, ol Xojeli qorg'anı qurılısına u'lken u'les qosqan edi[78] . G.İ Danilevskiy mag'lıwmatı boyınsha XIX a'sirdиң 40 jıl Mang'ıt qalasında bir мedrese bolg'an[79]. Ha'zirgi Qon'ırat rayonınan territoriyasında Elmurat axun medresesi bolıp, ol jerde belgili qaraqalpaq shayırı A'jiniyaz ta'lim alg'an edi. Sonday-aq U'stirtte Chelida da'ryası janında to'beshik biykshiliginde jaylasqan Bektursun medresesi h'aqqında  da eslep o'tiledi. Barlıq medreseler, meshitler sıyaqlı waqım iyeliklerinin' da'ramatları esabınan ta'miynlenetug'ın edi.

**Dawkesken meshit-medreseler.** Qon'ırat qalasında h'a'm Qon'ırat rayonının' territoriyasında, sonın' ishinde U'stirttede meshit-medireseler bolg'an. Solardın' biri «Daukesken» meshit-medresesi, XV-XVII a'sir. Ol Ustirttin' tuslik shıg'ıs shetinde ornalasqan Dawkesken qalasında jaylasqan. Dawkesken qalasının' sırtqı qorg'anının' paqsaları taslardan qalang'an. Qalanın' minaraları qam gerbishten o'rilgen. Qorg'an a'tirapı teren' or menen qorshalg'an. Qorg'annın' ishinde taslardan salıng'an, biraq qulag'an orta a'sirlerdegi qurılıslar ko'p qalanın' irgesi h'a'm da'slepki paqsaları a'yyemgi da'wirlerde salınsa da S.P.Tolstov pikirinshe qala XVI-XVII a'sirlerde de jasag'an. XVI-XVIII a'sirlerde batıs Xorezm knyazının' bas orayı Dawkesken edi.[80]

Qalanın' ortasında meshit-medrese ornalasqan. G.A.Pugachenkovanın' pikirinshe bul estelik mavzoley. XV a'sirde salıng'an.[81] Bul estelik O'zRİAQQB tariyx, arxeologiya, etnografiya institutının' basshılıg'ında 1985-jılı 21-dekabrde izertlenip su'wreti sızılmaları alındı. Esteliktin' qurılısı, ko'lemi ishinin' bos bolıwı bul mavzoley emes, meshit-medrese bolg'anın korsetedi. Esteliktin' to'rt mu'yeshi a'lemnin' to'rt ta'repine bag'darlar 24,25x25x4 sm ko'lemdegi pisken gerbishlerden o'rilgen. Paqsanın' biyikligi 5 metr. Onnan keyin gu'mbez baslanıp onın' biyikligi 6 m, paksanın' eni 60 sm. Esteliktin' irgesi 40x30x10 sm tas taxtayshalarda qalang'an.

[78] Xojaniyazov G. Yusupov O. Ukazannoe soch. s 49
[79] Danilevskiy G.İ. Ukazannoe soch. s 1851, 208
[80] Tolstov S.P. Po sledam drevnexorezmskoy tsivilizatsii. M., 1948, str. 52-53.
[81] Polevıe issledovanie xorezmskoy ekspeditsii v 1958-1961 gg. M-1963. str. 127

Arqa shıg'ıs mu'yeshtegi minardın' ishinen meshit medresenin' to'besine shıg'ıp azan aytatug'ın 19 basqıshlıq za'n'gi bar. Onın' qapısı sırtta. Meshit-medresenin' aldında eski juwan seksewil, og'an h'a'r tu'rli ren'degi shuberekler baylanıp qıstırılg'an.[82]

**EShİM AXUN.** Eshim - axun meshit - medresesi h'a'zirgi Qanlıko'l rayonı territoriyasında jaylasqan. Eshim axunnın' atı qazaqlar arasında jaqsı belgili edi. Ko'p jıllar dawamında Eshim axun olar arasında jasap, sonın' ushında qazaqlar og'an arnap medrese qurdırg'an. (Ha'zir bul orında Eshim axun qoyımshılıg'ı jaylasqan).

Eshim axunnın' shejiresi Qaratawdan baslanadı, onın' balası Aqtaw - ulı Altay - onın' balaAsı Ajibay qozı - onın' balası Eshim axun - onın' ulları: Ubaydulla, Abdireim, Abdiraman, Abdixalıq. Ubaydulla ishannın' - Abdimalik, Karamatdin, Srajatdin, Tametdin, Baxiy degen ulları bolg'an. Eshim axun 32 jıl dawamında medresede ta'lim, beriw menen shug'ıllanıp kelgen . Berilgen mag'lıwmatlarg'a qarag'anda Eshim axun 1820 j tuwılg'an h'a'm XX a'sirdin' basında qaytıs boladı. Onın' medresesi o'zinin' qa'biri jaylasqan jerde edi. Eshim axun Xiywadag'ı xan medresesinde h'a'm Buxaradag'ı Mirarab medreselerinde oqıg'an. Bulardan basqa Eshim axun medresesinde 500 molladan aslam oqıtılg'an eken . Onın' sha'kirtlerinin' biri Sultanmurat axun Eshim axunnın' oqıwınan son' Xiywa medresesine kiredi. (Onın' balası Abdireim maqsım, -ulı Rymbay usta, balaları h'a'm aqlıqları bar.) Eshim axun XX a's basl qaytıs boladı. (bazı-bir versiyalarda 1907 j, basqa birinde 1911-1912jj).

**TAS MEDRESE.** Tas medrese qurılısınan jıl sa'neleri h'aqqında tu'rli mag'lıwmatlar ushırasadı. N.Karazin pikirinshe ol XVIII a's aqırında molla Xojaniyaz ta'repinen qurılg'an[83].

Medrese pisken gerbishten salıng'an qurılıs ko'rinisine iye bolıp, yarım ta'rizli gumbezleri bolg'an. Bunnan basqa «Tas medresesin» qurılısı sa'nelerine

---

[82] Esbergenov X. Qon'ırat tariyxıy h'a'm ma'deniy estelikleri. No'kis 1993. 75-bet
[83] Qarlıbaev M. Medrese v Karakalpakiy XIX-nachala XX vekov Nukus 2002 s 30.

tiyisli arxiv mag'lıwmatlar da ushırasadı. Bir boljawlarg'a qarag'anda Tas medrese 1841 jılı qurılg'an bolıwı mu'mkin.

Polkovnik Danilevskiydin' jazıp qaldırg'an h'u'jjetlerinde Qıpshaq qalasının' baslıg'ı Xojaniyaz biy eknligi aytıladı[84] .

Ko'pshilik medreselerdin' ashılıwı iyshan atları menen baylanıslı boladı. İyshanlar qaraqalpaqlar arasında en' joqarg'ı ruwxanıy shaxsı bolg'an. O'lgennen keyin beyishke tu'siw ushın murid bolıp o'zinin' piri - ruwxanıy basshısına iye bolıwı kerek bolg'an. Sonın' ushında iyshanlardın' iskerligi turmıstın' barlıq tarawları: ja'miyetlik - siyasiy, diniy, bilimlendiriw, meditsina tarawları menen baylanıslı bolıp kelgen. Olardın' ayrımları tek qaraqalpaq xalqı arasında emes, al onın' shegarasınan tıs jerlerde de belgili edi.

XVIII-XIX a's en' belgili ishanları bolıp jantemir ishan, İmam ishan, Qaraqum iyshan, Aymuxammed ishan, Abdusattar ishan h'a'm tag'ı basqa esaplanadı. h'a'zirgi ku'nge shekem xalıq arasında olar h'aqqında a'psanalar ushırasadı.

**İMAM İShAN.** Berilgen mag'lıwmatlarg'a su'yenetug'ın bolsaq İmam ishan yamasa İmam Muxammed ishan Qayıpnazar biydin' ulı bolg'an. Qayıpnazar biy XVIII a'sirde qaraqalpaqlardın' bir neshe qa'wimlerine Sırda'rya Tu'rkistannan ko'shiw waqıtlarında basshılıq etken. Qaraqalpaqlardın' bul bo'legi jergilikli Miskin awılında toqtaydı h'a'm bul jerlerde İmam Muxammed du'nyag'a keledi. Buxarada bilim alıp ol u'yine qaytadı, biraqta Shoqtorang'ıl awılında toqtaydı. To'legen biy degen adam İmam ishan atlı ulamanın' kelgenin esitip, og'an qonaq bolıp keledi h'a'm de İmam ishannan o'zinin' awılına ko'ship o'tiwdi soranadı. Bunın' ushın biy İmam ishang'a arnap medrese qurdırtadı, h'a'm bul ishan jaslardı musılman ilimlerine u'yretiw menen shug'ıllanıp qalg'an o'mirin sol jerde o'tkeredi.

İmam ishannın' shejiresi Tu'rkistanda jasag'an Janaydardan baslanadı. Janaydardan h'a'zirgi ku'nge shekem 13 a'wlad (ata) o'tken: Janaydar atalıq - balası Minaydar atalıq - onın' ulı Qurbangeldi biy - onın' ulı Sauindik baxadur

[84] Danilevskiy G.İ. Opisanie Xivinskogo xanstva. 1851 c 105

(a'skerbasshı bolg'an) - balası Shamen baxadur - balası Qaypnazar biy - ulı İmam ishan - onın' ulı İbaydulla ishan - ulı Sadriddin ishan - onın' ulı Sipatdin ishan - onın' balası Mamıraddin maqsım - ulı Baxawaddin maqsım - onın' balası Temirlan[85]. İmam ishannın' segiz ulı bolg'an. En' u'lken balası Ataulla ishan edi. İmam ishannın' genea-logiyasında ko'rilip turg'anınday ol o'zinin' a'wladında en' 1-shi din wa'kili bolg'an edi. İmam ishannın' jasag'an waqıtları, o'mir turmısı h'aqqında h'a'zirgi ku'nleri mag'lıwmat beriwshilerdin' tek g'ana qısqasha bayanlawları sonday-aq bir qatar jazba derekler arqalı biliwge boladı. Ma'selen onın' 1851 jılı h'u'jjetlerde «İmam ishannın'» yamasa «İmam ishan adamları» degen atamada zaknat to'lewden azat etilgenlerdin' diziminde eslep o'tiledi. Mag'lıwmatlarg'a qarag'anda İmam ishannın' qaytıs bolg'an jılı «abdshad» jıl esaplawı boyınsha «g'ariban» jılına tuwra keledi. Bizlerdin' bul xijriy jılınan 1252 jılı yag'nıy 1835/1836 jıları.[86]

Usı mag'lıwmatlarg'a tiykarlana otırıp İmam ishannın' jasap do'retiwshilik etken jolları XVIII-XIX a'sir birinshi yarımına tuwra keledi.

**ATAULLA İShAN.** Ataulla ishannın' ismi xalıq arasında ken'nen belgili. Ol qaraqalpaq xalqının' tariyxında Qum o'zek awılında (Kegeyli rayonı.). iri diniy - bilimlendiriw orayına tiykar salıwshı sıpatında aytarlıqtay iz qaldırg'an. Bul oray İshan - qala atı menen belgili bolıp, turaq jay h'a'm diniy bilim beriw orınlarınan quralg'an kompleks ko'riniske iye h'a'mde ılaydan diywallar menen qorshalg'an. Bul diywal qaldıqları h'a'zirgi ku'nge shekem saqlang'an.

Ataulla ishannın' jasag'an o'mir jılların ayırım avtorlar 1801-1877 jılları dep belgileydi[87] .

A'kesinin' o'liminen son' Ataulla ishan (xijriy 1252 j) o'z u'yin taslap ketedi. A'kesi jasag'an Kran - Taw jerin taslap ketiwinin' ma'nisi İmam ishannın' ullarına Qurbanazar ishannın' o'kpesi tiykarg'ı sebep bolg'an. Qurbanazar ishan İmam ishan menen birge Buxarada bilim alıp oqıg'an edi. Sonıqtan da İmam ishannın' namazına og'an waqtında xabar berilmey ol onın'

---

[85] İnformator Mamıraddin maksım dala jazıwları N 1 2001 j.
[86] Qarlıbaev M. Medrese v Karakalpakkiy XIX nachala XX vekov Nukus 2002 s 34.
[87] Usenov E. İshan qala "ayrı jurttag'ı qaraqalpaqlar. No'kis 1992 j. 28 bet.

ballarına o’z o’kpesin bildiredi. Qurbanazar ishannın’ patiyasın alıw ushın Ataulla ishan onın’ izinen ketedi. Aq patiyasın alg’annan son’ Ataulla ishan u’yine qaytpay Qum-o’zek awılında toqtaydı. Bul jerde ol o’zinin’ en’ birinshi yarım jer to’le tu’rindegi meshitin quradı.[88]

Ataulla ishannın’ da 8 ulı bolg’an:

1. Burxan maqsım, Shabbaz (h’a’zirgi Beruniy rayon) jasag’an.

2. Muxiddin axun - ishan. Ol Ataulla ishannın’ u’lkeni, izbasarı retinde Qum - O’zekte qaladı h’a’m de İshan - qala u’lken qurılıs islerine basshılıq etedi. (Onan ulları: Muxiddin onın’ ulları Na’jim ishan, Alauitdin maqsım, Karim ishan - onın’ ulı Abdireim maqsım - ulı Berdibay - balası İslambek, mektepte oqıwdı).

3. Baxauddin ishan. Onın’, ulları İniyat ishan h’a’m tariyxta xan maqsım atı menen belgili Ubaydulla maqsım ulları bolg’an.

4. Muiynatdin maqsım. Onın’ balları Reyim maqsım h’a’m Sarım maqsım. Sarim maqsımnın’ Aytan maqsım h’a’m Ospan maqsım atlı ulları bolg’an. Aytannan - Tursınbay Aytanov (marxum, belgili ilimpaz - pedagog, ko’p jıllar No’kis vuzlarında islegen). Ospan maqsımnın’ ulı Saparbay - (informator) - qızı Sapura - onın’ qızı Raziya.

5. Kalilullax axui. onnan İsmayıl ishan - ulı Ju’giniss maqsım.

6. Xabibulla maqAsım. Onın’ balası Gaybulla maqsım (onı ayrım waqıtları ishan dep ataydı) - onın’ ulı Sag’idulla maqsım (Ha’zirgi waqıtta Shımbay rayonı «Taza jol» xojalıg’ının’ basshısı) - onın’ balası Baxıtjan (nach. Kk otd M. İ. D Uzb)

7. Qazı ishan - erte ishan bolıp, o’mirin u’ylenbey o’tkeredi. 8. Kalan maqsım. Onın’, balları Sadsh maqsım h’a’m Shıraz maqsım. Shırazdan - Jumatay, Qutıbay, O’tebaylar tuwıladı

Ataulla ishannın’ ko’pshilik balları İshan - qala qurılısında qatnasıp o’zlerinin’ u’lesin a’kesinin’ baslag’an isine qosqan. Ma’selen ishan meshit qurg’an, Baxawatdin maqsım «qorg’an paqsa» salg’an. Keyin - ala bul jerler

[88] Qarlıbaev M. Dala jazıwları N4 2002 jıl.

A'miwda'ryanın' to'mengi jag'alıg'ında Qaraqum ishan menen bir qatarda en' iri diniy - bilimlendiriw oraylrg'a aylanadı. Arxiv dereklerde medresede xızmet islewshi xızmetkerler h'aqqında mag'lıwmatlar ushırasadı. Bular mudarris (oqıtıwshı), muazzim (azan - oqıwshı), farrash, sartarash h'a'm taxaratxana xızmetkeri. Waqım daramatları medrese xızmetkerlerin, studentlerdi ta'miynlewge h'a'm de medrese remontına jumsalg'an. Ta'lim, u'sh kursta alıp barılg'an: ala (u'lken, joqarg'ı), ausad (orta) h'a'm adia (kishi). olar bir-birinen oqıtıw predmetleri arqalı ajıralıp turg'an. Kurslardın' atı arqalı h'a'r birinde qanday sabaqlıqlar u'yretilgenin biliwge boladı.

Ha'zirgi waqıtta İmam ishan a'wladı - Mamıraddin maqsımdı saqlanıp kiyatırg'an Ataulla ishannın' jeke tamg'ası u'yrenilgen.

Bul tamg'ada «Xalifa Ataulla İbn İmam Muxammed İshan marxumiy» dep jazılıp xijriy . 1261 jılı (1844-1845 jılları) dep jıl sa'neleri berilgen.

**QARA QUM.** XIX a'sir Qaraqalpaqstanda sufizmnin' iri wa'killerinin' biri. Qutlı Xoja ishan edi. Ol h'aqqında xalıq arasında h'a'r tu'rli a'psanalar aytıladı. Olardın' birinde, joqarıda atap o'tilgen İmam ishan, Buxaradan oqıwınan qaytıp kiyatırıp, sho'plikler arasınan jılap atırg'an na'resteni tawıp aladı. Onın' qasındag'ı joldasları Muxammed Sharif ishan h'.b. bul na'resteni saqlap alıwdı ma'sla'h'a't etedi h'a'm de og'an Qutlı Xoja - xojeyn, baxıt iyesi (qut-baxıt, xoja - xojeyn, iyesi) dep at oyadı. Bul jerde Qutlı Xoja ishan İmam ishannın' o'gey balası ekenligi h'aqqında aytıladı[90] . Al, basqa mag'lıwmatlar boyınsha Qutlı Xojanın' a'kesi İmam ishannın' o'gey balası ekenligin aytıladı.[89] Ja'ne bir basqa versiyalarda Qutlı Xoja ishannın' a'kesi Mambetnazar Tu'rkistandag'ı X.Yassaviy meshit-medresesinde dasturxanshı bolg'an eken. Qaraqalapqlar Jan'ada'ryadan ko'shken waqtında Mambeinazar Ustu'rt janındag'ı Jem awılında qonıs bosadı. Bul jerlerde onın' qa'biri de jaylasqan[91] .

[90] Usınov E. Ukazannoe sochinenie s 6
[89] Sol jerde
[91] O'z SSR İ.A. Qaraqalpaqstan bo'limi til h'a'm a'debiyat institutı tariyx h'a'm etnografiyalıq ekspeditsiyası dala jazıwları, jıynag'an Shalekenov U t.i.k. 1961 j. Xojeli h'a'm Go'ne Urgennch rayonlarınan 22 bet dala jazıwı N 8.

Jıynalg'an mag'lıwmatlarg'a qarag'anda Qutlı Xoja ishannın' a'kesi Alaberdi Aziz balg'alı - Qon'ıratlar ishinde imamı bolg'an. Olardın' biyi Arzıqul edi. Qutlı Xojanın' h'aqıyqıy atı basqasha bolg'an. An'ızlarg'a qarag'anda, a'kesi balası menen qonaqqa Arzıqul biydin' u'yine keledi. Biydin' balası awırıw boladı. Arzıqul balasının' ta'wir bolıp, İmamnın' balası menen oynap atırg'anın ko'rip qaladı. Bul waqıyadan keyin biy İmamnın' balasın Qutlı Xoja (baxıt keltiriwshi) dep atay baslaydı.

Jaqında ilimpazlar ta'repinen awızsha mag'lıwmatlardı tastıyıqlaytug'ın bir qatar jazba derekler anıqlandı. Qutlı Xoja ishannın' shejiresinde onın' ata-babalarının' h'a'm a'wladlarının' atları berilgen. Ol to'mendegishe: Abulxayr shayx - onın' balası Molla Xayr shayx, -ulı Molla Suylash shayx - balası Tan'atar shayx - balası Men'li shayx - onın' balası Abbas shayx, -ulı Abdulmubarek shayx -ulı Muxammed Salix axun, -ulı Aziz - onın' Azizberdi - onın' balası, Qutlı shayx onın' balası Sirajaddin ishan - onın' ulı İdris ishan - onın' balası Raxmatulla - qızı - aqlıq shawlıqları.[92]

Azizdin' u'sh balası bolıp, ekinshisinin' atı Raxmanberdi al onın' balasının' atı Allaberdi edi.

Qutlı Xoja ishan mektepten keyin İmam ishan qolında ta'lim alıp h'a'm onın' jollaması menen Muxammed Sherip ishannın' (xalıq arasında Masherip ishan yamasa Nog'aylı ishan dep aytıladı) mu'ridi bolıp Jan'a Urgenish janındag'ı Chekke awılına jiberiledi. Qutlı Xoja ishannın' h'a'zirgi a'wladlarında onın' Naqshıbandiya sufilik ordenine kiretug'ınlıg'ın tastıyıqlaytug'ın «nisbatnamai xojagon - Naxıshbandiya» h'u'jjeti saqlanbaqta. Sonday-aq Qutlı Xoja ishannın' h'a'm onın' a'wladlarının' jeke tamg'aları izertlengen edi. Tabılg'an 11 tamg'alar arasında ekewi Qutlı Xoja ishang'a tiyisli bolg'an.[93] Olardın' birewi 8-grannin ko'rinisine iye, al ekinshisi oval ta'rizli mıs plastinna edi. Birinshi tamg'a xijriy 1269 jılı (1852-1853 j ) al ekinshisi xijriy jılı 1284 (1867-1868) jıllar menen belgilenedi. Eski pechatlarda

[92] İdrisov A. Qaraqum ishanlarının' genealogiyasına tiyisli jazba deregi Vestnik. O'z R İ.A. Qaraqalpaqstan bo'limi No'kis 1999, №7 - 55 bet.
[93] Qarlıbaev M. Medrese v Karakalpaki XIX-nachala XX vekov. Nukus 2002 g s 39

ruchkasız h’a’m «kutlug Xoja ishan kafk bil mautiuozan» jazıwına iye. Qalg’an tamg’alar Srajaddin ishang’a (balası), İdris ishang’a (Qutlı Xoja aqlıg’ı) h’a’m tag’ı basqa ruwxanıy dinshi shaxslarg’a tiyisli. (jazıwlar to’mennen joqarı qatarg’a qarap oqılg’an):

1. Kafk bil - mauti uozan yya Siraj ad - Din; to’rt - mu’yesh formag’a iye, mu’yeshleri kesilgen tamg’a, razmerı 20 mm x 15 mm Rawayatlarg’a qarag’anda Qutlı Xoja ishan meshitlerdi bir neshe orınlarda qurdırg’an. En’ son’g’ı meshitti qumlı awılda saldırg’anlıqtan atı da Qaraqum ishan delinedi. Onın’ barlıq a’wlarları Qaraqum ishan atı menen atalg’an. Bul meshit XIX a’s ortasında salınıp, onın’ o’zi Xiywa xanlıg’ı patsha Rossiyası ta’repinen basıp alınıwınan 5 jıl aldın (1867 j) 80 jasında qaytıs boladı[94]. Demek onın’ tuwılg’an jılı 1787ılı edi. Qutlı Xoja ishannın’ 5 balası bolg’an, olardın’ barlıg’ı da ishan edi: Srajaddin ishan, Tamaddin ishan, Muxammed Aziz ishan, Ayd Muxammed ishan, Sayd Muxammed ishan. Son’g’ı ekewin xalıq arasında Qıytjan h’a’m Zaydjan dep ataydı. Muxammed Aziz h’a’m Qıytjan a’wladları shep jag’alıqta - Ko’kli-ko’k h’a’m Jin’ishke kanalının’ jag’asında qonıs basqan, jasaydı. Qutlı Xoja ishan ta’repinen tiykar salıng’an oray onın’ balalarının’ zamanında ju’da’ belgili h’a’m dan’qı shıg’adı. Bul jerge tek g’ana qaraqalpaq awıllarınan emes, al Turkmenistan h’a’m Qazaqstan da oqıwg’a kelip turg’anlar. Ma’selen, Arqa Qazaqstannan Shalqar sawdagerdin’ balası Qaraqum ishan medresesinde oqıg’anlıg’ı belgili edi. Alımlar ta’repinen oraydın’ sxeması islep shıg’ılıp, onda 300 den aslam h’a’r tu’rli xanalar bar edi: 2 medrese, kitapxana, meshit, studentler ushın xudira h’.t.b. Azıq awqat o’nimlerin jetistiretug’ın u’lken waqım jer territoriyası bolg’an. Bul jerde ishanlardın’ suwpıları g’ana emes, al studentlerde miynet etken. Waqım jerdin’ da’ramatınan meshit, medrese, studentler, olardın’ azıq-awqat tamag’ı, kitapxanalar ta’miyinlengen. Kitapxanag’a kitaplar du’nyasın h’a’r qıylı shetinen (Kazan, Tashkent, Turtsiya h’ t b) keltirilgen.[95]

---

[94] Esbergenov X dala jazıwları. № 21-22 1957.
[95] Esbergenov X sonda

Qaraqum ishan medresesi h’aqqında 1957 jıl mag’lıwmat berilip, ol 103 jıl aldın qurılg’an yag’nıy 1854 jılı (1957-103=1954) XIX a’sir ortalarına tuwra keledi. Sol da’wirde onda studentler ushın 30 xudjra bolıp, o’zinin’ kitapxanasına, darsxanasına h’.t.b. o’jirelerine iye bolg’an. XX a’s basında onın’ aqlıg’ı İdris ishan 18 xudjrag’a iye medrese menen ja’ne de ken’eytedi.[96]

Medreseni pitkerip Qutlı Xoja ishan İmam ishannın’ qızına u’ylenedi h’a’m de balalardı da’slep jer to’le-meshitte keyin meshit-medresede bilimge u’yrete baslaydı. Bul jer a’sirese onın’ balaları da’wirinde iri diniy orayg’a aylanadı. Bul medrese Bozataw rayonının’ «Qaraqalpaq» xojalıg’ı terrioriyasında jaylasqan. Bul medresenin’ kitapxanası kitaplarg’a ju’da’ bay edi. Bul h’aqqında o’z zamanında ilimnin’ ko’rnekli iskerleri İ.A. Baskakov, P.P İvanov h’tb. aytıp o’tedi[97] . Biraq usıg’an qaramastan ol saqlanıp qalınbag’an edi.

**AY MUXAMMED İYShAN.** XIX a’sir de Qaraqalpaqstanda ja’ne iri ishanlardın’ biri Ay Muxammed ishan edi. (Xalıq arasnda Ayımbet ishan, onın’ meshit - medresesi Shımbay rayonının’ «Shımbay» sovxozı territoriyasında jaylasqan). Onın’ shejiresi Jarekeyden baslanıp - onın’ balası Dosım - onın’ balası Maylıbay shayx - onın’ balası O’tewli - onın’ balası Berdimuxammed - ulı Ay Muxammed.

Ayımbet ishannın’ 8 balası bolg’an: Xojaniyaz ishan, Safa maqsım, İnayatulla ishan, To’re Muxammed ishan, Seyd Muxammed ishan, Amet axun, Abidulla axun - ishan, Xidayatulla ishan.

Ayımbet ishan qaraqalpaqlardın’ ma’njwli ruwınan edi. Ayımbet ishannın’ ata-babalarının’ ismi ishinde qaraqalpaqlardın’ siyasiy h’a’m ma’deniy turmısında a’h’myietli rol oynag’an tariyxıy shaxslardın’ atı atap o’tiledi. Mısal etip Asan - Qayg’ını atıwg’a boladı. Biraq bul mag’lıwmatlardın’ qanshelli durıs ekenligi belgisiz. Ha’ziprgi a’wladlardın’ qolında Ayımbet

---

[96] Esbergegnov X.E Dala jazıwları № 21-22 1957.
[97] Qarlıbaev M ko’rsetilgen kitap 41 bet.

ishannın' balası h'a'm aqlıg'ı Xojaniyaz ishan h'a'm Abdireym ishannın' jeke tamg'aları saqlanbaqta[98] .

Ayımbet ishannın' meshit - medresesinin' qurılg'an jıl-sa'neleri h'aqqında h'a'r tu'rli pikirler ushırasadı. Berilgen mg'lıwmatlarg'a qarag'anda meshit - medresenin' qurılısına Qaymaq bay ullı bolg'annan keyin, ol Ayımbet ishannan o'zinin' atın qoyıwdı o'tinish etedi. Ayımbet ishan na'resteni aq pa'tiyasın berip, og'an o'zinin' ismin qoyadı. Keyin ala bul na'reste XIX a's aqırında - XX a's baslang'an en' belgili ishanlardın' birine aylanadı h'a'm onın' ustazı qaraqalpaqlardın' ırg'aqlı ruwınan - Absetter ishan edi. Qaymaq baydın' balası Ayımbet ishannın' meshit - medresesi Taxtako'pir rayonı territoriyasında jaylasqan.

Muptilla maqsımnın' bergen mag'lıwmatı boyınsha Ayımbet ishannın' jasap o'tken jılları XVIII a'sir aqırında XIX a's 1 yarımına tuwra keledi. (Qaymaq baydın' balası Ayımbet ishan o'zinin' meshit - mederesesin 1880 jıl shamasında qurdırg'an) . Mag'lıwmatqa qarag'anda bul medresede 70 jıl ta'lim berlip h'a'm de 70 jıl medrese jabılıp qaladı. (Sov. vi 70 jıl 1928 jıl baslap Qaraqalpaqstanda meshit h'a'm medreseler jabıladı, 1997 - 1970=1927. Yag'nıy medresenin' qurılısı XIX a'sir ortalarına tuwra keledi. Medresede en' son'g'ı oqıtıwshı mudarris To're Muxammed ishannın' balası - Maxtum axun edi[99] .

**ABDİQADİR İShAN.** Ha'zirgi ku'nde bul medrese xalıq arasında Muxammed Sherip axun medresesi atı menen ko'birek belgili. Ol Abdusattar axunnın' aqlıg'ı bolıp, onı xalıqta Mambetsherip axun dep ataladı. Mambetsherip medresenin' en' son'g'ı basshılarının' biri bolg'anlıqtan, medrese qurdırg'an adamnın' atı menen emes, al Mambetsherip axun atı menen atalıp ketken. Mambetsherip axun 18 jıl dawamında Xiywa medresesinde Xiywa xanının' balaları menen oqıp ta'lim alg'an. Medreseni pitkergennen keyin o'z ata-babalarının' medresesinde oqıtıwshılıq etedi.

Mag'lıwmatlarg'a qarag'anda medrese babaları Erkebay h'a'm Mırzabay ta'repinen Turkistannan ko'shiw waqıtlarında qurılg'an. Qurılg'an waqıttan berli

[98] Sol jerde 44 bet.
[99] Qarlıbaev M. Sol jerde 44 bet.

jeti a'wlad o'tken: Erkebay roli, onın' balası Abdusattar ishan, onın' balası Adixalıq ishan onın' balası, Mambetsherip axun, onın' ulı Sadıq maqsım, onın' balası O'mirbek h'a'm onın' balası Nuraddin.

Egerde h'a'r bir a'wladqa 25 jas beriletug'ın bolsa, medresenin' qurılg'an jılların XIX a'sir bası - birinshi sheregine tuwra keledi[100] .

Medrese u'sh imarattan turatug'ın kompleks ko'rinisine iye basıp, onda Joqarg'ı biyikliktegi meshit h'a'm To'mendegi meshit atlı eki medrese h'a'm de asxana jaylasqan.

To'mendegi meshit to'rtmu'yeshli imarat bolıp razmeri 15x16 m bolg'an. İmarattın' ortasında qubladan arqag'a qaray koridor salıng'an h'a'm shıg'ıs ta'repinen 5 xudira yag'nıy molla - studentlerdin' jasawı ushın arnalg'an xanalar jaylasqan. Koridordın' batıs ta'repinen 4 o'jire jaylasqan, olardın' birewi sabaq oqıtıwg'a arnalg'an - darsxana, kitapxana h'a'm de axunnın' o'zi jasaytug'ın bo'lmelerden ibarat edi.

Joqarı biyikliktegi meshit de kvadrat ta'rizli, razmerı 19x22 m bolg'an imarat h'a'm de bastırmalı h'a'wli ishinde jaylasqan 20 bo'lmeden turadı. Darisxana h'a'm kitapxana medresenin' tu'slik ta'repinde jaylasqan. Mag'lıwmatlar boyınsha Joqarg'ı biyikliktegi meshit To'mendegi meshitke qarag'anda keynirek salıng'an[101] . Medrese - meshittin' qurılısna baylanıslı a'psanalarlar ushırasadı. Qosbawlı bay degen adam xalıq arasında belgili Abdiqadir degen ishang'a barıp, o'zin qaraqshılardı aldag'anı ushın unamlı ekenligin moyınlaydı. Qaraqshılar Qosbawlı baydan altın talap etken waqtında, ol altınların bar baylıg'ı bir jerge jasırıp qoyıp, onda altın joq ekenligin aytqan. Ol qaraqshılardı aldag'anı ushın qıynalıp atırg'an edi. Abdiqadir ishan og'an sadaqa tarqatıwdı ma'sla'h'a't etedi. Sonda bay o'z baylıg'ı esabınan medrese - meshit qurıwdı oylaydı. Abdiqadir ishan bul pikirdi quwatlaydı, biraqta sha'rt qoyadı yag'nıy meshit salıp atırg'an qurılısshılardı azıq-awqat h'. t. b. menen bay emes, al ishannın' o'zi ta'miyinleymen deydi. İmarattın' qurılısı ushın olar qumlı to'beshiktegi biyiklikti tan'lap aladı h'a'm sonnan onın' atı Joqarg'ı

[100] Qarlıbaev M Dala jazıwları № 41 1994 jıl.
[101] Qarlıbaev M. medrese Karakalpaki XIX nachala XX vekov Nukus 2002 g s 45.

biyiklikte meshit - to'beshiktegi meshit dep ataladı. Medrese - meshit qurıp pitkerilgennen keyin bay ishannın' aq patiyasın aladı. Medrese Qarao'zek rayonının' «Qarako'l» xojalıg'ı territoriyasında jaylasqan. Medresenin' imaratları bir - birinen 50-60 m qashıqlıqta jaylasıp, olar arasında asxana jaylasqan. Joqarg'ı biyikliktegi meshit To'mendegi meshittin' arqa ta'repinde salıng'an.

# J U W M A Q L A W.

Ha’r bir insan shıg’ıs xalıqlarına ta’n o’zinin’ shıg’ısın, ata-babalarının’ kimler ekenligin, olardın’ teberik qa’birlerin biliwi, onı izindegilerge na’siyatlap qaldırıwı qarız h’a’m parız.

Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyanın’ 47-statyasında «’Puqaralar Qaraqalpaqstan xalqının’ tariyxıy, ruwxıy h’a’m ma’deniy miyrasların saqlawg’a minnetli. Ma’deniy estelikler ma’mleket ta’repinen qorg’aladı»- delingen.

Qaraqalpaqstan aymag’ında a’yyemgi tas a’sirinen baslap, h’a’zirgi ku’nge shekem saqlang’an tariyxıy h’a’m ma’deniy estelikler ko’plep saqlang’an. Olar qala, qorg’an qonıslıq, turaq jay, meshit-medrese, sıyınıw orınları, mazarstanlıq, da’stu’rlerge baylanıslı qurılıslar (oba, gu’mbez, qulpı tas, qoy tas, besik tas h’a’m t. b. ). Bul estelikler XX a’sir dawamında h’a’m h’a’zir de arxeolog alımlar ta’repinen izertlenip kelinbekte. U’stirt ken’isliginde h’a’m Aybu’yir ko’linin’ jag’asında jaylasqan qala, qonıslıq h’a’m qorg’anlarg’a' Dawkesken, Adaq, Qalalıq, Qorg’ansha, Ay ata, Balıqshı, Belewli, Bala a’wliye estelikleri jatadı. Bul esteliklerde a’yyemgi da’wirge tiyisli diniy qurılıslar menen birge orta a’sirlerge tiyisli h’a’m son’g’ı XVIII-XIX a’sirlerge tiyisli qurılıslar da jaylasqan. Olar gumbez, qulpı tas, qoy tas, besik tas, oba, meshit-medrese h’a’m tag’ı basqalar jatadı.

U’stirttegi meshit-medreselerge Dawkesken meshit-medresesi h’a’m Ay atadaqı qısqı, jazg’ı meshitler kiredi. Dawkesken qalasının’ ortasında meshit-medresesi ornalasqan. Meshit-medresenin’ aldında eski juwan seksewil, og’an h’a’r tu’rli iren’degi shu’berekler baylanıp qıstırılg’an, yag’nıy bul estelik orta a’sirlerde musılman qurılısları wazıypasın atqarg’an bolsa h’a’zirgi waqıtta zıyaratshılar sıyınatug’ın orıng’a aylang’an.

Sonday-aq qonıslıqlarda h’a’m qoyımshılıqlarda gu’mbezler ornalasqan bolıp, bul gu’mbezlerdin’ barlıg’ı to’rt mu’yeshi a’lemnin’ to’rt ta’repine qarag’an. Bunday etip isleniwinen maqset sawda jollarında qatnawshı

sawdagerler h’a’m jolawshılardın’ joldan adasıp qalmawı ushın islengen bolıwı mu’mkin.

Gu’mbez ishinde u’y buyımlarının’ shını sha’ynek, kese, qırıqlıq, mıltıq, ma’si-gewish, kiyim-kenshek, mıs quman, su’wretleri, sonday-aq sarı,ko’k, qızıl boyawlar menen boyalg’an nag’ıslar salıng’an. Bunday su’wretler Berdibek, Mambetniyaz, O’tkilbay gu’mbezlerinde ushırasadı.

U’stirt ken’isliginde bunday gu’mbez salıwshı Dawletniyaz, Mambetniyaz, O’tkilbay usag’an sheber ustalar jetilisip shıqqan. Bul ustalar o’zlerine o’zleri gu’mbez salmag’an. Tek g’ana O’tkilbay gu’mbezi o’zi ta’repinen salıng’an. Jergilikli xalıqlardın’ aytıwına qarag’anda o’zi salg’an estelikke jerleniwge bolmag’anlıqtan bul gu’mbezde h’ayal-qızlar denesi qoyılıp, jerlenip, O’tkilbaydın’ su’yegi sırtqa jaylastırılg’an.

Gu’mbezler menen bir qatarda marxumlardın’ qa’birlerine h’a’r qıylı estelik belgiler ornatılg’an. Jergilikli otırıqshı xalıq olardı qulpı tas, qoy tas, besik tas h’.t.b. tu’rlerge bo’ledi. Qulpı tas bul marxumnın’ atı, jo’ni, tuwılg’an h’a’m o’lgen jılları, urıwı jazılıp, tamg’ası salınıp tik boyına qoyılatug’ın estelik belgi bolg’an. Qaraqalpaqstan aymag’ında bunday qulpı taslar erte zamanlardan baslap ornatılg’an. Lekin bizin’ ku’nimizge shekem son’g’ı XVI-XIX a’sirlerde ornatılg’an qulpıtaslar saqlanıp jetken. Eski qulpı taslardı U’stirttegi qoyımshılıqlarda ushıratıwg’a boladı. Bul qulpıtaslarda h’a’r qıylı nag’ıslar, arba, oramaldı alqımnın’ astınan ushın qayırıp tartqan h’ayal-qızlardın’ suwreti, sonday-aq arab h’a’ribi menen jazılg’an jergilikli tildegi jazıwlar bar. Bunday belgiler Berdibek, Mambetniyaz gu’mbezlerinen anıqlang’an.

Qoyımshılılıqlar Orta Aziyanın’ basqa xalıqlarındag’ıday Qaraqalpaqstan puqaralarının’ ziyarat etiw ushın baratug’ın tiykarg’ı teberik muqaddes ornı. Qoyımshılıq elden awlaq biyiklikte ken’islik h’a’m qurg’aq jerde ornalasıp alıstan ko’rinip turg’an. Marh’umnın’ esteligi h’a’m onın’ ruwxı barh’aia izzet

h'urmet penen tilge alıng'an. A'wliyeni suw alıw bolmasa onın' o'rteniwi h'aqqında derekler joq derlik. Sebebi xalıq ol esteliklerdi ba'rh'ama qorg'ap,qa'sterlep kelgen. Ha'r bir marh'umnın' jatqan jerindegi topırag'ı torqa bolıwı ushın, olarg'a arnap h'a'r tu'rli estelikler salg'an. Ulama adamlar h'urmetlenip olardın' qa'biri u'stine Xiywa xanları ta'repinen maxbaralar tiklengen.

G'a'rezsizlik jıllarında elge belgili adamlardın' qa'biri u'stine estelikler ornatıwda Qaraqalpaqstan Respublikası «Estelik» Ja'miyetinin' qala h'a'm rayonlardag'ı bo'limleri o'zlerinin' ayrıqsha u'lesin qospaqta. Qaraqalpaqlardın' ataqlı shayır jazıwshıları, jırawları, belgili ja'miyetlik g'ayratkerler qa'biri u'stine bul ja'miyet ta'repinen estelik qullı tasları ornatıldı.

Ruwxıy miyraslarımız, g'a'rezsiz Respublikamızdın' milliy ideologiyalsın qa'liplestirip rawajlandırıwda, o'sip kiyatırg'an jas a'wladlarda ata-babalarımızdın' o'tmishine degen h'u'rmet etiw sezimlerin h'a'm su'yispenshiliklerin oyatıwda, Oraylıq Aziya ulıwma shıg'ıs xalıqlarının' o'tmishtegi ma'deniyatlarının' tuwısqanlıqta tamırların ashır beriwde, olardı bir-birine jaqınlastırıwdın' jan'a basqıshların du'ziwde, xızmet etedi.

Juwmaqlap aytqanda Qaraqalpaqstanda XVIII-XIX a'sirlerge tiyisli diniy estelikler h'a'm olarg'a baylanıslı da'stu'rler saqlanıp qalg'an. Bul sıyınıw kompleksleri h'a'm qoyımshılıqlardag'ı jaylasqan estelikler atqaratug'ın xızmeti, arxitekturalıq qurılısı h'a'm geografiyalıq jaylasıwı birin-biri qaytalamaydı.

# PAYDALANILG’AN A’DEBİYaTLAR


1. İ.A. Karimov. Tarixi xotirasiz kelajak ywq. T. 1998.

2. Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Konstitutsiyası No’kis 1993

3. RO KKO ANRUz Osnovnıe a’tapı istorii karakalpakov na dannım narodnı pamyatnikov «Jivoy starinı» Rukolis A,A,Sonolova Turtkul 1933

4. Bijanov E. B., Vinogradov A. V. Neoliticheskie pamyatniki Karakalpakskogo Ustyurta. VKF. Nukus, 1965, №3

5. Bijanov E. B. Srednevekovaya krepost Davletgerey na Ustyurte.- VKF. Nukus, 1965, №4

6. Bijanov E. B. Neoliticheskaya stoyanka Churuk na Ustyurte. –SA’, 1965, №2

7. Bijanov E. B. Yugo-Vostochnıy Ustyurt. Nektorıe itogi i perspektıvı arxeologicheskie izucheniya. –VKF, 1970, №3

8. Bregel Yu.A’. «Dokumentı arxiva Xivinskix xanov po istorii i a’tnografiya karakalpakov M.» 1967

9. Gulyamov Ya. G. İstoriya i orosheniya Xorezma s drevneyshix vremen do nashix dney. Tashkent. 1957 g.

10. Esbergenov X. Namogilnıe kamni iz Keten- kalı i Mazlumkansulu s nadpisyami mutazilitskogo tolka. Vestnik Karakalpakskogo filiala AN UzSSR. 1976, №2 s. 75-81

11. Esbergenov X. Qon’ırat tariyxıy h’a’m ma’deniy estelikler. No’kis 1993-j.

12. Kamalov S.K, Qoshanov A.K. Qaraqalpaqstan tariyxı. No’kis 1993 j.

13. Qarlıbaev M. Medrese v Karakalpakii XIX-nachala XX vekov Nukus 2002

14. S.Kamalov «Qaraqalpaqlardın’ xalıq bolıp qa’liplesiwi h’a’m onın’ ma’mleketshiliginin’» tarixınan No’kis 2001

15. Kamalov S Karakalpakii v XVIII-XIX vekax Tashkent izd «Fan» 1968

16. Manılov Yu. P. Srednevekovıe xorezmskie pamyatniki vostochnogo chinka. –Sb. Drevnyaya i srednevekovaya kultura yugo-vostochnogo Ustyurta. Tashkent. 1978 g., s. 201-230

17. Materialı po istorii Karakalpakii i karakalpakov. 1935

18. Pugachenkova G. A. Materialı k istorii Xorezmskogo zodchestva. Materialı Xorezmskoy a'kspeditsii. Vıp. 7. M. 1963. s. 118-137

19. Yusupov N., Manılov Yu. P. İssledovaniya srednevekovıx gorodish Vostochnogo chinka Ustyurta. Sb. Arxeologiya Priaralya, vıp. IV, Tashkent 1990 g. s. 156

20. Steblyuk Yu. V. Pogrevalnıe soorujeniya Yujnogo Xorezma. XVIII-XIX vv. Materialı Xorezmskoy a'kspeditsii. Vıp. 7. M. 1963. s. 98-117

21. Xojaniyazov G', Yusupov O Murat shayıq h'a'm onın' maxbarası h'aqqında. «A'miwda'rya» 1990 ¹4

22. Xojaniyazov G'. Qaraqalpaqstandag'ı estelik - qa'birstanlar. No'kis 1992

23. Xojaniyazov G., O.Yusupov «Qaraqalpaqstandag'ı muxaddes orınlar». No'kis 1994.

24. Yusupov O. Qaraqalpaq xalqının' tariyxıy estelikleri «A'miwda'rya» 1983 ¹7

25. Yagodin V. N., Bijanov E. B. Arxeologicheskie rabotı na Ustyurte. – AO 1973 g. M., 1974

26. Yagodin V. N., Bijanov E. B., Mambetullaev M., Yusupov N. Razvedki na Ustyurte. – AO 1972 g. M. 1973

27. Yagodin V. N. Sokrovisha ischeznuvshix tsivilizatsii. Nukus, 1979, s. 33

28. Yagodin V.N, Xodjayov T.K. Nekropol drevnogo Mizdaxkana Tashkent 1970

29. Drevnyaya i srednevekovaya kultura yugo-vostochnogo Ustyurta. Tashkent «FAN» 1978

30. Xojaniyazov G., Xakimniyazov J. Gorodishe Davkesken-Vazir Nukus 1997

31. Knyajenska E. A. Sudba odnoy kartı. M. 1964 s.94-95

32. Grigorev V. V. O puteshestvii Gerbera v Xivu 1732 g. s. 46-47

33. Russov S. Putechestvie iz Orenburga v Xivu samarskogo kuptsa Rukavkina v 1753 g. Sbp 1840. s. 35

34. Rıchkov P. İtaliya Topografiya Orenburgskoy gubernii. ch. II. Sbp., 1762. s. 59-60

35. Pervıe russkie nauchnıe issledovaniya Ustyurta. M. 1963s. 102-103

37. Kileveyn E. Otrıvok iz puteshestviya v Xivu. ZRGO Kn. 1, Sbp., 1861. s. 967

38. Galkin M. N. A’tnograficheskie i istoricheskie materialı po Sredney Azii i Orenburgskomu krayu. Sbp. 1861.

39. Alixanov-Avarskiy M. Poxod v Xivu (Kazaxskie otryadov) 1873 g.

40. Petrusevich N. G. Predvaritelnıy otchet ob issledovaniya Daryalıka i Sarıkamıcheskoy kotlovinı.

41. Dopolnitelnıe svedenie o puti v Srednyuyu Azii ot zaliva Tsesarievicha po Ustyurtu i Amudare 1885 g. polkovnika Belyavskogo. s. 181-188

42. Nikitin S. N. Otchetı a’kspeditsı 1892 g. v Zauralskie stepi Uralskoy oblasti i Ustyurt. Sbp. 1893. s. 43-86.

43. Jukova L., Levteeva L. Dnevnik uchastnika a’kspeditsii 1899 g., zanimavsheysya izucheniem vozmojnosti prokladki jeleznodorojnoy linii Aleksandrov-Gay-Charjau. VKF. Nukus 1973. s. 80

44. Arxeologicheskie karta Kazaxstana. Alma-Ata. 1960. s. 190

45. Drevnyaya i Srednevekovaya kultura yugo-vostochnogo Ustyurta. Tashkent. 1978. s. 13

46. Tolstov S. P. Xorezmskaya arxeologo-a’tnograficheskie a’kspeditsiya AN SSSR v 1945-1948 gg. TXAA’A’ T. I. M. 1952. s. 10-11

47. Tolstov S. P. Xorezmskaya arxeologo-a'tnograficheskie a'kspeditsiya AN SSSR v 1947. M. 1948. s. 182-190

48. Basenov T. K. Arxitekturnıe pamyatniki v rayone Sam. Alma-Ata. 1947. s. 23-24

49. Tolstov S. P. Rabotı Xorezmskoy arxeologo-a'tnograficheskoy a'kspeditsii AN SSSR v 1954 g. SV. 1956. s. 18-19

50. Pugachenkova G. A. Materialı k istorii xorezmskogo zodchestva. MXA'. T. I. M. 1952. s. 125-137

51. Yagodin V. N. Marshrutnıe arxeologicheskie issledovaniya v levoberejnıy chasti Priaralskoy deltı Amu-Dari. MXA'. Vıp. 7. M., 1963. s. 90-96

52. Bijanov E. B. Arxeologicheskie pamyatniki Yugo-Vostochnogo Ustyurta. Avtoref. kann. Diss. Nukus 1967. s. 9-10

53. Bijanov E. B. Srednevekovaya krepost Davletgirey na Ustyurte. SA'. 1965. s.64-67